

MANGSA PÉNTAKOSTA  
2020

*Mili Sesarengan  
Kaliyan Roh Suci*



Mangsa Péntakosta 2020

Téma:

**(Mili Sesarengan Kaliyan Roh Suci)**

Kaimpun déning:

Lembaga Pembinaan dan Pengaderan

Sinode Gereja Kristen Jawa dan Gereja Kristen Indonesia  
Jawa Tengah

Telepon: 0274 514721

Website: lpps.or.id

e-mail: info@lpps.or.id

Kanggé nggantos cap-capan (dèrèng kalebet ongkos ngintun)  
saben buku Rp45.000,00

## ATUR SAPALA

Roh Suci maringi daya dhumateng umat kang g  nglampahi gesang ingkang kebak ing dhinamika. Tantangan jaman ingkang tansah  wah nuntut umat supados sami kendel lan kreatip angg nipun nanggapi tantanganing jaman. Saking geguletaning gesang ingkang kados mekaten, LPP Sinode GKJ lan GKI SW Jateng minangka unit saking Sinode kekalih ngajak sedaya pasamuwan wonten ing wewengkon Sinode kekalih supados samia ngraos-raosaken obah mosiking Roh Suci lumantar Mangsa P ntakosta 2020.

Lumantar jejer “Mili Sesarengan Kaliyan Roh Suci“ umat kaajab sageda ngraosaken kasegeran saking tuk il n-il naning Sang Roh. Supados kasegeran kasebat dipun raosaken, umat kasuwun supados samia mbikak manahipun. Manah ingkang tinarbuka ndadosaken umat badh  sami saged ngalami sabdaning Allah ingkang kalantaraken wonten ing pangibadah Minggu, Pakempalan Pandonga sarta kagiyatan-kagiyatan san sipun ing Mangsa P ntakosta punika.

Buku Panduan Mangsa P ntakosta 2020 punika saged mawujud kados mekaten awit pakaryan sesarengan antawisipun LPP Sinode, Bidang Pembinaan Warga Gereja Bapelsin XXVII GKJ, Departemen Pembangunan Gereja GKI SW Jateng, sarta kanca-kanca tunggil paladosan ing Magelang lan sakiwa tengenipun. Awit saking punika keparengna kawula ngaturaken agenging panuwun dhumateng:

1. Pdt. Maria Puspitasari (Bidang PW G Bapelsin XXVII GKJ)
2. Pdt. Rita Dwi Lestari (Departemen PG GKI SW Jateng)
3. Pdt. Kristian Yudhi Nugroho (GKJ Plengkung Magelang)
4. Pdt. Gledis Yunia Debora Angelita (GKJ Plengkung Magelang)
5. Pdt. Pujo Kristanto (GKJ Secang Magelang)

6. Pdt. Nunung Trihastomo (GKJ Muntilan)
7. Pdt. Chiko Kwit Lim (GKI Pahlawan Magelang)
8. Pdt. Eka Setiawan Tejo Kesmuma (GKI Pahlawan Magelang)
9. Pdt. Kristiani Santoso (GKI Muntilan)
10. Pdt. Hamzah Oei (GKI Diponegoro Magelang)

Atur panuwun ugi kaaturaken dhumateng Bp. Pdt. Em. Darsono Eko Noegroho (emeritus saking LPP Sinode), Ibu Pdt. Em. Wieddwissoelli M. Saleh (emeritus saking LPP Sinode), Bp. Pdt. Yusak Tri Darmanto (dosen Fakultas Teologi UKDW), saha Bp. Pdt. Tanto Kristiyono (GKJ Margoyudan Solo) ingkang sampun mbiyantu mertal bahan-bahan mangsa Péntakosta punika.

Kados adat sabenipun, wonten ing buku punika kacawisaken bahan pakempalan pandonga 10 cacahipun. Bahan kasebat kaajab saged kaginakaken kanggé ngraos-raosaken gesangng umat ingkang sami ngrantos rawuhipun Sang Roh Suci wonten ing riyadi Péntakosta. Pramila punika, bahan cacah 10 kasebat saged dipun ginakaken wiwit 10 dinten sakdèrèngipun riyaya Péntakosta utawi saksampunipun umat sami mahargya sumengkanipun Gusti Yésus dhateng swarga. Mbokbilih wonten pasamuwan ingkang nindakaken pakempalan pandonga mboten kanthi urut-urutan kados ing buku punika utawi mboten ngantos kaping 10. Sadaya punika kasumanggaaken dhumateng pasamuwan sapapan.

Kawula ngajab supados bahan-bahan ing buku punika saged dipun ginaaken saksaé-saénipun déning pasamuwan. Supados bahan-bahan kasebat saged dipun ginaaken kanthi maksimal, temtu kémawon pasamuwan kedah jeli anggènipop ngolah bahan-bahan kasebat miturut ing kabetahanipun piyambak-piyambak.

Saking LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jawa Tengah, kawula ndedonga kanggé pasamuwan sadaya supados sami sageda ngraos-raosaken daya pamulihan saha nyatunggilipin Sang Roh Suci. Wonten ing pandonga, kawula ugi ngajab supados gesangng pribadi, brayat, pasamuwan, lan masyarakat tansah kapenuhan ing tentrem rahayunipun Gusti Allah.

Sugeng lumebet saha ngraos-raosaken Mangsa Péntakosta. Gusti hamberkahi kita.

Ngayogyakarta, wiwitaning Maret 2020

Salam katresnan ing Sang Kristus,  
PPP LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng,  
Pdt. Wisnu Sapto Nugroho  
Pdt. Addi Soselia Patriabara  
Pdt. Murtini Hehanussa



## DHAPTOR ISI

- i Atur Sapala
- v Dhaptar Isi

### Bahan Khotbah

- 1. Minggu Paska VI,
- 7. Sumengkanipun Gusti Yésus,
- 15. Minggu Paska VII,
- 21. Riyaya Péntakosta,
- 27. Minggu Trinitas,

### Bahan Tata Pangabekti

- 33. Minggu Paska VI,
- 41. Sumengkanipun Gusti Yésus,
- 51. Minggu Paska VII,
- 61. Riyaya Péntakosta,
- 69. Minggu Trinitas,

### Bahan Panyuraos Kitab Suci Intergenerasional

- 77. Intergenerasional – Sumengkanipun Gusti Yésus
- 83. Intergenerasional – Péntakosta

### Bahan Panyuraos Kitab Suci

- 91. Adiyuswa – Sumengkanipun Gusti Yésus
- 97. Adiyuswa – Péntakosta

### Bahan Pakempalan Pandonga

- 105. Pakempalan Pandonga 1
- 113. Pakempalan Pandonga 2
- 121. Pakempalan Pandonga 3
- 127. Pakempalan Pandonga 4

- 133. Pakempalan Pandonga 5
- 141. Pakempalan Pandonga 6
- 147. Pakempalan Pandonga 7
- 153. Pakempalan Pandonga 8
- 159. Pakempalan Pandonga 9
- 165. Pakempalan Pandonga 10

# **BAHAN KHOTBAH**

*Minangka satunggaling bakalan, punapa  
ingkang kacawisaken ing buku punika prelu  
dipun olah malih jumbuh kaliyan  
kawontenanipun pasamuwan piyambak-  
piyambak*





**Bahan Khotbah  
Minggu Paska VI****Minggu, 17 Mei 2020**

Waosoan I: Lelakoné Para Rasul  
17:22-31

Tanggapan: Jabur Masmur 66:8-  
20

Waosoan II: 1 Pétrus 3:13-20

Waosoan Injil: Yohanes 14:15-21

**Ngilèkaken  
Katresnan****KHOTBAH JANGKEP****NGILÈKAKEN KATRESNAN**

Saben tumindak, mijil saking *motivasi* utawi krenteg ingkang pinanggih ing gesangipun satunggaling tiyang. Prakawis punika ugi kelampahan menawi kita badhé nindakaken kasaénan. Punapa krentegipun menawi kita nindakaken kasaénan? Gandhi ngandika bilih wonten kalih krenteg menawi tiyang nindakaken kasaénan.

1. Nindakaken kasaénan amargi ajrih.
2. Nindakaken kasaénan amargi tresna.

Kalih-kalihing krenteg punika nggadhahi daya pangaruh ageng dhateng tindak-tanduk nalika tiyang nindakaken kasaénan. Nalika satunggaling tiyang nindakaken kasaénan amargi raos ajrih, tiyang punika badhé nggadhahi tindak-tanduk dados satunggaling tiyang *oportunis* utawi tiyang ingkang namung pados sekécanipun piyambak. Tiyang *oportunis* (pados sekécanipun piyambak) punika nindakaken kasaénan dhateng tiyang-tiyang ingkang dipun-éringi. Kosokwangslipun, dhateng tiyang ingkang mboten dipun-éringi, tiyang punika badhé nindakaken punapa kémawon ingkang dipun remeni, kalebet nindhes sarta ngréméhaken. Tetembungan ingkang

dipun ginakaken kanggé nyebat tiyang ingkang nindakaken kasaénan amargi ajrih punika: “Nindakaken kasaénan amargi gadhah pamrih”. Kosokwangslipun, tiyang ingkang nindakaken kasaénan amargi tresna, tiyang punika badhé tansah nindakaken kasaénan dhateng sinten kémawon. Dhateng tiyang ingkang dipun anggep minangka pamimpinipun sarta dipun éringi, piyambakipun nindakaken kasaénan; dhateng rèh-rèhanipun, piyambakipun ugi tetep badhé nindakaken kasaénan. Dhateng tiyang ingkang nresnani gesangipun, piyambakipun nandukaken kasaénan. Dhateng tiyang ingkang mengSAHI gesangipun, piyambakipun ugi tetep nandukaken kasaénan. Tiyang ingkang kados makaten kasebat nindakaken kasaénan sanadyan ..... Sanadyan dipun-patrapi mboten saé, piyambakipun tetep nandukaken kasaénan.

Wonten ing seratipun dhateng tiyang-tiyang Kristen ingkang sumebar wonten ing Asia Alit, Rasul Pétrus ngandika makaten:

“Nanging sanadyan kowé kudu nandhang sangsara marga saka laku bener, kowé bakal rahayu. Mulané iku aja wedi marang apa kang padha diwedèni wong-wong mau, sarta aja nganti giris.” (1 Pétrus 3:14)

Pangandikanipun Rasul Pétrus punika katujokaken dhateng pasamuwan Kristen ing Asia Alit ingkang nalika samanten saweg sami ngalami panganiaya déning Kaisar Néro. Rasul Pétrus mituturi bab kanyataning gesang ingkang dipun alami déning tiyang Kristen. Bilih dados tiyang Kristen pilihanipun Allah makaten mboten ateges mboten badhé ngraosaken kasangsaran. Prakawis punika ugi dados wangsulan ugi kanggé tiyang kathah ingkang asring ngandika: “Menawi panjenengan dados tiyang Kristen, panjenengan badhé kasil, bingah, mboten badhé nandhang sangsara, mboten naté nandhang sakit lsp.” Seratipun Rasul Pétrus ngémutaken tiyang-tiyang Kristen nalika semanten punapadéné tiyang-tiyang Kristen wekdal samangké: bilih dados Kristen mboten ateges mboten naté ngraosaken kasisahan, kasangsaran, ngalami gagal, lsp. Dados tiyang Kristen makaten kalamangsanipun kapara dipun rèmèhaken, pikantuk patrap mboten adil, lsp.

Menawi makaten, punapa ingkang kedah dipun tindakaken déning tiyang Kristen ing satengahing kawontenan ingkang kados makaten punika? Rasul Pétrus ngandika makaten: “.... aja wedi marang apa kang padha diwedèni wong-wong mau, sarta aja nganti giris.” Aja wedi! Gampil dipun ngendikakaken, ananging angel dipun tindakaken, amargi raos ajrih punika prakawis ingkang gegayutan kaliyan watakipun manungsa. Sinten ingkang mboten ajrih menawi gesangipun dipun-ancam? Raos ajrih ingkang anteb sanget wonten ing gesangipun tiyang-tiyang Kristen ingkang dados golongan alit ing jamanipun Kaisar Néro, wekdal samangké ing Indonesia saged nuwuhanek: “*Syndrome minority complex*” (tandha-tandha wontenipun sesakit rumaos dados golongan alit). Raos ajrih sarta kapetek ingkang ndamel kita mboten saged nindakaken punapa-punapa, kepara sangsaya kakungkung. Tembung-tebung “aja wedi” ingkang dipun ngandikakaken déning Rasul Pétrus punika mujudaken timbalan kanggé tiyang Kristen supados wantun ngadhepi kanyataning gesang, awrata kadospunapa. Langkung saking punika malaha saged ngéwahi kawontenaning jiwa saking *syndrome minority complex* dados *Creative Minority* (golongan alit ingkang gadhah daya cipta). *Creative Minority* punika gesang ingkang migunani kanggé tiyang sanès, kados ingkang dipun ngendikakaken déning Pendhita Basuki Probowinoto, ingkang ngedegaken Universitas Kristen Satya Wacana Salatiga. Panjenenganipun ngandika makaten: Minangka tiyang Kristen ingkang gesang ing salebetung kawontenan minoritas (golongan alit ingkang kaanggep mboten penting) kita kedah mbekta daya kasaénan kanggé masyarakat. Kita mesthi dados berkah kanggé masyarakat. Berkah punapa ingkang saged dipun dum dhateng masyarakat, mirungganipun masyarakat ing Indonesia punika? Rasul Pétrus ngajak umat Kristen kados ingkang kaserat ing 1 Pétrus 3:15-17:

“Nanging padha nucèkna Kristus kayadéné Pangéran ana ing sajroning atimu! Sarta tansah padha sumadhiyaa awèh panjawab marang saben wong kang njaluk katrangan marang kowé bab pangarep-arep kang ana ing kowé, mung baé dikalawan alus lan andhap-asor, sarta kanthi nurani

kang suci, supaya wong kang padha mitenah marang kowé, marga tumindakmu kang becik ana ing Kristus, iku padha kawirangan marga saka pitenahé. Jalaran luwih becik nandhang sangsara marga tumindak becik, menawa iku dikarsakaké déning Allah, katimbang nandhang sangsara marga tumindak ala.”

Menawi kita tliti, wonten 3 prakawis ingkang baken ingkang kedah dipun tindakaken déning tiyang Kristen:

1. Nucèkaken Sang Kristus
2. Sumadhiya ngaturi panjawab menggahing gesang kita kanthi alus tuwin andhap-asor.
3. Tansah nandukaken kasaénan atetales katresnan sinaosa kedah nandhang sangsara amargi tumindak saé.

Wonten ing pamawas iman Kristen, tigang tumindak punika dipunlampahi déning tiyang Kristen minangka wujuding tumindak nulad dhateng Sang Kristus, ingkang sampun maringi tuladha ing bab punika. Nucèkaken Sang Kristus, atur panjawab menggahing gesang kanthi alus tuwin andhap-asor, sarta tansah nindakaken kasaénan sinaosa kedah nandhang sangsara, punika sadaya katindakaken mboten supados kita pikantuk kawilujengan ing Sang Kristus. Tigang tumindak punika dipunlampahi minangka tanggapan dhateng katresnanipun Sang Kristus ingkang ageng. Kedahipun tigang tumindak punika kita lampahi amargi katresnan kita ingkang ageng dhumateng Gusti Yésus.

Kita nresnani Gusti Yésus amargi kita ngalami lan ngraosaken katresnan Ipu. Pangalaman dipun tresnani déning Gusti Yésus ndadosaken kita sembada nindakaken punapa ingkang dipun ngendikakaken ing Injil Yohanes 14:21, “Sing sapa nduwèni sarta netepi pepakonku, iya iku kang tresna marang Aku...”

mBabar katresnan sanès padamelan ingkang gampil. Awit saking punika, dipun betahaken juru pitulung. Tembung-tembung “Juru Pitulung” (Yohanes 14:16) lan “Juru Panglipur” (Yohanes 14:26) mijil saking satunggal tembung ingkang sami

ing basa Yunani *Parakletos*, jarwanipun satunggaling tiyang ingkang dipun timbali kanggé mitulungi samangsa wonten karibedan. *Parakletos* mitulungi umat wonten ing salebetung karingkihanipun sarta maringi kasagedan kanggé nindakaken katresnan. Juru Pitulung punika (Roh Suci) mboten dipun paringaken dhateng sembarang tiyang. Juru Pitulung namung nunggil tiyang-tiyang ingkang wanuh lan pitados dhumateng Gusti Allah. Awit saking punika, dipun ngandikakaken bilih jagad mboten sumerep sarta mboten wanuh dhumateng Panjenenganipun. Kénging punapa makaten? Awit hakékatipun, Roh Suci punika Gusti Allah piyambak. Panjenenganipun mboten karsa meksa Sariranipun kanggé dedalem wonten ing manahipun saben manungsa. Panjenenganipun karsa dedalem wonten ing gesangipun saben tiyang ingkang pitados dhumateng Panjenenganipun. Roh Suci mbiyantu kita supados kita tansah setya dhumateng Sang Kristus. Kasetyan punika kababar lumantar gesang ing salebetung katresnan. Nalika pinanggih pepalang kathah tetep mbabaraken katresnan.

Salah satunggaling pepalang punika raos sengit. Gusti Yésus ngandika bilih jagad punika sengit dhateng Sang Kristus sarta dhateng para pandhèrèk-Ipun. Nalika jagad mulangaken bab sesengitan, murid-muridipun Gusti Yésus kasuwun tetep nresnani. Kanthi sumadhiya kapimpin déning Roh Suci, para muridipun Gusti Yésus dipun sembadani gesang ing salebetung katresnan sarta ngilèkaken katresnan dhateng sesami. Menawi kita mengani manah kapimpin déning Roh, kita badhé dipun sembadani gesang ing salebetung katresnan sarta ngilèkaken katresnan.

Ing Minggu Paska kaping enim punika, pangandikanipun Gusti paring piwulang dhateng kita kanggé ngraosaken katresnanipun Allah saha panuntunipun Roh Suci, supados kita saged ngilèkaken katresnan dhateng sesami. Kathah tiyang ingkang mbetahaken katresnan. Tiyang-tiyang ingkang gesang ing salebetung raos sengit, nepsu, kasepèn, kuwatos, mbetahaken katresnan. Tiyang-tiyang ingkang asring kasebat “wong-wong angèl” ing satunggaling paguyuban tuwin patunggilan

mbetahaken dipun aruh-aruhi déning katresnan. Tiyang-tiyang punika dados “wong-wong angèl” amargi naté menangi pengalaman “angèl” ing gesangipun. Kanthi ilining katresnan, tiyang-tiyang punika badhé ngalami katresnan. Pangalaman dipun tresnani badhé ndadosaken éwah-éwahan ing gesangipun. Sumangga samia ngraosaken ilining katresnanipun Gusti Allah, sarta ngilèkaken katresnanipun Allah punika dhateng sesami lumantar gesang kita. Amin.

[KS-DEN]



**Bahan Khotbah  
Sumengkanipun Gusti Yésus**

**Kemis, 21 Mèi 2020**

Waosan I: Lelakoné Para Rasul  
1:1-11

Tanggapan: Jabur Masmur 47

Waosan II: Éfesus 1:15-23

Waosan Injil: Lukas 24:44-53

**Cariyos ingkang  
Dèrèng Purna**



**KHOTBAH JANGKEP**

**CARIYOS INGKANG DÈRÈNG PURNA**

mBokmenawi kita naté menggalih, punapa taksih wonten kasaénan ta ing jagad punika? Ing satengahing kawontenan sangsaya kathahipun padudon, memengsahan, kadurakan ingkang ngambra-ambra, ngantos nuwuhaken raos kapencil sarta cubriya ing antawisipun tiyang satunggal kaliyan sanèsipun, kita mbokbilih rumaos mangu-mangu kanggé nampi kasaénan utawi nindakaken kasaénan.

Punika cariyosipun sopir travel ingkang ngraosaken kasaénaning manahipun satunggaling tiyang ingkang mboten dipun tepangi. Ing satunggaling wekdal, ing salebetipun nyambut damel, naté sopir travel punika ngalami kawontenan ingkang mboten saé. Nalika samanten mboten dipun kinten, konten wadhah barang wingking mbikak, njalari sawetawis tas saha koperipun tiyang ingkang nitih travel sami dhawah ing margi. Pak sopir travel mboten énggalngrumaosi prakawis punika kelampahan. Ingkang dipun mangertosi sopir travel, dumadakan piyambakipun ningali wonten satunggaling pitmontor mbekta bronjong (kranjang gilig kiwa-tengen) mlampahipun rikat sanget. Sopir pitmontor ingkang mbekta bronjong ngawé-awé mawi astanipun satunggal, sarta undang-

undang. Rumaos jubriya, mila sopir travel punika sangsaya rikat anggènipun nglampahaken montor-travelipun. Ananging jebul pitmontor ingkang mbekta bronjong punika mboten purun pasrah makaten kémawon. Pitmontor ingkang mbekta bronjong punika sangsaya rikat ngantos saged ngendhेग montor-travel. Sopir travel wusananiipun ngendhegaken montor-travelipun ing papan ingkang kathah priyantunipun. Sopir travel mboten purun kèndel ing papan ingkang sepen, ajrih menawi dados enering kadurakan. Nalika wusananiipun ngendhegaken montor-travelipun ing papan ingkang ramé, pak sopir travel sampun menggalih, “Yèn wantun néka-néka, adhepana wong akèh iki”. Nalika sopir pitmontor ingkang mbekta bronjong mandhap saking pitmontoripun, piyambakipun ngandika: “Pak, lawangé wadhah barang mbukak. Tas-tasé padha tiba. Iki tas-tasé tak gawaké.” Makaten aturipun sopir pitmontor sinambi nuding bronjongipun ingkang isi sawetawis tas. Pak sopir travel kagèt, piyambakipun mboten nginten bilih tetéla ingkang nyopir pitmontor mbekta bronjong punika sanès tiyang duraka ananging satunggaling tiyang ingkang dhemen tetulung. Kanthi raos sokur tuwin atur panuwun, pak sopir travel nampèni wangsl tas-tasipun tiyang ingkang nitih travel ingkang dhawah wau, sarta ngaturi arta minangka atur panuwunipun. Ananging, sopir pitmontor ingkang mbekta bronjong punika mboten purun nampèni arta peparingipun sopir travel, amargi punapa ingkang dipun tindakaken punika satunggaling kuwajiban ingkang kedah dipun tindakaken ing gesangipun. “Sabétiyang gesang kedah tulung-tinulung,” aturipun sopir pitmontor ingkang mbekta bronjong. Sopir travel punika mungkasi cariyosipun kanthi ngendika, “Sopir pitmontor punika mboten purun sumarah dhateng kawontenan. Mangka, anggènipun sopir pitmontor wiwit nguyak montor travel ngantos kecandhak punika tebih sanget. Piyambakipun nguyak kula teras kanggé mitulungi kula. Tetéla ing donya punika taksih wonten tiyang saé”.

Punika satunggaling cariyos kasaénan kanthi katulusan ingkang saged terus mbangun pangajeng-ajeng kanggé gesang kita sesarengan. Nalika kita nampi kasaénan tuwin katulusan,

kita lajeng dum malih kasaénan lan katulusan kados mekaten dhateng tiyang-tiyang sanès ingkang mbetahaken pitulungan, menawi ingkang kados mekaten, dipun terasaken pramila badhé dados cariyo sasaénan ingkang lumintu, mboten cuthel.

Sasampunipun Gusti Yésus sumengka dhateng swarga, cariyo-sariyo ngèngingi Gusti Yésus dèrèng paripurna. Sumengkanipun Gusti Yésus dhateng swarga kapara dados wiwitan ingkang nalesi pakaryanipun Gusti Yésus lumantar para murid-Ipun. Panyerat kitab Lelakoné Para Rasul mantepaken malih lelampaahaning wungunipun Gusti Yésus. Sasampunipun wungu, Gusti Yésus wongsal-wangsul ngatinggal. Panjenenganipun ngandika bab Kratoning Allah sarta kathah pratandha ingkang kaasta déning Gusti Yésus sadangunipun 40 dinten minangka bukti bilih Panjenenganipun sugeng.

Ing satunggaling wekdal, nalikanipun Gusti Yésus dhahar sesarengan kaliyan para murid, Panjenenganipun ngawisi para murid nilaraken Yérusalèm. Gusti Yésus ngersakaken para murid tetep manggèn ing Yérusalèm kanthi ancas nengga janjinipun Sang Rama ingkang dipun ngendikakaken Gusti Yésus makaten, "Kowé wus padha krungu saka Aku, menawa Yohanes iku anggoné mbaptis nganggo banyu, nanging ora suwé manèh kowé bakal padha kabaptis sarana Roh Suci." (Lelakoné Para Rasul 1:4-5; kcn. Mat. 3:11, Mrk. 1:8, Luk. 3:16, Yoh. 1:33). Pangandika punika nedahaken wonten bédanipun antawising baptisanipun Yohanes kaliyan baptisan ingkang kedah dipuntengga déning para murid. Baptisan sarana Roh Suci ingkang dipunkersakaken inggil punika daya ingkang asipat kados Gusti Allah ingkang nunggil punapadéné nggrengsengaken manungsa kanggé nindakaken pakaryanipun Gusti Allah (lelampaahan péntakosta). Gusti Yésus menggalih prelu nglairaken prakawis punika sadèrèngipun sumengka dhateng swarga, supados para murid mangertos bilih para murid punika mboten piyambakan.

Tanggapanipun para murid ngetingalaken punapa ingkang dados pangangen-angenipun para murid ugi pangangen-

angenipun tiyang kathah nalika semanten, inggih punika bab pulihipun kratonipun Israël. Para murid sami mundhut pirsa, punapa Gusti Yésus badhé mulihaken kraton tumrap Israël wekdal samangké? Sami kaliyan tiyang Israël sanèsipun, para murid ugi nengga pangluwaranipun bangsa Israël saking pamengkunipun bangsa Romawi, sarta madegipun malih kraton Israël kados nalika jamanipun Prabu Daud. Tumrap Gusti Yésus, bab wekdal ingkang badhé lumampah sarta punapa ingkang badhé kelampahan punika katamtuaniipun Allah Sang Rama piyambak manut pangwaosipun. mBoten prelu sami kuwatos dhateng bab-bab ingkang mboten kita kuwaosi. Bab lumampahing wekdal sarta lelampahan, punika wonten ing panguwaosipun Allah. Manut Gusti Yésus, ingkang utami punika Kratonipun Allah, sanès kraton Israël. Kratonipun Allah saged kababar wonten ing pundi kémawon, mboten dipun watesi déning wewekoning negari ingkang sampun gumathok. Awit kautaman ingkang wonten ing Kratonipun Allah kadosta karesnan, kaadilan, pamratobat, pangapunten, kasabaran, ngemudhèni dhiri, cumadhang ngorbanaken dhiri, lsp. Saged dipun uri-uri déning sinten kémawon sarta ing pundia papan. Kanggé nguri-uri lan ngrembakakaken kautaman ingkang wonten ing Kratonipun Allah, para murid badhé nampéni kasektèn. Prakawis punika dipun ngandikakaken ing Lukas 24:47-49. Nalika Roh Suci dipuntedhakaken dhateng para murid, tumuli para murid badhé kasagetaken dados seksinipun Gusti Yésus, ing Yérusalèm, ing Yudéa sarta Samaria, ngantos dumugi ing pungkasaning bumi. Tegesipun panguwaosipun Roh Suci badhé ngantri sarta ngatag para murid kanggé dados seksinipun Gusti Yésus. Punika pungkasnipun Gusti Yésus ngatinggal dhateng para murid. Sasampunipun punika, Gusti Yésus sinengkakaken dhateng swarga, lajeng mboten katingal, amargi kaaling-alinan méga. Panyelaning lelampahan sumengka déning priya kalih ingkang ngagem ageman pethak, ingkang jumeneng ing sacelakipun para murid, ngéwahi panyawangipun para murid, saking anggénipun tumenga ing langit. Priyo kalih punika ngèngetaken bilih Gusti Yésus ingkang sinengkakaken dhateng swarga nilar para murid punika, badhé rawuh malih. Mila para

murid lajeng kèndel anggènipun tumenga dhateng langit. Panjenenganipun badhé rawuh malih. mBoten prelu sami rumaos dipuntilar, mboten prelu rumaos kijénan. Amargi pakaryanipun Gusti Yésus kanggé jagad dèrèng purna. Raos ajrih lan mangu-mangu gantos dados pangajeng-ajeng dhateng prajanji tumedhakipun Roh Suci. Satunggaling prajanji ingkang dipunyakini saèstu, bilih Gusti Allah ingkang kuwaos mungokaken Gusti Yésus saking sédanipun sarta nyengkakaken Panjenenganipun dhateng swarga, ugi badhé maringi kasektèn dhateng para murid kanggé dados seksinipun Gusti Yésus.

Wonten 2 prakawis ingkang saged kita gatosaken:

- 1) Kratonipun Allah punika gesang ingkang katuntun déning Rohing Allah, ingkang ngener dhateng karsanipun Allah kanggé mbabar karesnan, kaadilan, pamratobat, pangapura, sabar, ngendhalèni dhiri, cumadhang ngorbanaken dhiri, lsp. punika dados tetales tumrap gesang padintenan. Kanthi tembung sanès, gesang padintenan kita kadhasaraken wonten ing kautaman ingkang wonten ing Kratoning Allah. Gesang padintenan ingkang dipun kemunah kanthi saé sayektosipun kawiwitan saking gesang katuntun déning Roh Suci. Wonten satunggaling rerangkèning tembung ingkang ngewrat kaleresan: "Anggèn panjenengan ngemunah bandha kadonyan, nélakaken gesang kasukman/karohanèn panjenengan." Wawasan rohani ngendhalèni dhiri, mbiyantu kita kanggé saged dipun ngecakaken tumindak ngendhalèni dhiri, kalebet mranata anggèn kita blanja sampun ngantos langkung ageng saking pamedal ingkang saged kita gayuh. Ananging, lagéhanipun tiyang gesang wekdal samangké kita saged ningali, kathahipun tiyang ingkang keblasuk wonten ing pepénginan nelas-nelasaken arta sambutan (*krédit*) kanggé tumbas barang-barang ingkang mboten patos kita betahaken, namung kanggé pamèr. Kathah tiyang ingkang nyawang gesangipun tiyang sanès plesir, jajan ing rèstoran ingkang mentèrèng, mangagem ageman utawi barang-barang mentèrèng, lajeng mboten sekedhik tiyang ingkang kepéncut

nggadhahi utawi nglampahi bab ingkang sami. Mangka pamedalipun mboten saged nyekapi. Jaman samangké wonten kémawon tiyang ingkang kajiret déning sambutan namung kanggé cara gesang mentèrèng. Wonten ugi tiyang ingkang ngalalaken sadaya cara utawi nyambut damel mboten jujur kanggé nggayuh gesang mentèrèng. Ananging mBoten makaten tumraping tiyang-tiyang ingkang gesangipun katuntun déning Roh Suci. Tiyang-tiyang punika badhé saged ngukur kesanggemaning gesangipun, saged ndamel pilihan utami ingkang leres wonten ing gesangipun, lan saged nyambut damel kanthi jujur.

- 2) Kita dipun timbali kanggé nerasaken kautaman ingkang wonten ing Kratonipun Allah dhateng tiyang sanès supados tiyang-tiyang punika mirsani sarta wanuh kaliyan katresnanipun Allah ingkang milujengaken. Kanggé saged dados tiyang ingkang nerasaken cariyos katresnanipun Allah ingkang milujengaken, mila kita prelu tansah gesang, ngraosaken, saha wanuh dhateng katresnanipun Gusti Allah ingkang milujengaken. Sami kadosdéné sopir travel ingkang saben ngènget-ènget kasaénanipun sopir pitmontor ingkang mbekta bronjong, badhé rumaos caos sokur sarta ngyakini bilih taksih wonten tiyang saé ing jagad punika. Mila sopir travel punika badhé mbudidaya males kasaénan punika kanthi nindakaken kabecikan dhateng tiyang sanès. Makaten ugi ingkang dipun tindakaken déning para muridipun Gusti Yésus. Para murid punika mboten kendhat-kendhat anggènipun mandeng dhateng Sang Kristus, kanthi ngènget-ènget sarta ngraosaken wigatosing kasangsaran, séda, lan wungunipun Gusti Yésus. Mandeng dhateng Sang Kristus, para murid émut dhateng pamratobat lan sih-pangapuntening Allah ingkang kacawisaken kanggé sadaya bangsa.  
Punapa panjenengan mandeng dhateng Sang Kristus? Pengalamaning gesang kita nélakaken bilih tiyang sanès asring nguciwakaken gesang kita, Sisihan, tiyang sepuh, para laré, sadhèrèk-sadhèrèk saged nguciwakaken sanget. Makaten ugi tangga tepalih, kanca tunggil damel, kanca ing pasamuwan, malah saged kelampahan pendhita kita saged

nguciwakaken kita. Ing salebetipun kita kuciwa, sumangga kula aturi mandeng Sang Kristus. Ananging kita prelu émut, bilih mandeng dhateng Sang Kristus mboten minangka wujud panyingkur kita saking anggèn kita kegelan dhateng tiyang-tiyang ing sakiwatengen kita. Amargi kegelan, kita lajeng mutusaken bilih namung Gusti Allah piyambak ingkang mboten naté nguciwakaken. Lajeng kita tetep rumaos kuciwa, teras gesang ing salebetipun ngraosaken sakiting manah, sarta mboten pitados dhateng tiyang-tiyang ing sakiwatengen kita. Punika prakawis ingkang lepat. Mandeng dhateng Sang Kristus, kedahipun mbiyantu kita kanggé ngraosaken katresnanipun Allah ngantos kita saged gesang ing salebetung pamratobat sarta asung pangapura dhateng tiyang sanès. Kita saged mirsani kadospundi kautaman ingkang wonten ing Kratoning Allah dipun uri-uri sarta ngilhami tiyang sanès. Umpaminipun kadospundi satunggaling mara sepuh saged gesang sesarengan kaliyan putra mantu ingkang angèl. Kadospundi satunggaling anak mantu panggah gesang sesarengan kaliyan mara sepuh ingkang angèl. Tiyang-tiyang punika saged gesang sesarengan amargi sami mbudidaya mangertosi, wanuh, sarta wusaninanipun saged dados caket, rumaket, samidéné nresnani, nglangkungi raketipun kaliyan putranipun/ ibunipun piyambak. Kula nyipati kadospundi satunggaling ibu rumaos nglokro ngecakaken modhèl panggulawenthah kanggé putranipun, ingkang tetéla mboten selaras kaliyan modhèl panggulawenthah sémahipun. Menawi ibu ndhawuhi putranipun nindakaken A, semahipun ndhawuhi putranipun nindakaken B. Wonten ing raos kuciwanipun dhateng sémahipun, ibu kasebat saged panggah. Piyambakipun mbudidaya mbangun sesambutan kaliyan sémahipun, sarta sesarengan nyarujuki modhèl panggulawenthah ingkang dipun ugemi sesarengan kanggé nggulawenthah anakipun.

Taksih kathah cariyos-cariyos bab tiyang kecuwan sanèsipun ingkang saged kita panggihaken. Ananging

saking tuladha kalawau, kita sesarengan manggihaken kakiyatan ing satengahing raos kuciwa. Menawi tiyang-tiyang kalawau saged dumugi ing runtutaning tumindak ngrampungaken ingkang saé, kita ugi saged nggayuh prakawis ingkang sami. Kanthi wewaton kita mbudidaya lan tansah mandeng dhateng Sang Kristus.

Gusti Yésus sampun sumengka dhateng Swarga. Ananging cariyos pakaryaning katresnanipun Gusti Allah dhateng jagad dérèng purna. Panjenengan lan kula sampun dipun pitados kanggé nerasaken cariyos katresnanipun Gusti Allah dhateng tiyang sanès. Punika satunggaling cariyos ingkang mboten cekap dipunucapaken lumantar tetembungan kémawon. Ananging punika prelu dipunucapaken lumantar pratingkahing gesang kita. Supados katresnan tansah saged dipundum, supados saged maringi kakiyatan, mbangun pangajeng-ajeng tumrap gesang kita sesarengan. Amin.

[RDL-DEN]



## Khotbah Jangkep Minggu Paska VII

Minggu, 31 Mei 2020

WAOSAN KITAB SUCI:

Waosan I: Lelakané Para Rasul 1: 6-14

Tanggapan: Mazmur 68: 1-10, 32-35

Waosan II: 1 Pétrus 4: 12-14, 5: 6-11

Injil: Yohanes 17: 1-11

## AMBEGANING

## GESANG



### KHOTBAH JANGKEP

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, Punapa ing wekdal punika panjenengan taksih ambegan? Temtu! Awit menawi mboten ambegan, kita temtu mboten wonten ing ngriki! Ananging pitakènanipun, punapa ambegan ingkang kita darbèki punika namung sadremi ambegan sacara biologis (sacara wadhag) kémawon? Punapa wonten ing salebeting ambegan kita punika wonten pérangan/dhimènsining gesang langgeng?

Dinten samangké kita kaèngetaken bilih wonten péranganing gesang langgeng ingkang kedah kita gegesang amargi gesang punika mboten namung ngèngingi aktipitas/kagiyatan biologis (badan wadhag), ananging ugi aktipitas/kagiyatan batin/spiritual. Bab punika ngèngetaken kita tumrap kadospundi anggènipun Gusti nitahaken manungsa saha tumrap kasunyatanning gesang kita. Badan wadhag ingkang saking lebu punika sage dipun gesang amargi wontenipun ambeganing gesang ingkang kasebul déning Gusti (P. Dumadi 2:7). Nalika ambeganing gesang punika kapundhut wangsul déning Gusti Sang Akarya Jagad, ingkang kantun inggih namung badan wadhag ingkang mbujur kaken tanpa nyawa.

Para Sadhèrèk, aktipitas batin/spiritual kados mekaten kedahipun pikantuk kawigatosan ingkang mirungga utawi dipun pligèkaken wonten gesang manungsa supados manungsa sage nindakaken

gesang kanthi èstu-èstu. Inggih punika gesang ingkang sesambutan kaliyan Sang Kristus ingkang sampun dipunutus déning Allah Ingkang Akarya Jagad dados Gusti lan juru wilujeng kita.

Dados, sanadyanta gesang kita punika kebak ing kesibukan ingkang ngédap-édapi (kalebet kesibukan ing jagad maya/hapé) dalah ugi tuntutan amrih cekaping kabetahaning gesang ingkang mawarni-warni, sumangga kita tansah nindakaken pandonga kanthi èsti-èstu awit pandonga punika ambeganing gesang kita. Pandonga punika dados kekiyatán ingkang nyantosaaken kita supados saged nglampahi gesang sacara langkung aji. Pandonga dados *oase* utawi sumbering toya ingkang mboten badhé kasadan, ingkang badhé tansah nyegeraken gesang kita. Sanadyan wonten kathah reridhu ingkang saged ndadosaken kita kuciwa, nepsu lan tatu ing manah, ananging pandonga ndadosaken kita saged dipun pulihaken déning Gusti. Gesang saha paladosan kita ugi tansah kasegeraken déning Gusti lumantar sesambutan kita ingkang rumaket kaliyan Panjenenganipun. Dan Kimball ingkang nyerat buku asesirah “*The Emerging Church*” naté nyerat mekaten: “Ndedonga punika kados ambegan. Punika bab ingkang paling wigatos kanggé nyantosaaken gesang kita lan ndadosaken gesang kita wewah saha bagas saras.

Para Sadhèrèk,

Ananging wonten ing kasunyatanipun, kadhangkala pandonga namung dados satunggalan rutinitas ingkang garing utawi bab ingkang namung ajeg dipun tindakaken ananging karaos kosong mlompong. Pandonga namung awujud tembung-tembung ingkang karakit, ingkang medal saking lathi utawi dipun batos, tanpa raos-rinaos ingkang lebet. Pitakènanipun, menawi mekaten, lajeng punapa ingkang kedah kita tindakaken?

Waosan Kitab Suci dinten samangké ngajak kita supados kréatip sarta inopatip ing bab ndedonga satemah gesang pandonga kita tansah kasegeraken sarta ndadosaken kita tansah nggadahi pepénginan nindakaken pandonga.

**Sepisan**, kita dipun ajak ngunjukaken donga ingkang awujud pepujèn kados ingkang dipun tindakaken déning Sang Juru Masmur, contonipun ingkang kaserat ing Masmur 68 ing waosan kita dinten punika. Wonten ing ngriki kita kaèngetaken bilih pandonga punika mboten namun awujud tembung-tembung isi panyuwunan kémawon. Pandonga punika ugi isi pratélaning sesambetan kita kaliyan Gusti Allah. Wonten ing pandonga kita saged memuji-muji Gusti Allah kados ingkang katindakaken déning Sang Juru Masmur. Piyambakipun memuji-muji kamenanganipun Allah ingkang élok. Wonten ing seratan Masmuripun, Sang Juru Masmur ugi nélakaken punapa ingkang piyambakipun raos-raosaken sacara lebet ngènggingi pakaryanipun Allah ingkang wonten ing gesangcing umat. Piyambakipun ugi manggihaken bilih tiyang duraka punika temtu badhé katumpes. Ananging tiyang mursid badhé sami bingah-bingah, asumyak-sumyak gumbira lan sukarena wonten ing ngarsanipun Gusti Allah (ay. 3-4). Bilih Gusti tansah paring pitulungan saha pangayoman dhumateng tiyang ingkang mbetahaken (ay. 6-7). Bilih Gusti Allah ngganjar panguwaos lan kekiyatana dhumateng umatipun (ay. 36). Pramila punika Sang Juru Masmur ngajak dhumateng umat supados ngakeni panguwaos saha kaluhuranipun Gusti Allah.

Lumantar Juru Masmur kita ningali bilih pandonga ingkang awujud pepujèn punika mboten namung saged katindakaken sacara personal (piyambakan) ananging ugi sacara sesarengan. Pandonga ingkang kados mekaten ugi malah nggadhahi pangaribawa ingkang ngédap-édapi kanggé kathah tiyang awit manungsa punika gampil sanget niru lan ngambali tetembangan ingkang dipun tembangaken tiyang sanès, punapa malih menawi tembang punika dipun tembangaken makaping-kaping. Cobi panjenengan nembang satunggaling tembang, lajeng panjenengan ambali makaping-kaping. Kasilipun, tiyang sanès ingkang mirengaken mesthi lajeng nembangaken punapa ingkang panjenengan tembangaken, punapa malih menawi tembang punika sekèca dipun pirengaken.

Para Sadhèrèk,  
mbokbilih kita mboten saged damel tetembangan kados Sang Juru Masmur. Ananging, wonten kathah tetembangan ingkang saged mbiyantu kita ngalami sesambutan ingkang intim kaliyan Gusti. Sumangga sami migunakaken sarana punika supados kita saged nggegesang ambeganing gesang kita!

**Kaping kalih**, kita kaajak supados ndadosaken pandonga sesarengan nalika wonten ing geguletaning gesang minangka satunggaling padatan/kabiyasan. Bab punika kados ingkang dipun tindakaken déning pasamuwan wiwitan kados ingkang kacariyosaken wonten ing Lelakoné Para Rasul saha ing Serat 1 Petrus ingkang dados waosan kita ing dinten punika.

Wonten ing Lelakoné Para Rasul 1:6-14 kita ningali kadospundi para muridipun Gusti Yésus sami saiweg anggènipur mempeng ing pandonga (ay. 14). Punika dumados awit para murid sami nembé kémawon ngalami prastawa-prastawa ingkang ngédap-édapi tanpa kendhat. Prastawa ingkang ing saksisih ndadosaken sami kagoncang iman kapitadosanipun, ananging ing sisih sanès ugi ndadosaken sami saya nggadhahi greget sangsaya wanuh lan pitados dhumateng Sang Guru saha Gustinipun. Prastawa-prastawa kasebat inggih punika: prastawa sangsara lan sédanipun Sang Kristus ing kajeng salib, prastawa wungu saha anggènipur ngetingal dhateng para murid wongsal-wangsul sadangunipun kawan dasa dinten, ugi prastawa sumengkanipun Gusti Yésus dhateng swarga ingkang dipun seksèni déning para murid kanthi paningalipun piyambak.

Sadaya ingkang sampun dipun tingali lan alami sesarengan kaliyan Gusti Yésus sakdangunipun kirang langkung tigang taun rikala semanten kados-kados sapunika nembé dumugi ing titik pangendhepan. Dipun tambahi malih prasetyanipun Gusti Yésus bilih para murid badhé sami nampi panguwaos menawi Sang Roh Suci tumedhak, mekatena ugi pangutusan saking Gusti supados para murid samia dados seksinipun, ugi prastawa pepisahanipun kaliyan Gusti Yésus nalika sumengka

dhateng ing swarga saèstu ndadosaken para murid kejot lan sami saiye sangsaya mempeng ing pandonga.

Sacara sosiologis, para murid sesarengan kaliyan Maria keng ibunipun Gusti Yésus ndedonga sesarengan amargi sami nggadhahi kabetahan ingkang sami inggih punika ngupadi kekiyatlan lan pangretosan saksampunipun prastawa ingkang “awrat lan tanpa kendhat” ingkang dipun alami sesarengan. Tiyang-tiyang nalika semanten ugi kepéngin mangretos kanthi cetha punapa sejatosipun ingkang sampun kelampahan. Sadaya punika dipun upadi lumantar sarana ndedonga.

**Kaping tiga**, kita dipun ajak supados ndedonga kanthi pola kados ingkang dipun tindakaken déning Gusti Yésus. Wonten ing pandonganipun Gusti Yésus kita ningali wontenipun wawan pangandikan sacara pribadi sesambetan kaliyan jati dhiri saha sesambetanIpun kaliyan Sang Romo. Mekatena ugi ing ngriku wonten wawan pangandikan bab sesambetan ing antawisipun panjenengane - Allah Sang Romo - Gusti Yésus - para pandhèrèkipun. Pramila punika sumangga kita ugi ndadosaken pandonga kita minangka wawan atur sacara pibadi kaliyan Gusti. Ugi wawan atur pangraos-raos bab jati dhiri saha sesambetan kita kaliyan Gusti lan ugi kaliyan tiyang-tiyang ingkang dipun pitadosaken/ dipun titipaken Gusti dhateng kita.

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,  
Sumangga wonten ing Minggu Paska kaping pitu punika kita sesarengan sami nélakaken kasanggeman kita badhé èstu-èstu nglampahi aktipitas ndedonga minangka ambeganing gesang kita. Sampuna sami bosen-bosen kanggé tansah kreatip lan inopatip nglampahi saha ngembangaken aktipitas ndedonga kita. Kanthi mekaten kita badhé kasagedaken mujudaken gesang ingkang sejati awit ambeganing gesang kita ingkang saking Gusti, ingkang wonten ing dhiri kita punika tansah sinambet kaliyan Sang Peparing ambeganing gesang. Amin.

MH





## Bahan Khotbah Minggu Péntakosta

Minggu, 31 Mèi 2020

Waosan I: Wilangan 11:24-30

Tanggapan: Jabur Masmur  
104:24-35

Waosan II: Lelakoné Para Rasul  
2:1-21

Bacaan Injil: Yohanes 7:37-39

## Nampèni Ilèn- ilèning Toya Gesang saking Sang Roh



### KHOTBAH JANGKEP

#### NAMPÈNI ILÈN-ILÈNING TOYA GESANG SAKING SANG ROH

Kita asring mireng marupi-rupi caran kanggé ngibarataken kawontenaning gesang. Salah satunggaling cara ngibarataken kawontenaning gesang nyebataken bilih gesang punika ibarat satunggaling lampah ngumbara. Gambaran kawontenan ing gesang minangka caranipun nggamaraken, ngewrat teges bilih ing salebetipun nglampahi gesang, satunggaling tiyang dipungamaraken kadosdéné satunggaling musapir utawi tiyang ingkang lelana. Piyambakipun lumampah nurut margi-margining gesang. Nalika lumampah nurut margi-margi punika, piyambakipun pinanggih kaliyan marupi-rupi lelampahan. Kalamangsanipun lelampahan ingkang mbingahaken, kalamangsanipun nrenyuuhaken. Wonten wekdalipun anggadhai sangu ingkang lubèr, ananging ugi asring ngalami kakirangan. Urut-urutaning lampah ngumbaraning gesang saged kelampahan ndadosaken satunggaling musapir ngalami kasayahan. Kasayahan punika saged tumama ing badan, pangraos, malah ugi ing babagan karohanèn. Menawi kasayahan punika mboten dipuntanggulangi, pun musapir mboten kuwawi malih ngajengaken lampahipun.

Kawontenaning gesangipun manungsa ing jaman samangké mboten uwal saking mawarni-warni kasayahan. Kathah nyawa-nyawa ngalami kasayahan tuwin prelu dipunsegeraken. *Liputan 6.com (dipun waos dot com)* tanggal 3 Agustus 2019 kanthi methik saking *Brightside.com (dipun waos dot com)* nyebataken bilih wekdal samangké kathah tiyang ngalami kasayahan jiwanipun. Enem pratandhanipun kasayahaning jiwa, antawisipun:

- 1) Sayah sasampunipun tilem sedalu natas. Tilem kedahipun ndadosaken badan seger malih. Ananging kanggé tiyang ingkang jiwanipun sayah, nalika tangi tilem malah badan raosipun lungkrah.
- 2) Ngalamun lan nytingkur saking kasunyatan. Kasayahan punika ndadosaken satunggaling tiyang kados menggalihaken mangsa kapengker tuwin ajrih dhateng mangsa ingkang badhé kelampahan. Prakawis ingkang utami inggih punika menawi satunggaling tiyang mboten remen dhateng wekdal samangké, sarta nyobi mindhahaken kawigatosanipun kanthi sadaya cara ingkang sajakipun saged kelampahan.
- 3) Pangraosipun molah-malih. Kawontenan mboten marem, kasayahan, sarta kawontenan mboten preduli saged mangaribawani pangraos. Asring gampil duka, sanadyan namung kagepok déning satunggaling prakawis ingkang alit kémawon. Nangis utawi gumujeng tanpa alesan ugi dados salah satunggaling titikan nyawanipun sayah. Gesang karaos dados langkung angel. Langkung remen pados pasulayan katimbang ngudi nggayuh bedhamèn sarta pangertosan kaliyan tiyang sanès.
- 4) Nutupi kasedhikanipun. Kasayahaning nyawa ndadosaken satunggaling tiyang mboten purun ngwengani dhiri, kalebet dhumateng kasisahan ingkang dipunalamai. Nutupi kasisahan sangsaya murugaken nyawa langkung kamomotan.
- 5) Pepénginan kanggé umpetan saking tiyang sanès amargi rumaos pepanggihan mujudaken prakawis ingkang ngganggu-damel.
- 6) Menggalih awon. Kasayahing nyawa mberek satunggaling tiyang menggalih awon dhateng dhirinipun, sesami lan gesang ingkang dipunlampahi.

Nalikanipun Gusti Yésus wonten ing Yérusalèm kanggé mahargya Riyaya Tancebing Tarub, Panjenenganipun mirsani kawontenaning batosipun tiyang kathah ingkang sami ngrawuhi pahargyan Riyaya Tancebing Tarub punika. Tiyang kathah punika katingal sayah déning mawarni-warni kanyataning gesang padintenan. Sacara politik, tiyang kathah kalawau katindhes. Ing babagan pangandel (agami), tiyang kathah kalawau kadhesek déning marupi-rupi tata-cara panembah ingkang kaken, garing, sarta nguwaosi. Ugi ing babagan sanèsipun, saged kelampahan tiyang kathah kalawau gesang ing salebetipun pandheseking gesang padintenan ingkang damel sayah. Mirsani kasayahanipun tiyang kathah punika Gusti Yésus nawèni pandamel ingkang nyegeraken dhateng tiyang kathah wau. "Sing sapa ngelak, iku maranana Aku lan ngombéa!" (Yoh. 7:37). Ilining toya ingkang dipun tawèkaken Gusti Yésus punika Roh. Toya kaagem sacara pralambang ing Prajanjian Lami kanggé mralambangaken patrap ngresiki sarta patrap milujengaken. Wonten ing pahargyan Riyaya Tancebing Tarub, pralambanging patrap ngresiki punika dipunbabaraken. Ing pistan punika Gusti Yésus maringi teges énggal dhumateng toya inggih punika minangka ngicali raos ngelak. Kanthi makaten, toya dados srana ndamel pulih, ugi dados sumbering gesang. Tanpa toya, gesang sirna saking jagad punika. Pangajeng-ajengipun umat dhumateng toya kapenuhan wonten ing Sariranipun Gusti Yésus.

Anggènipun ngginakaken toya minangka basa pralambang pas sanget wonten ing kawontenanipun para tiyang ingkang maos Injil Yohanes. Amargi punika Gusti Yésus nyebat, "Sing sapa pracaya marang Aku iku kaya suraosé kitab: ana ing batiné bakal mili ilèn-ilèn banyu urip!" (Yoh. 7:28). Toya gesang saged nggadhahi teges "toya ingkang mili". Ing ngriku saged dipunparangi teges malih minangka "toya ingkang maringi gesang". Zakaria 14:8 nyebat bilih "toya gesang" badhé mili saking Yérusalèm. Yéhèzkièl 47:1 ngandika bilih toya punika mili saking sangandhaping undhaganipun korining Padaleman Suci. Gusti Yésus samangké nglairaken bilih toya punika badhé mili saking Sariranipun Gusti Yésus piyambak minangka

Padaleman Suci ingkang énggal (Yoh. 2:21). Sadaya tiyang ingkang ngelak dipuntimbali supados sowan dhateng Gusti Yésus. Saking saklebeting manahipun tiyang-tiyang ingkang sowan sarta ngunjuk dhumateng Gusti Yésus badhé mili ilèn-ièning toya gesang, awit saking punika toya ingkang dipungambaraken minangka Roh Suci saged dipunsukani teges makaten:

*Kapisan*, toya ingkang cuwèr ngisi godhagan/kamar ingkang kothong ing salebetung wadhab. Kadospunapaa kémawon wujuding wadhabipun, toya saged ngetutaken. Ing ngriki kita manggihaken satunggaling teges tumrap pakaryanipun Roh Suci. Roh Suci makarya manut kaliyan wadhab ingkang dipun isèni. Punika sababipun serat 1 Korintus 12 ngrembag bab marupi-rupining peparingipun Roh. Saking waosan 1 Korintus 12 punika kita sinau bilih makaryanipun Roh Suci mboten sami, mboten pikantuk sami, mboten kedah sami! Nama klèntu menawi tiyang sami nyamèkaken pakaryanipun Roh Suci.

*Kaping kalih*, toya ing ngriki mboten ateges toya ingkang kèndel. Ananging toya ingkang tansah ébah. Tembung Yunaninipun *hudatos*, ingkang ateges toya ingkang mili ing salebetung lèpèn. Ing ngriku wonten grengseng kanggé tumindak, wonten pandamel, wonten krenteg, wonten éwah-éwahan. Cirèning pandamelipun Roh Suci dhateng satunggaling tiyang kadosdéné toya. Wonten grengsenging tumindak, wonten krenteg, wonten pepénginan kanggé ngéwahi dhiri, ngantos dados sampurna sami kaliyan Sang Rama ing swarga.

Sadaya tiyang ingkang pitados dhumateng Gusti Yésus badhé nampèni Roh. Roh katedhakaken dhateng tiyang-tiyang ingkang pitados nalika Gusti Yésus kaluhuraken. Tiyang-tiyang kalawau badhé nimba toya gesang saking sumber ingkang mboten naté asat lan garing, tansah nampèni ilining toya gesang saking Roh kanggé gesang. Kanthi nampèni ilining toyaning gesang punika gesang badhé kasegeraken, dipun-

pulihaken, sarta gesang kalajengaken ing wekdal ingkang badhé dhateng kanthi kebak ing pangajeng-ajeng.

Punapa ingkang dipun tawèkaken déning Gusti Yésus punika kaparingaken dhateng kita ing wekdal samangké. Panjenenganipun pirsa bilih saben tiyang ngraosaken sayah sarta ngelak amargi awratipun nglampahi gesang padintenan. Kanggé saben tiyang ingkang purun sowan Panjenenganipun, badhé sami nampèni ilining toya gesang sarta ngunjuk toya punika. Tiyang-tiyang punika badhé dipun segeraken. Roh Suci saking Gusti Yésus dados sumbering kakiyatan kanggé umat wonten ing salebetipun ngenut lampahing gesang. Kanthi makaten, murid-murid ingkang ndhérèk Gusti Yésus mboten namung mangertos bab Panjenenganipun sarta ngriyayakaken Gusti Yésus secara tata panembah kémawon, ananging saged nglampahi gesang padintenan kanthi sadaya grengsenging panindak sarta taruning batosipun. Kakiyatanaing Roh maringi cara ingkang nyegeraken, maringi kakiyatan lan gesang. Awit saking punika, kula aturi ngwengani manah, ngwengani gesang panjenengan. Kersanipun ilining Roh punika ngebaki gesang kita. Sampun mangkotaken manah lan rumaos saged nanggulangi sadaya prakawis kanthi kesagetan kita piyambak. Réka daya ingkang ngwengani dhiri kita dhateng pakaryanipun Roh katindakaken kanthi anggénipun nyuwungaken badanipun piyambak sarta ngwengani dhiri kanggé dipuntehdaki déning pakaryanipun Roh. Anggénipun nyuwungaken badanipun piyambak sarta ngwengani dhiri dhateng pakaryanipun Roh mujudaken pratingkahing gesang ingkang andhap asor. Andhap asoring manah ibaratipun wadhabh ingkang kothong ingkang samekta nampèni ilèn-ilèning toya ingkang badhé mlebet dhateng manahipun. Wenganana manah panjenengan, dadosa anteng lan nyumanggakaken Roh Suci ingkang ndamel pulihing gesang. Amin.

[WSN-DEN]





**Bahan Khotbah****Minggu Trinitas****Minggu, 7 Juni 2020**

Bacaan I: Kejadian 1:1-2:4a

Tanggapan: Mazmur 8

Bacaan II: II Korintus 13:11-13

Bacaan Injil: Matius 28:16-20

**Tumut  
Mulihaken Titah  
Sesarengan  
Kaliyan Allah  
Tritunggal**

**KOTBAH JANGKEP**

**TUMUT MULIHAKEN TITAH,  
SESARENGAN KALIYAN ALLAH TRITUNGGAL**

Pasamuwan ingkang dipun tresnani déning Gusti Yésus Kristus. Data saking Kementerian Lingkungan Hidup dan Kehutanan ing taun 2015, wiyaripun wana ing Indonésia 128 yuta aré (*héktar*), ing taun 2017 susut dados 125,9 yuta aré. Kanthi makaten negari kita kécalan wana kirang langkung 1 yuta aré saben taunipun. Dèrèng malih wana ing negari-negari sanèsipun. Karisakaning jagad ingkang makaten rikatipun punika amargi tumindakipun manungsa. Sedaya punika kita raosaken sesarengan. Cuaca ingkang keladuk tumanduk ing gesang kita. Jagad ingkang sangsaya bentèr, bena, pasitèn jugrug, kabesminipun wana mujudaken angsal-angsalipun jagad ingkang sampun risak.

Mangka Gusti Allah nitahaken jagad kanthi kawontenan ingkang prayogi linuwih,

“Gusti Allah tumuli mirsani samubarang yeyasané, lan kabèh wus prayoga linuwih.....” (Kitab Purwaning Dumadi 1:31a).

Gusti Allah punika ingkang sampun makarya nitahaken bumi saisènipun, kalebet kita umat manungsa lumantar Sabdanipun. Panjenenganipun sampun nitahaken bumi saisènipun kanthi kawontenan prayogi linangkung. Bumi saisènipun dipunwontenaken kanggé manungsa ingkang tumunten katitahaken déning Allah. Manungsa ingkang katitahaken déning Allah “mirib gambar lan pasemonipun Gusti Allah” (PD. 1:26), maringi gambaran bilih manungsa katitahaken minangka wakilipun lan mitranipun Allah ing jagad punika.

Minangka wakil lan mitranipun Allah ing jagad punika, manungsa kaparingan panguwaos.

“..... Padha bebranahana lan tangkar-tumangkara; ngebakana bumi lan telukna. Iwak ing segara lan manuk ing awang-awang sarta sakabèhing sato-kewan kang rumangkang ana ing bumi iku padha sira kuwasanana.” (PD. 1:28)

Manungsa nggadhahi wewenang cekap ing ngatasipun sadaya ingkang wonten ing jagad punika.

Ananging dhumawahipun manungsa ing salebeting dosa, ngrisak sadaya ingkang wonten. Manungsa kanthi kamurkanipun ngrisak jagad raya. Panguwaos ingkang kaparingaken, kaginakaken manungsa kanggé damel mareming dhiri pribadi. Malah ing antawisipun sesamining manungsa, sesambedanipun sampun risak. Ingkang kiyat nindhes ingkang ringkih. Kawontenan ingkang mboten sami, dados sumbering kawontenan pisah-pisah ing gesangipun manungsa.

Gusti Allah tansah nresnani manungsa sarta mulihaken manungsa ingkang sampun dhumawah ing dosa. Kawontenan bedhami kelampahan nalika manungsa ngalami kapulihaken déning Gusti Allah. Pamulihan kelampahan karana sihrahmatipun Gusti Yésus Kristus, katresnanipun Allah, lan patunggilanipun Sang Roh Suci. Awit saking punika, rasul Paulus ngémutaken supados umat manungsa gesang ing salebeting tentrem rahayu. Kawontenan bedhami temtu dados pangajeng-ajeng. Ananging kawontenan bedhami kedah

dipunudi kanthi tumemen. Gusti Allah mboten naté nilar umat Kagunganipun. Panjenenganipun nuntun umatIpun supados gesang mawujudaken katentreman kanggé sadaya titah kanthi nimbalii umat supados:

1. Nggatosaken solah-tingkah

Rasul Paulus ngémutaken pasamuwan Korintus kanggé ngudi supados gesang sampurna. Awit saking punika manungsa kedah wangsul mirsani gesangipun piyambak, punapa ingkang sampun katindakaken wonten ing gesang punika. Manungsa kedah ènget bilih piyambakipun punika wakilipun Gusti Allah, piyambakipun punika mitranipun Gusti Allah ingkang nggaduhahi panguwaos mboten kanggé ngeruk bumi kanthi sawiyah-wiyah. Kadosdéné ingkang karaosaken Juru Masmur ing Masmur 8. Sang Juru Masmur ngrumaosi kawontenanipun minangka titahipun Gusti Allah ingkang prayogi linangkung, Sang Juru Masmur ugi ngrumaosi gesangipun minangka titahipun Gusti ingkang mulya piyambak, ingkang katitahaken nulad gambar lan pasemonipun Gusti Allah, kaparingan panguwaos ingatasipun sadaya titah. Minangka wakilipun sarta mitranipun Gusti Allah, mila manungsa kedah mirsani solah-tingkahipun wonten ing anggènipun nganggep bumi. Manungsa kedah saged dados wakil lan mitranipun Gusti Allah ngreksa titahipun Gusti Allah ingkang prayogi linuwih punika.

2. Ngèngeti panuntunipun Gusti Allah

Ing salebetipun ngreksa wohing pakaryanipun Gusti Allah, sampun temtu umat manungsa ngadhepi samukawis pepalang. Awit saking punika, rasul Paulus ngémutaken dhateng pasamuwan Korintus bab panganthinipun Allah Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci. Panganthinipun Allah Tritunggal punika ingkang sampun ngrukunaken gesangipun pasamuwan. Makaten ugi wonten ing Injil Matius 28:20b,

“..... Lah, Aku nunggal karo kowé ing sadina-dina, nganti tumeka ing wekasaning jaman.”

Minangka mitranipun Gusti Allah ingkang kaparingan wewenang sarta kuwaos, manungsa mboten naté dipun tégakaken Panjenenganipun. Roh Suci tansah makarya, nunggil gesangipun umat supados saged tumut wonten ing pakaryanipun Gusti Allah.

Wonten ing Minggu Tritunggal punika, umat kaparingan katrangan supados sumadhiya tumindak ing salebeting ayahan pamulihaning sadaya titah. Jejer bab pamulihaning sadaya titah kados makaten punika awis-awis dipunrembag ing salebeting pangibadah. Punapa sababipun? Sababipun inggih punika amargi gréja asring nglirwakaken dhateng prakawis wewenkoning gesang (*lingkungan hidup*). saged kelampahan wonten ingkang ndangu, “Punapa sesambedanipun Allah Tritunggal kaliyan pamulihaning sadaya titah?”

Kita prelu mangertosi bilih sayektosipun krenteging Tiga-tiganing atunggal (Rama, Putra, lan Roh Suci) caket sanget kaliyan wewenkoning gesang. Tiyang Kristen kedah mangertosi bilih Tritunggal punika asipat dhogma/piwucal ananging ugi gampil cak-cakanipun. Tumindakipun utawi pakaryanipun Allah ingkang gampil cak-cakanipun punika mijil saking hakikatipun Allah piyambak. Wonten ing gagasan Tiga-tiganing atunggal dipun mangertosi bilih Rama, Putra, lan Roh Suci dumunung wonten ing satunggaling sesambedanipun katresnan ingkang sababag sarta langgeng. Wonten ing sesambedaning katresnan punika sadaya dumunung ing salebetipun nyawiji ingkang mboten saged kapisahaken. Wonten ing krenteg nyawiji punika, umat katimbalan supados tumut ing salebeting pambudidayanipun Gusti Allah. Anggènipun umat tumut ing krentegipun Allah punika mujudaken tanggapanipun umat awit saking pakaryaning katresnanipun Gusti Allah.

Lumantar gagasan Tritunggal ingkang asipat dhogma ananging ugi gampil cak-cakanipun punika tiyang Kristen siyaga tumandang ing salebeting pamulihan wewenkoning gesang. Sarwa dumadi ingkang katitahaken déning Allah kanthi prayogi

linangkung punika sampun risak amargi saking dosa. Juru damel seratan ingkang asesilih Elia Maggang sarta Lidia boru Tarigan nyerat bilih sesambedian ingkang naté risak antawisipun manungsa kaliyan donya sampun kapulihaken déning Allah piyambak lumantar pakaryanipun Sang Kristus. Sesambetan ingkang sampun pulih punika tansah dipunrimati déning Roh Suci. Mila paédahipun manungsa dhumateng titah ing nginggil dipuntindakaken ing salebetung panuntunipun Roh Suci, Sang Pangrimat sejati. Gagasan Tritunggal punika ngantebaken bilih anggèn kita sumadhiya tumut ngrimat wewengkoning gesang inggih punika dados wujuding iman ingkang saklajengipun kedah dados lagéhaning/kabiyasaning gesang para tiyang pitados. Amargi iman dhumateng Allah Rama, Putra, lan Roh Suci, sumangga kita tumut wonten ing pakaryan pamulihaning titahipun Gusti Allah.

Wilujeng mahargya pamulihan saking Allah Rama, Putra, tuwin Roh Suci dhumateng titahipun sarta sami tumuta ing krenteg-ing pamulihan punika. Amin.

[KYN-DEN]





# **BAHAN LITURGI**

*Minangka satunggaling bakalan, punapa  
ingkang kacawisaken ing buku punika prelu  
dipun olah malih jumbuh kaliyan  
kawontenanipun pasamuwan piyambak-  
piyambak*





## Bahan Liturgi Minggu Paska VI

Minggu, 17 Mèi 2020

**Katrangan:**

U: Umat  
 P/D: Pinisepuh/Dhiaken  
 PS: Pelados Sabda  
 PL: Pelados Liturgi  
 L 1, 2, 3: Lèktor

## Ngilèkaken Katresnan



### PACAWISAN

- *Loncèng kaungelaken kaping 1, wekdal ening pribadi, kalajengaken pamaosing Pawartos Pasamuwan.*
- *Loncèng kaungelaken kaping 2, ibadah kawiwitan, Palados Liturgi lumebet dhateng papan pangibadah, tumunten nyumet lilin.*

### TIMBALAN IBADAH

(umat lenggah)

PL: Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus, dinten punika Minggu Paska kaping enim. Ing Minggu punika kita mahargya mangsa ngantos-antos badhé rawuhipun Roh Suci. Kadosdéné para murid kasantosakaken déning Gusti Yésus nalika ngentosi rawuhipun Roh Suci, makaten ugi kanggé kita wekdal samangké. Mugi lumantar ibadah punika kita kasantosakaken déning Gusti Allah ingkang nélakaken katresnan-Ipun. Sadèrèngipun lumebet ing ibadah Minggu, kula aturi sami lerem sekedhap, lumebet ing wekdal ening pribadi.

(umat kasuwun sami mlebet ing wekdal ening pribadi)

PL: Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus, sumangga kanthi jumeneng kita ngidungaken KPJ 284:1 lan 3 “Kalané Gusti Sumengka”.

KPJ 284. KALANÉ GUSTI SUMENGKA

Do=Bes 4/4

- 1) Kalané Gusti sumengka karsa mlebet mring swargi, sampaun kagungan prasetya, badhé paring Roh Suci. Ing dinten Péntakosta, Gusti ngutus Roh Suci.

(*Ing salebetipun umat ngidungaken KPJ 284:1, para palados ibadah wiwit lumebet ing papan pangibadah*)

- 3) Punika pawartos bingah tumrap sagung tumitah:  
Sang Kristus wonten ing swargi karsa paring Roh Suci.  
Ing dinten Péntakosta Gusti ngutus Roh Suci.

### Votum

PS: Pitulungan kita punika wonten ing Asmanipun Gusti Allah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.

U: **Sarta ingkang tansah ngrimati titahipun.**

PS: Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah, Rama kita, lan Gusti Yésus Kristus wontena ing para sadhèrèk (kita) sadaya.

U: (*Ngidungaken*) **Amin, Amin, Amin.**

### Salam

PS: Gusti Allah nunggila ing gesang panjenengan.

U: **ugi nuggila ing gesang panjenengan.**

### ATUR PAMBUKA

(*umat lenggah*)

PL: Saben tiyang ingkang dados pandhèrèkipun Gusti Yésus dipun timbali ngilèkaken katresnan. Pepalang ing katresnan punika raos sengit. Nanggulangi raos sengit punika mboten gampil. Mila dipun betahaken kakiyatan. Kita ngunjukaken pamuji sokur bilih Gusti Yésus maringaken Juru Pitulung supados kita wantun ngadhepi raos sengit lan saged ngilèkaken katresnan ing satengahing pangancamipun raos sengit. Lumantar

jejering ibadah dinten punika “Ngilèkaken Katresnan”, kita dipunsantosakaken déning Gusti kanggé netepi timbalan-Ipun.

**U:** **Mugi kawula kasagedna mbikak manah\ lan ngalami katresnanipun Allah\ supados saged ngilèkaken katresnanipun Gusti Allah\ ing gesang padintenan.**

(*Ngidungaken KPJ 288:1, 3 “Sang Roh Suci Dedalem Ing Ati”*)

**KPJ 288. SANG ROH SUCI DEDALEM ING ATI**

Do=D 4/4

1) Sang Roh Suci dedalem ing ati,  
amrih tyang gesang énggal sejati,  
tumemen olah katresnan,  
wah karoban kabingahan,  
Sang Roh Suci dedalem ing ati.

3) Sang Roh Suci dedalem ing ati,  
damel tyang pitados setya-bekti,  
andhap-asor, alus-budi, saged ngemudhèni dhiri.  
Sang Roh Suci dedalem ing ati.

### **PANGAKEN DOSA**

*(umat lenggah)*

**PL:** Kawula ngrumaosi bilih raos sengit asring nggodha sarta misésani gesang. Kanthi andhap asor, sumangga kita mawas dhiri.

(*Juru musik ngungelaken lelagon musik tanpa nyanyian saking KPJ 45 “Anèng Ngarsané Gusti”*)

**PL:** Dhuh Allah, kawula tinimbalan supados ngilèkaken katresnan lumantar budi, pitembungan, lan pandamel kawula. Paduka apunteni kawula dhuh Allah, awit budi, pitembungan, lan pandamel kawula dèrèng saged ngetinggalaken katresnan Paduka.

**U:** **Paduka karsaa melasi kawula, dhuh Allah.**  
(*sesarengan ngidungaken KPJ 45:2*)

KPJ 45. ANÈNG NGARSANÉ GUSTI

Do=D 4/4

- 2) Anèng ngarsané Gusti, tansah tetéla lupiterku.  
Mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.

PL: Dhuh Allah, manah kawula asring ringkikh. Ringkihing batos kawula ndadosaken manah kapenuhan déning pepénginan nindakaken pandamel awon. Paduka welasi kawula ingkang ringkikh punika.

U: **Paduka karsaa melasi kawula, dhuh Allah.**  
(sesarengan ngidungaken KPJ 45:3)

KPJ 45. ANÈNG NGARSANÉ GUSTI

Do=D 4/4

- 3) Anèng ngarsané Gusti, rumangsa ringkikh lan semplah.  
Reribed lan nyawa lungkrah, anèng ngarsané Gusti.

PL: Dhuh Allah, kawula Paduka tuntun supados tansah tinarbuka sarta ngalami katresnan Paduka. Kanthi ngalami katresnan Paduka, kawula saged ngilèkaken katresnan dhateng sasami. Kawula Paduka paringi pitulungan dhuh Allah.

U: **Paduka karsaa melasi kawula, dhuh Allah.**  
(sesarengan ngidungaken KPJ 45:4)

KPJ 45. ANÈNG NGARSANÉ GUSTI

Do=D 4/4

- 4) Anéng ngarsané Gusti, rinasakna gunging sihnya.  
Wah lubèring katresnannya, anèng ngarsané Gusti.

**PAWARTOS SIH RAHMAT** *(umat jumeneng)*

PL: Tampènana Pawartos Sih Rahmat saking Gusti:

“Menawa kita padha ngakoni dosa kita,  
Panjenengané iku setya tuhu lan adil, temah bakal  
ngapura sakèhé dosa kita, sarta nucèkaké kita saka  
sakèhing piala.” (1 Yohanes 1:9)

Makaten Pawartos Sih Rahmat saking Gusti Allah.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

PL: Sumangga kita samidéné anampèni, nresnani, lan  
ngapunteni kanthi nélakaken: “Salam Karahayon.”

U: (*umat sami jawat asta kanthi ngandika: "Salam Karahayon." Sasampunipun cekap anggènipur jawat asta, umat sesarengan ngidungaken KPJ 69:1, 4 "Allah Makwasa Jumeneng Pamarta"*)

**KPJ 69. ALLAH MAHAKWASA JUMENENG  
PAMARTA**

Do=Bes 4/4

- 1) Allah Maha kwasa jumeneng Pamarta,  
sèstu gung tresnanya, angruwat dosa.  
Salir tyang pracaya lamun tansah setya  
luwar sing antaka, mlebet mring swarga.  
*Reff.: Sung sembah puja konjuk Sang Rama,  
kang paring nugraha tentrem raharja.  
Sung sembah bekti konjuk mring Gusti,  
kang sampun nyawisi kamulyan swargi.*
- 4) Pangéran murbéngrat nglubérken sih-rahmat.  
mbélani tyang leres saking panindhes.  
Nunggil tyang pracaya temahan santosa,  
kuwawa ngasorken salir panggodha.  
*Reff.:*

**PALADOSAN SABDA** (umat lenggah)

**Pandonga Paladosan Sabda**

PS: (*Ngonjukaken pandonga nyuwun panuntunipun Roh Suci*)

**Pamaosing Kitab Suci**

Waosan Kapisan

L.1.: Waosan kapisan kapethik saking **Lelakoné Para Rasul 17:22-31.** (*maos Lelakoné Para Rasul 17:22-31)*  
Makaten sabdanipun Gusti Allah!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

Masmur Tanggapan

L.1.: Sumangga kita tanggapi waosan kapisan kalawau kanthi maos **Jabur Masmur 66:8-20.** (*saget kawaos gentosan kaliyan umat*)

### Waosan Kaping Kalih

L.2.: Waosan kaping kalih kapethik saking Serat **I Pétrus**

**3:13-20.** (*maos i Pétrus 3:13-20*)

Makaten sabdanipun Gusti Allah.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

### Waosan Injil

PS: Waosan Injil kapethik saking **Injil Yohanes 14:15-21.**

(*maos Injil Yohanes 14:15-21*)

Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti lan sami dipun lampahi ing gesang padintenan. Haléluya!

U: (*ngidungaken KPJ 468 Haléluya*)

**Haléluya, Haléluya, Haléluya.**

### **Khotbah**

PS: (*ngladosaken khotbah kanthi jejer: Ngilèkaken Katresnan*)

### **Wekdal Ening**

#### **PANGAKEN PITADOS RASULI** *(umat jumeneng)*

P/D: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sauruting wekdal saha papan, sumangga kita ngucapaken pangaken pitados kita miturut ungelipun Pangaken Pitados Rasuli.

#### **PANDONGA SYAFAAT** *(umat lenggah)*

PS: (*nuntun pandonga syafaat kapungkasan Donga Rama Kawula*).

#### **PISUNGSUNG** *(umat lenggah)*

P/D: 1 Babad 29:14 ngandika makaten:

“Amargi sinten ta kawula punika saha punapa ta bangsa kawula punika, déné kawula sami saged ngunjukaken pisungsung manasuka kadosdéné sapunika punika? Awit saking Paduka pinangkanipun samukawis sadaya saha inggih saking asta Paduka

piyambak pinangkanipun pisungsung ingkang sami  
kawula unjukaken dhumateng Paduka punika.

Sumangga kita aturaken pisungsung sokur dhumateng  
Gusti Allah.

### **Kidung Atur Pisungsung** (umat lenggah)

U: (sesarengan ngidungaken KPJ 158:1-3 “*Ditansah Padha Bungaha*”)

KPJ 158. DITANSAH PADHA BUNGAHA

Do=G 4/4

- 1) Di tansah padha bungaha nampèni kabegjan swarga,  
karana kita wong dosa ingentas saking antaka.

*Reff.: Tansah bungah ing patunggilané Gusti,  
tansah bungah wit sinung gesang sejati*

- 2) Tansah olah kabecikan, dhemen awèh pitulungan,  
yéku pratandhaning sokur mring sihing Allah Maluhur.

*Reff.:*

- 3) Ditansah mantep pracaya, tan was-sumelang ing ati.  
Tegen nyenyuwun, ndedonga, pasrah, wit Gustimu  
nganthi.

*Reff.:*

### **DONGA NGATURAKEN PISUNGSUNG** (umat jumeneng)

P/D: (nuntun pandonga ngaturaken pisungsung)

### **PANGUTUSAN** (umat jumeneng)

U: (Ngidungaken KPJ 67:1-2 “*Allah Kang Makwasa*”)

KPJ 67. ALLAH KANG MAKWASA

Do=C 4/4

- 1) Allah kang Makwasa, karsa nampi kula  
dados rowang mitra, wah utusan Paduka;  
ngundhangken sihrahmat mring sagunging umat,  
mrih kratoning swarga sumrambah sadonya.

2) Mugi Sang Roh Suci lestantun mitulungi,  
mrih kula sembada leladi kanthi setya.  
Manah tansah bingah datan naté semplah,  
klayan ajrih-asih wah sepi ing pamrih.

### BERKAH

(*umat jumeneng*)

PS: Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah,  
U: **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng  
Gusti Allah.**

PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus,  
U: **Puji sokur konjuk dhumateng Gusti Allah.**  
PS: Pinujia Gusti Allah kita,  
U: **Samangké dumugi ing salami-laminipun.**

PS: Tampènana berkahipun Gusti Allah,  
“Muga-muga Allah, etuking pangarep-arep, menuhi  
kowé (kita) kabèh kanthi sakéhing kabungahan sarta  
tentrem-rahayu ing sajroning pracayamu (kita),  
supaya marga saka sawabé Roh Suci, kowé nduwèni  
lubèring pangarep-arep.”

U: (*ngidungaken*) **Haléluya (5x). Amin (3x).**

[KS-DEN]



## Bahan Liturgi Sumengkanipun Gusti Yésus

Kemis, 21 Mei 2020

### ***Katrangan:***

- U: Umat
- P/D: Pinisepuh/Dhiaken
- PS: Pelados Sabda
- PL: Pelados Liturgi
- L 1, 2, 3: Lèktor

## Cariyos ingkang Dérèng Purna



### **PACAWISAN**

- *Loncèng kaungelaken kaping 1, wekdal ening pribadi, kalajengaken pamaosing Pawartos Pasamuwan.*
  - *Loncèng kaungelaken kaping 2, ibadah kawiwitan, Palados Liturgi lumebet dhateng papan pangibadah, tumunten nyumet lilin.*
- 

### ***Cathetan:***

*Kanggé kidung ingkang dèrèng kulina dipun kidungaken, prayogi sanget menawi kidung punika dipun kidungaken langkung rumiyin wonten ing pakempalan-pakempalan ingkang wonten: kempalan pandonga, kempalan panyuraos Kitab Suci, lss.*

### **NGEMPAL (Umat lenggah)**

### **TIMBALAN NGIBADAH (Umat lenggah)**

PL: Haléuya! Pangéran Yéhuwah badhé kawula caosi pamuji sokur kalawan gumolonging manah ing satengahipun patunggilaning umatipun Allah. Kawula badhé ngèngeti dhateng saliring pitulungan-pitulunganipun Gusti, dhateng saliring pakaryan-pakaryanipun Gusti ingkang élok. Pangéran Yéhuwah punika ambeg asih sarta welasan.

U: **Sih-kawelasanipun,\ kababar wonten ing salering\ titahipun Gusti Allah.**

PL: Kawiujengan wohing pakaryanipun Allah kaparingaken dhateng kita lumantar panebusanipun Gusti Yésus Kristus. Sih-kasetyanipun Allah kababar wonten ing pangrimatipun Allah ingkang nyakup wekdal samangké punapadéné wekdal ingkang badhé dhateng. Katresnanipun Allah mboten wonten telasipun wonten ing gesang kawula.

U: **Agung tuwin élokipun pakaryaning Astanipun Gusti!**

PL: Saosa pamuji sokur awit saking kasaénaning Gusti Allah! Nyaosna puji lan urmat dhumateng Asmanipun Gusti!

### **ARAK-ARAKAN (*Umat jumeneng*)**

U: *(Sesarengan ngidungaken KPJ 19:1-3 “Pamuji Konjuk Gusti”)*

KPJ 19 PAMUJI KONJUK GUSTI

Do=F 3/4

- 1) Pamuji konjuk Gusti kang nitahken jagad raya, wit siyang dalah ratri tansah lubèr sih-rahmatnya. Nadyan ta jagad sirna, sihnya langgeng slaminya.

--- *Para palados pangibadah dalah Pradataning Pasamuwan lumebet ing papan pangibadah ---*

- 2) Pamuji konjuk Gusti nggih Allah Kang Mahamirah, pra umat kang ngabekti tinuwukken klayan berkah, salir ingkang pinanggya dados margining bergja.
- 3) Pamuji konjuk Gusti Hyang Maluhur, Mahasuci, kang nucèkken manungsa srana tinebus sing dosa, wah tinuntun mring swargi, mrih kraharjan sejati.

### **Votum lan Salam (*Umat jumeneng*)**

PL: Pangibadah punika lumampah ing salebetting pangaken, bilih: Pitulungan kita punika wonten ing Asmanipun Allah, Sang Yéhuwah ingkang nitahken langit kaliyan

bumi, sarta ingkang mboten naté nilaraken pakaryaning Astanipun.

U: *3 . 5    5 . | 2 . 5    5 . | 4    3    2    1    2 . 3 | 3 . . . |*  
*A - min, a - min, a - - - min.*

PL: *3 . 5    5 . | 2 . 5    5 . | 4    3    2    1    2 . 1 | 1 . . . |*  
*A - min, a - min, a - - - min.*

Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah, Rama kita lan saking Gusti Yésus Kristus, tuwin patunggilanipun Roh Suci nunggila ing panjenengan (kita)!

U: **Ugi nunggila ing panjenengan!**

### Atur Pambuka (*Umat lenggah*)

PL: Sumengkanipun Gusti Yésus dhateng swarga sanès pungkasaning pakaryanipun Allah milujengaken jagat. Sumengkanipun Gusti Yésus dhateng swarga kapara dados wiwitan ingkang nalesi pakaryanipun Gusti Yésus lumantar para murid-Ipun. Kalajenganing katresnanipun Gusti Allah ingkang kaparingaken dhateng sadaya umat, mboten winates wonten ing umat Israèl kémawon. Para muridipun Gusti Yésus tuwin kita punika tiyang-tiyang ingkang wanuh dhateng cariyos katresnanipun Allah lumantar Gusti Yésus Kristus. Dhumateng kita sadaya cariyos punika dipunparingaken supados dipundum-dumaken dhateng tiyang sanès. Mila cariyos katresnan anggènipun Gusti Allah milujengaken jagad dèrèng purna. Cariyos punika taksih tansah dipundum-dumaken lumantar gesang kita sadaya. mBoten namung cariyos katresnan ingkang dipunngandikakaken wonten tetembungan kémawon. Ananging ugi cara gesang minangka para muridipun Gusti Yésus, ingkang nélakaken katresnanipun Gusti Allah ingkang tanpa wangenan.

U: (*Sesareangan ngidungaken KPJ 212:1, 3 “Aku mBok Caritanana”*)

## KPJ 212. AKU MBOK CARITANANA

Do=D 6/8

- 1) Aku mbok caritanana bab Yésus Sang Pamarta;  
pepadhanging wong sabumi, Putrèng Allah Masuci.  
Ya jatining kauripan, langgeng tan winatesan.  
Margané tumekèng swarga, Imam Agung sampurna.  
Juru Pangon kang utama, wah pangruwat manungsa.
  
- 3) Aku mbok caritanana bab Yésus Sang Pamarta;  
Panutaning wong percaya, Ratu Adil sanyata.  
Sang Alfa lan Oméga, pangrèh jagad lan swarga.  
Mustakaning pasamuwan, kang paring kauripan.  
Hakim ing wekasan, kang ngasta pangadilan.

**Atur Pangakening Dosa (*Umat lenggah*)**

PL: Bapak/ibu/sedhèrèk kaparingan wekdal kaggé naliti gesangipun piyambak-piyambak. Sumangga kita sami mangertosi kuciwa saha paiting gesang, sarta raos kuwatos tuwin raos ajrih ingkang wonten gesang kita. (wekdal ening sawetawis)...

(Tumunten matur) “Dhuh Allah kawula, kawula nandhang wirang saha tampi panajad, ngantos mboten wantun tumenga dhumateng Paduka. Dhuh Allah kawula, amargi dosa kawula tumpuk-undhung ngungkuli sirah kawula saha kalepatan kawula ngantos sundhul ing langit. Dhuh Allah kawula, kawula gubrah dosa...”

U: (*Ngidungaken KPJ 44:1 “Aku Wong Kang Dosa”*)

## KPJ 44. AKU WONG KANG DOSA

Do=D 3/4

- 1) Aku wong kang dosa, ngungsi maring Gusti,  
temahan dèn sucèkna, srana rahé kang suci.  
*Reff.: Sang Kristus Gusti, Panebus yekti.*  
*Nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur*

PL: Namung kanthi andhap asoring manah, kita saged ngakeni dosa-dosa kita ing ngarsanipun Allah. Ngakeni sadaya dosa tuwin kalepatan ingkang kita lampahi margi saking kabodhoan kita. Namung kanthi andhap-asoring

manah kémawon, kita saged ndedonga, nyuwun pangapunten mboten namung kanggé gesang kita piyambak, ananging ugi kanggé tiyang sanès, kalebet tiyang ingkang natoni manah kita.

- U: (*Ngidungaken KPJ 44:2 “Aku Wong Kang Dosa”*)  
 KPJ 44. AKU WONG KANG DOSA

Do=D 3/4

- 2) Dhuh Gusti Pamarta, mung kwasa Paduka  
 ingkang saged ngluwari kawula saking dosa.

*Reff.: Sang Kristus Gusti, Penebus yekti.*

*Nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur*

### Pandonga Pangaken Dosa (*Umat lenggah*)

- PL: Umat kasuwun sami ndedonga nyuwun pangapuntening dosa sacara pribadi. (*Salebetipun umat sami ndedonga pribadi, juru musik saged ngungelaken lelagon musik tanpa nyanyian utawi instrumentalia. Sasampunipun kawawas cekap wekdalipun kanggé ndedonga pribadi, PL mungkasi kanthi pandonga*)

- U: (*Ngidungaken KPJ 44:3 “Aku Wong Kang Dosa”*)  
 KPJ 44. AKU WONG KANG DOSA

Do=D 3/4

- 3) Nggèn kula nyenyuwun kang dados landhesan  
 dédé labet kawula, nggih namung sih Paduka.

*Reff.: Sang Kristus Gusti, Penebus yekti.*

*Nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur*

### PAWARTOS SIH-RAHMAT (*Umat jumeneng*)

- PS: Gusti Allah mboten ngréméhaken dhateng saben tiyang ingkang sesambat dhumateng Panjenenganipun, ingkang sowan Panjenenganipun kanthi keduwung. Awit saking punika, Gusti Allah maringaken pangapuntenipun ingkang makaten:

“Sang Yéhuwah ngatingali aku saka ing kadohan,  
 pangandikané: Ingsun ngasihi sira klawan  
 katresnan kang langgeng, mulané Ingsun  
 nglestarèkaké sih-susetyaningSun marang sira.”  
 (Yérémia 31:3)

Makaten pawartosing sih-rahmat saking Gusti Allah!

**U: Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

PS: Sumangga kita samidéné anampéni, nresnani, lan ngapunteni kanthi nélakaken: "Salam Karahayon".

U: (*umat sami jawat asta kanthi ngandika: "Salam Karahayon". Sasampunipun cekap anggènipun jawat asta, umat sesarengan ngidungaken KPJ 78:1, 3 „Iba Begjaku“*)

KPJ 78. IBA BEGJAKU

Do=D 9/8

- 1) Iba begjaku lamun yakin Yésus duwèkku ing salamanya; aku tebusan kagungané, anyar uripku krana rahé.

*Reff.: Aku memuji klayan rena,  
nggunggung asmané salamanya  
Aku memuji klayan rena,  
nggunggung asmané salamanya*

- 3) Dak aturaké jiwa-raga, marang Gustiku atiku lega, klayan anganti sarawuhé, matemah antuk sih-rahmaté.

*Reff.: Aku memuji klayan rena,  
nggunggung asmané salamanya  
Aku memuji klayan rena, nggunggung*

### PALADOSAN PANGANDIKA (*Umat lenggah*)

#### Pandonga Paladosan Sabda

PS: (*Nuntun pandonga nyuwun panuntunipun Sang Roh Suci*)

#### Waosan Kapisan

L: Waosan kapisan kapendhet saking **Lelakoné Para Rasul 1:1-11.**

Makaten sabdanipun Gusti Allah!

**U: Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

#### Masmur Tanggapan

L.1.: Sumangga kita tanggapi waosan kapisan kalawau kanthi maos **Jabur Masmur 47.** (*saget kawaos gentosan kaliyan umat*)

## **Waosan Kaping Kalih**

- L: Waosan kaping kalih kapendhet saking **Éfesus 1:15-23.**  
 Makaten sabdanipun Gusti Allah.  
 U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

## **Waosan Injil**

- PS: Waosan injil kapendhet saking **Lukas 24:44-53.**  
 Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti lan sami dipun lampahi ing gesang padintenan.  
 Haléluya!  
 U: (*ngidungaken KPJ 468 Haléluya*)  
**Haléluya, Haléluya, Haléluya.**

## **Khotbah**

### **Wekdal Ening**

#### **PANGAKENING PITADOS** (*Umat jumeneng*)

- P/D: Sumangga sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sadhéngah wekdal saha papan, kita ucapaken pangaken pitados kita laras kaliyan Pangaken Pitados Rasuli.  
 U: (*Sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli*)

#### **Pandonga Syafaat** (*Umat lenggah*)

- PS: (*Nuntun pandonga syafaat*)

#### **PISUNGSUNG** (*Umat lenggah*)

- P/D: Sumangga kita sami ngaturaken pamuji sokur amargi Gusti Allah sampun kepareng ngagem gesang kita kanggé mbagé katresnan dhateng sesami. Wekdal punika kita tinimbalan ngaturaken pisungsung, kanthi ngèngeti pangandikanipun Gusti ingkang makaten:

“Tumrap ing sadhéngah prakara aku wis awèh tuladha marang kowé, yèn wong padha kuwajiban nyambut-gawé mangkono kagawé mbiyantu wong-wong kang sèkèng sarta kudu éling marang pangandikané Gusti Yésus, sabab Panjenengané

piyambak wis ngandika: Luwih begja wong wèwèh,  
katimbang karo nampani." (Para Rasul 20:35)

U: (Sesarengan ngidungaken KPJ 154:1, 2 "Adrenging Tyas Kula")

KPJ 154. ADRENGING TYAS KULA

Do=F 4/4

- 1) Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun, Gusti.  
Paduka ngasihi, kula kagungan ta.

*Reff.: Mung punika Gusti, pisungsung kula  
sawetahing gesang, jiwa lan raga,  
wit kula tan darbé bandha kang pengaji  
kang langkung prayogi, sinaos Gusti.  
Mung punika Gusti, panyuwun kula,  
mugi katampia atur kawula,  
mrih gesang kawula kagema Paduka  
pirantos sapala.*

--- *Pisungsung kaladosaken kanthi kairingan déning lelagon  
musik tanpa nyanyian. Sasampunipun cekap anggènipun  
ngempalaken pisungsung, umat kasuwun jumeneng sarta  
ngidungaken KPJ 154:2 ---*

KPJ 154. ADRENGING TYAS KULA

Do=F 4/4

- 2) Saiba éndahing sih-tresna Paduka, Gusti;  
kula kagunganta, Paduka rimati.

*Reff.:*

**Pandonga Pisungsung** (*Umat jumeneng*)

P/D: (*Ngunjukaken pandonga caos pisungsung*)

**Kidung Pangutusan** (*Umat jumeneng*)

U: (Sesarengan ngidungaken KPJ 280:1-3 "Kristus Gusti Sumengka")

## KPJ 280. KRISTUS GUSTI SUMENGKA

Do=D 4/4

Sawetawis sedhèrèk

- 1) Kristus Gusti sumengka mring swarga,  
ngutus wong pracaya tansah setya,  
amartakna Injil sih rahmatnya.  
Kang nampènana sinungan begja.

Sadaya

*Reff. : Bra undhangna,  
Sang Kristus jumeneng Raja,  
Kratonira tentem raharja.*

Sawetawis sedhèrèk

- 2) Sang Pamarta sumengka mring swarga,  
wong pracaya dadya lantarannya,  
mrih kratoning Allah binabarna,  
dhedhasarira sih-welas-tresna.

Sadaya

*Reff. :*

Sawetawis sedhèrèk

- 3) Gusti Kristus sumengka mring swarga,  
ngutus wong pracaya mbudidaya  
sirnanira rasa memungsuhan,  
mrih kebabaring gung katentreman.

Sadaya

*Reff. :*

**PANGUTUSAN (*Umat jumeneng*)**

PS: Lumampaха, télakna katesnanipun Sang Kristus dhateng jagat.

U: **Kawula nélakaken katesnanipun Sang Kristus dhateng jagat**

PS: Dadosa mitranipun sesami.

U: **Amargi kawula kangen nyeksèkaken Sang Kristus.**

PS: Pinujia Allah Rama, Putra, lan Roh Suci.

U: **Ingkang mboten naté misahaken kawula saking katesnanipun Allah, samangké dumugi ing salami-laminipun.**

**BERKAH** (*Umat jumeneng*)

PS: "Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah marang kowé (kita), lan ngayomana kowé (kita);  
 Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wadanané marang kowé (kita), lan maringana sihrahmat;  
 Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké wadanané marang kowé (kita), lan maringana tentrem rahayu."

U:



[RDL-DEN]



## Liturgi Minggu Paska VII

Minggu, 31 Mei 2020

### Katrangan:

Prdt: Anggotaning Pradataning pasamuwan (pinisepuh utawi diaken).

PS: Palados Sabda

U: Umat/Pasamuwan

PL: Palados Liturgi

L: Léktor/Ingkang maos Kitab Suci

L 1: Léktor 1;

L 2: Léktor 2;

L 3: Léktor 3.

## AMBEGANING

## GESANG



## PACAWISAN

- *Donga konsisturi*
- *Pamaosing Pokok-pokok Pawartosing Pasamuwan*
- *Palados Liturgi ngajak pasamuwan lumebet ing wekdal ening.*
- *Pasamuwan tetep lenggah*

## TIMBALAN NGIBADAH

PL: Sang Kristus sampun wungu! Panjenenganipun saèstu gesang!

U: Haléluya!

PL: Saksampunipun wungu, sakdangunipun kawan dasa dinten, Panjenenganipun wongsal-wangsul ngetingal saha wawan pangadikan kaliyan para murid bab kratoning Allah (Lelakoné Para Rasul 1: 3).

U: Pinujia Gusti!

- PL: Panjenenganipun ngutus saha njangkepi para murid kanthi panguwaos saking Roh Suci supados samia dados seksiNipun ngantos dumugi ing pungkasaning bumi.
- U: Pinujia Gusti!
- PL: Samangké Panjenenganipun lenggah wonten ing dhamparing kraton swarga.
- U: Pinujia Gusti \ Sang Sabda \ ingkang naté manjalma dados manungsa \ sarta makuwon ing antawis kita.
- U: (*jumeneng lan ngrepèkaken KPJ 282: 1-3*)

### **KPJ. 282 SWAWI SAMI SUKA-SUKA**

do = A birama bebas

Swawi sami suka-suka nggèn kula ngènget-ènget  
Gusti minggah maring Swarga,  
méndah kaluhuranipun Njeng Gusti Juruslamet.

### **-Iring-iringan Palados Pangibadah lumebet ing papan pangibadah-**

Nyata sinungan kamulyan lan sagung pangawasa;  
Wonten ing swarga kalayan ing bumi,  
nggih jinulukan ngungkuli sagung nama.

Ngantos para malaékat tansah sami memuji  
Langkung malih para umat, nggih wajib nyaosi urmat  
Saha sujud mring Gusti.

### **Votum**

- PS: Pangibadah Minggu Paska kaping pitu punika lumampah wonten ing asmanipun Allah Sang Rama, Sang Putra lan Sang Roh Suci.
- U: (*aklamsi*) Amin... amin... amin..

### **Salam**

- PS: Gusti nunggil kaliyan panjenengan,  
U: ugi kaliyan panjenengan.

- *umat lenggah*

## Atur Pambuka

PL: Donga punika ambeganing gesang para tiyang pitados. Wonten ing Minggu Paska kaping pitu samangké kita dipunajak ngrumaosi malih saha langkung nggegesang kagiyanan pandonga kita sacara kreatip lan inopatip. Kanthi mekaten, sesambutan kita kaliyan Sang Panebus dosaning manungsa sangsaya mindhak rumaket. Inggih wonten ing ngriku dunungan kagiyanan kita!

U: (*ngrepèkaken KPJ 144: 1, 2, 4*)

### KPJ. 144 YÈN NUNGGIL LAN GUSTI

do = A 3/4

Yèn nunggil lan Gusti rinten dalu  
Manah langkung tentrem arahayu

*Reff.:*

Kula angantos Gusti siyang klayan ratri  
Kanthy pitados Gusti, Gusti mberkahai.

Yèn nunggil lan Gusti jro ginodha  
Kula saged unggul maring dosa.

*Reff.:*

Yèn nunggil lan Gusti, kasisahan  
Mantun, kagentosan kabingahan.

*Reff.:*

## PANGAKENING DOSA

Prdt: Para Sadhèrèk, wonten ing gesang punika kita asring nglirwakaken dhawuh supados ndedonga kanthi saèstu lan taberi. Kita malah langkung sibuk kaliyan padamelan, jagading médhia sosial utawi hapé saha klangenan kita. Awit saking punika, wonten ing wewengan samangké sumangga kita ngakeni dosa wonten ing ngarsanipun Gusti:

U: *Dhuh Gusti | mugi karsaa ngapunteni dosa | saha kalepatan kawula.*

Prdt: Dhuh Gusti, mugi Paduka karsa mitulungi kawula supados kawula saged tetep ngrengsengaken semangat kanggé tansah nyelak dhumateng Paduka, saha wawan atur kaliyan Paduka.

U: *Mugi Gusti ngekahaken | saha nyantosakaken kawula.*

Prdt: Mugi Gusti karsa mitulungi kawula, supados kawula saged nindakaken gesang ing karohanèn minangka tiyang Kristen, supados kanthi mekaten, gesang kawula saged ngedalaken woh ingkang sembada kagem kamulyaning asma Paduka. Amin.

### Kekidunganing Umat KPJ 52: 1-2

#### **KPJ 52:1-2 GUSTI SÈSTU KULA NALANGSA**

Do = C 4/4

Gusti sèstu kula nalangsa, awit asring mbaléla,  
damel sekel galih Paduka, kèlu ombyaking donya.

Dhuh Gusti, kawula nyuwun apura, sinucèkken sing dosa.  
Mugi manah kula kaénggalna, mituhu Paduka.

Sèstu kawula ngraosaken ing katresnan Paduka,  
Wit Paduka tan négakaken kula kawratan dosa.

Dhuh Gusti, kawula nyuwun apura, sinucekken sing dosa.  
Mugi manah kula kaénggalna, mituhu Paduka.

- *umat jumeneng*

### **PAWARTOS SIH-RAHMAT**

PS: Minangka paladosipun Sang Kristus Yésus kawula martosaken bilih pangapuntening dosa kelampahan wonten ing asmanipun Allah Sang Rama, Sang Putra lan Sang Roh Suci.

U: Amin.

PS: Pangandikanipun Gusti wonten ing Injil Matius 11: 28-30 nélakaken, “Hé, para wong kang kesayahan lan kamomotan,

padha mrénéa, Aku bakal gawé ayemmu. Pasangan-Ku padha tampanana ing pundhakmu lan padha nggegurua marang Aku, awit Aku iki alus lembah ing budi, temahan kowé bakal padha oleh ayeming nyawamu. Amarga pasangan-Ku iku kapénak lan momotan-Ku iku ènthoneng.“ Makaten Pawartos Sih-rahmat saking Gusti.

- U: Puji sokur konjuk Allah (*kalajengaken sami jawat asta kakanthènan pangucap "tentrem sahayu"*).

### Kekidunganing Pasamuwan KPJ 89: 1-3

#### **KPJ 89 PUJI KONJUK ALLAH**

Do=F 4/4

Puji konjuk Allah Kang Mahamirah;  
ing rinten dalah ratri tansah ngganjar berkah;  
tyang mursid dalah mursal tan badhé ketriwal

Puji lan panuwun mring Hyang Maagung;  
ngganjar berkah mirunggan  
mring tyang kang pracaya;  
yéku kawilujengan lan tentrem-raharja.

Puji sarta sokur mring Kang Maluhur;  
Dé ngganjar berkah adi mring tyang kang ngabekti  
Winuwuhan sih-rahmat-pangrimat tan kendhat.

- *umat lenggah*

### **PALADOSAN PANGANDIKA**

#### **Donga Épiklèse**

(*PS sesarengan kaliyan umat ngrepèkaken KJ 59 “Bersabdalah, Tuhan“ mawi basa Jawi*)

Gusti paring sabda, kula nilingaken  
Gusti paring sabda, kula nilingaken

▪ **Pamaosing Kitab Suci**

Waosan I:

L 1: Waosan sepisan kapethik saking Lelakoné Para Rasul 1:6-14 ingkangmekaten ijemanipun: “.....” Makaten sabdanipun Gusti.  
U: **Puji sokur konjuk Allah.**

Masmur Tanggapan:

L : (Maos Mazmur 68: 1-10, 32-35 sacara gilir gumantos kaliyan pasamuwan)

Waosan II:

L 3: Waosan kaping kalih kapethik saking Serat 1 Petrus 4:12-14, 5:6-11, ingkangmekaten ijemanipun: “.....” Makaten sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Allah.**

Waosan Injil:

PS: Waosan Injil kapethik saking Kitab Injilipun Gusti Yésus Kristus miturut Yohanes bab 17:1-11, ingkangmekaten ijemanipun: “.....” Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggil punika ingkang mirengaken sabdanipun Gusti, nyimpen wonten ing manahipun, saha nindakaken ing gesang padintenan. Haléluya!

U: **(menyanyikan) Haléluya, Haléluya,  
Haléluya!**

▪ **Khotbah**

▪ **Wekdal ening**

▪ *umat lenggah*

**Pangaken Pitados**

Prdt: Sesarengan kaliyan umatipun gusti ing sadhèngah wekdal lan papan, sumangga kita sami jumeneng lan nélakaken

pangaken pitados kita kanthi ngrepèkaken KPJ 122:1-4  
**KULA PITADOS**

### **KPJ 122 KULA PITADOS**

do = G 4/4

Kula pitados ing Allah, Sang Rama Kang Makwasa  
 Ingkang nitahaken langit lan bumi saisinya.  
 Kula pitados ing Gusti Yésus Kristus Kang Putra ontang-anting  
 lan kekasih, Gusti Pamarta kula.

#### **-tanpa interlude-**

Kang sampun kabobotaken sing kwasané Roh Suci;  
 miyos saking prawan Maryam, nahanaken pisakit  
 Kala Pontius Pilatus ingkang ngasta bupatya;  
 Sinalib nglampahi séda tumedhak mring antaka.

#### **-tanpa interlude-**

Tigang dintenipun wungu sing antaka,  
 dyan minggah dhateng swarga, pinarak nèng tengenipun Allah  
 Sang Rama kang Mahakwasa 'king ngriku badhé rawuh  
 Angadili tiyang gesang lan ingkang pejah.

Nggih pitados ing Roh Suci wah malih wontenipun  
 pasamwan Kristen satunggil, kang suci sarta umum.  
 Pitepangané pra suci pangapuntening dosa.  
 Tanginira para mati, kang sarta gesang baka.

### **PALADOSAN PISUNGSUNG**

Prdt: Sumangga kita ngaturaken panuwun sokur konjuk Gusti  
 lumantar pisungsung ingkang badhé kita klempakaken  
 sesarengan ing wekdal punika. Pangandikanipun Gusti  
 ingkang ndhasari anggèn kita nyaosaken pisungsung  
 kapethik saking 1 Babad 29:13-14 ingkang mekaten  
 ijemanipun, "Sapunika, dhuh Allah kawula, kawula  
 sadaya sami ngunjukaken panuwun dhumateng Paduka  
 saha sami ngluhuraken asma Paduka ingkang agung

punika. Amargi sinten ta kawula punika saha punapa ta bangsa kawula punika, déné kawula sami saged ngunjukaken pisungsung manasuka kadosdéné sapunika punika? Awit saking Paduka pinangkanipun samukawis sadaya saha inggih saking asta Paduka piyambak pinangkanipun pisungsung ingkang sami kawula unjukaken dhumateng Paduka punika.”

Sumangga kita nyaosaken pisungsung kanthi iringan pangrepèking KPJ 173:1-

**KPJ 173 MARA DHA ATURNA PISUNGSUNGMU**  
do = F 4/4 Pl barang

Mara dha aturna pisungsungmu ing papan kang piniji.  
Muga dadi keparengé Gusti; minangka pangabektimu.  
Mangkyा singkirna was sumelangmu,  
ginanti gumbiraning atimu.  
Rinengga niyat kang warni-warni,  
pindha pusrita megar nglam-lam-i.

Kalawan ati bungah menuhi, ing papan kang piniji  
Muga dadi keparengé Gusti, mundhut kembanging atimu.  
Mangkyा singkirna was sumelangmu,  
ginanti gumbiraning atimu.  
Rinengga niyat kang warni-warni,  
pindha pusrita megar nglam-lam-i.

Ngaturna klawan éklasing ati, ing papan kang piniji  
Muga dadi lan renané Gusti, nampèni pangabektimu.  
Mangkyा singkirna was sumelangmu,  
ginanti gumbiraning atimu.  
Rinengga niyat kang warni-warni,  
pindha pusrita megar nglam-lam-i.

**Pandonga Pisungsung lan Safaat**

(*kapimpin déning PS, kapungkasan Donga Rama Kawula ingkang kakidungaken saking KPJ 152*)

**KPJ 152 RAMA KAWULA KANG WONTEN SWARGA**

Do = D 2/4 dan 4/4

Rama kawula kang wonten swarga, ingkang asma kasucèkna, Kraton Paduka rawuh, karsa Paduka klampah ing bumi kadya anèng swarga. Ing dinten sapunika sinunga cekap rejeki; kula kaapuntenna, kadya kula ugi ngapunteni tyang kalepatan; sampun nandukken kula dhateng panggodha, kalepasna kula saking piawon, jer Gusti kang kagungan kraton lan wisesa sarta kamulyanannya ngantos slami-laminya. Amin. Amin.

- *umat jumeneng*

**PANGUTUSAN**

- PS: Para Sadhèrèk, jagad punika kebak déning panggodha lan reridhu. Awit saking punika samia tetep gesang celak kaliyan Gusti!
- U: Kawula badhé tansah gesang celak \ kaliyan Gusti.
- PS: Samangké kita badhé mengker saking papan pangibadah punika, pramila sami enerna manah dhumateng Gusti!
- U: Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti.
- PS: Sami dadosa seksinipun Gusti!
- U: Puji sokur konjuk Gusti.
- PS: Pinujia Gusti.
- U: Wiwit samangké dumugi ing salaminipun.

**Berkah**

- PS: Sami nampènana berkahipun Gusti:  
 "Mugi Allahing tentrem rahayu nucèkaken panjenengan (kita) sadaya. Mugi roh, jiwa sarta badan panjenengan (kita) dipun rimati kanthi sampurna tanpa cacat ngantos ing rawuhipun Sang Kristus Yésus, Gusti kita. Gusti ingkang nimbali panjenengan (kita) punika setya, Gusti ugi ingkang badhé njangkepi samudayanipun. Amin."
- U: Amin.  
*(ngrepèkaken KPJ 428: 1-2)*

**KPJ 428: 1,2 BINGAHA, SISAHÀ, GUSTI KULA PUJI**  
Do = C 4/4

Bingaha, sisaha, Gusti kula puji  
Kang mranata gesang kula  
Kula rinimatan klayan katresnan,  
mila kula pasrah pangrèhnya.

Refr.:

Pasraha, pasraha, ing sapangrèhé Kang Makwasa

Sapinten awrating momotan kawula  
Godha-rencana myang sisah  
Yèn kawula énggal mulat Sang Putra,  
Manah kula ènthèng lan bingah.

Refr.:

Pasraha, pasraha, ing sapangrèhé Kang Makwasa.

MH



## Bahan Liturgi Minggu Pénitakosta

Minggu, 31 Mèi 2020

### Keterangan:

- U: Umat
- P/D: Pinisepuh/Dhiaken
- PS: Pelados Sabda
- PL: Pelados Liturgi
- L 1, 2, 3: Lèktor

## Nampèni Ilèn- ilèning Toya Gesang saking Sang Roh



### PACAWISAN

- *Loncèng kaungelaken kaping 1, wekdal ening pribadi, kalajengaken pamaosing Pawartos Pasamuwan.*
- *Loncèng kaungelaken kaping 2, ibadah kawiwitan, Palados Liturgi lumebet dhateng papan pangibadah, tumunten nyumet lilin.*

### TIMBALAN NGIBADAH (*Umat lenggah*)

PL: Dinten punika pasamuwan-pasamuwan ing sajagat sami mahargya Pénitakosta utawi tumedhakipun Roh Suci. Roh Suci kaprasetyakaken déning Gusti Yésus kanggé nunggil gesanging umatipun Gusti. Awit saking panuntunipun Sang Roh Suci, kita kiyat nglampahi gesang. Ugi amargi Roh Suci punika kita nggadhahi pangajeng-ajeng ing jagad punika punapadéné ing swarga. Wilujeng mahargya Pénitakosta.

--- *Umat jumeneng, ngidungaken KPJ 284:1-3 “Kalané Gusti Sumengka”. Ing salabetipun umat ngrepèkaken kidung, Para Pelados Pangibadah dalah Pradataning Pasamuwan mlebet ing papan pangibadah ---*

### KPJ 284. KALANÉ GUSTI SUMENGKA

Do=Bes 4/4

- 1) Kalané Gusti sumengka karsa mlebet mring swargi,  
sampun kagungan prasetya, badhé paring Roh Suci.  
Ing dinten Péntakosta, Gusti ngutus Roh Suci.
- 2) Nèng dalem suci sakabat mireng swara gumrubug.  
Roh Suci ingkang wineca pra nabi sampun rawuh.  
Ing dinten Péntakosta Gusti ngutus Roh Suci.
- 3) Punika pawartos bingah tumrap sagung tumitah:  
Sang Kristus wonten ing swargi karsa paring Roh Suci.  
Ing dinten Péntakosta Gusti ngutus Roh Suci.

#### **Votum (Umat jumeneng)**

- PS: Pitulungan kita punika wonten ing Asmanipun Gusti Allah, Sang Yéhuwah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- U: **Ingkang Sih-kasetyanipun kanggé ingsalami-laminipun.**
- PS: Pinujia Allah Rama, Putra, lan Roh Suci.
- U: **Samangké dumugi ing salami-laminipun.**
- PS+U: *(Ngidungaken) Amin, Amin, Amin.*

#### **Salam (Umat jumeneng)**

- PS: Salam karahayon, Gusti Allah nunggila ing gesang panjenengan (kita)!
- U: **Ugi nunggila ing gesang panjenengan!**

#### **Atur Pambuka (Umat lenggah)**

- PL: Kita nampèni ilining toya gesang saking Roh Suci. Ilining toya gesang punika ngebaki gesangipun saben tiyang ingkang mbikak manahipun dhumateng pakaryanipun Gusti. Tinarbukaning manah nampèni pakaryanipun Roh Suci punika wujuding tanggapan kita dhumateng Sabdanipun Gusti Yésus ingkang mrasetyakaken tumedhakipun Roh Suci. Sumangga kita sami ngraosaken

pakaryanipun Gusti Allah kanggé pulihing gesang kita sarta diwasaning gesang kita ing Sang Kristus.

- U: *(Ngidungaken KPJ 294:1, 2 "Tyasku Muga Kasokana")*  
**KPJ 294. TYASKU MUGA KASOKANA**

Do=F 3/4

- 1) Tyasku muga kasokana, Rohé Hyang Ma' suci,  
 Gusti kang asetya tuhu, wus paring prajanji.

*Reff.: Dhuh Pamarta kang sinalib,  
 kang mugi wontena  
 Pétakosta agung malih, mradini ing donya*

- 2) Gusti, mugi Roh Paduka tansah tumedhaka  
 dhateng pasamwan Paduka, wah ing manah kula.

*Reff.:*

### Pandonga Pangaken Dosa (*Umat lenggah*)

- PL: Sumangga kita ndedonga:  
 Tumehdaka dhuh Roh Suci.

- U: **kawula mugi Paduka penuhi\ kalayan ilining toya Paduka.**

- PL: Kawula ingkang ngelak amargi lumampah ing pasamanuning gesang, mugi Paduka paringi kasegeran.

- U: **Dhuh Roh Suci\ kawula mugi Paduka penuhi\ kalayan ilining toya Paduka.**

- PL: Nyawa kawula ingkang sayah tuwin ringkih, mugi Paduka paringi kakiyatan.

- U: **Dhuh Roh Suci\ kawula Paduka penuhi\ kalayan ilining toya Paduka.**

- PL: Kawula Paduka paringi kasagedan supados wicaksana ing salebetipun ngemunah gesang.

- U: **Dhuh Roh Suci\ kawula Paduka penuhi\ kalayan ilining toya Paduka.**

- PL: Tumehdaka dhuh Roh Suci, katangèkna kawula, kaobahna krenteg kawula, kasengkuyunga anggèn kawula mlampah, nalusur enering iman kawula.

- U: **Dhuh Roh Suci\ kawula Paduka penuhi\ kalayan ilining toya Paduka.**

PL: Paduka apunteni kawula, manungsa ingkang kebak dosa punika, sarta Paduka dandosi kawula, temah pantes ngalami pakaryanipun Roh Suci.

U: **Dhuh Roh Suci\ kawula Paduka penuhi\ kalayan ilining toya Paduka.**

--- *Umat kacawisan wekdal ndedonga ngakeni dosa sacara pribadi, menawi sampun cekap, PL mungkasi pandonga pangakening dosa ---*

U: (*Ngidungaken KPJ 289:1, 2 “Sang Roh Suci Mugi Pareng”*)

KPJ 289. SANG ROH SUCI MUGI PARENG

Do=F 3/4

- 1) Sang Roh Suci mugi pareng anedhaki tyas kula, dimèna tentrem rahayu, kapenuhan ing tresna.

*Reff.: Dhuh Gusti kang setya,  
Paduka kula ndelaken;  
mugi pareng nedhakaken  
Roh Suci ing tyas kula.  
Gusti, mugi nucèkaken tyas kula.*

- 2) Sumangga cahya Paduka amadhangna tyas kula, mugi pepetenging dosa binirata sadaya.

*Reff.:*

### **PAWARTOS SIH RAHMAT (Umat jumeneng)**

PS: Ing Asmanipun Gusti Allah, dosa panjenengan dipunapunteni!

U: **Ing Asmanipun Gusti Allah\ dosa panjenengan ugi dipun apunteni.**

PS: Sumangga kita sami gesang kanthi ngèngeti Sabdanipun Gusti Allah,

“Sakèhé wong kang katuntun déning Rohé Allah,  
iku padha dadi putrané Allah.” (Roma 8:14)

Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

--- *Umat sami jawat asta kaliyan kiwa tengenipun kanthi ngucapaken “Tentrem Rahayu kagem panjenengan”. Sasampunipun punika, ngidungaken KPJ 68:1, 3, 5 “Allah Maasih” ---*

### KPJ 68. ALLAH MAASIH

Do=D 3/4

- 1) Allah Ma' asih asung Putranya,  
Allah Ma' asih mring manungsa.  
*Reff.: mila kula ngidung Allah Ma' asih,  
Allah Ma' asih mring manungsa.*
  
- 3) Gusti Pamarta ngurbankeun nyawa,  
Gusti Pamarta mbirat dosa.  
*Reff.:*
  
- 5) Kula sinungan tentrem-raharja,  
kula sinungan pangaksama.  
*Reff.:*

### PALADOSAN SABDA (*Umat lenggha*)

#### **Pandonga Paladosan Sabda**

PS: (*Nuntun pandonga nyuwun panuntuning Sang Roh Suci*)

#### **Pamaosing Kitab Suci**

##### Waosan Kapisan

L: (*Maos Wilangan 11:24-30*)

Makaten Sabdanipun Gusti Allah!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

#### Masmur Tanggapan

L: (*Maos Jabur Masmur 104:24-35*. saged kawaos gentosan kaliyan umat)

### Waosan Kaping Kalih

L: (*Maos Lelakoné Para Rasul 2:1-21*)

Makaten Sabdanipun Gusti Allah!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

### Waosan Injil

PS: Waosan Injil kapendhet saking Injil **Yohanes 7:37-39**  
(*maos Yohanes 7:37-39*)

Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken Sabdanipun  
Gusti lan sami dipun lampahi ing gesang padintenan.  
Haléuya!

U: (*Ngidungaken*) **Haléuya, Haléuya, Haléuya!**

- **Khotbah**
- **Wekdal Ening**

### **PANGAKEN PITADOS RASULI** (*Umat jumeneng*)

P/D: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sadhéngah  
wekdal saha papan, sumangga kita ngénggalaken iman  
kapitadosan kita kanthi ngucapaken Pangaken Pitados  
Rasuli: .....

### **Pandonga Syafaat** (*Umat lenggah*)

PS: (*Nuntun pandonga syafaat*)

### **Pisungsung** (*Umat lenggah*)

P/D: Sumangga kita ngaturaken pisungsung kanthi manah  
ingkang kebak panuwun sokur kanthi ngèngeti  
pangandikanipun Gusti makaten:

“Wong iku mau karebèn padha ngaturaké panuwun  
marang Pangéran Yéhuwah, awit saka sih-  
kadamané, lan marga saka kaélokané marang para  
anaking manungsa, sarta karebèn padha nyaosaké  
kurban pamuji sokur tuwin nyaritakaké pakaryané  
Gusti Allah kalawan surak-surak.” (Jabur Masmur  
107:21-22).

U: (*Ngaturaken pisungsung kanthi ngidungaken KPJ  
287:1-3 “Roh Suci Roh Sejati”*)

## KPJ 287. ROH SUCI ROH SEJATI

Do=G 3/4

- 1) Roh Suci Roh Sejati, mugi rawuh ing ati  
Ngénggalna manah kula, mrih ing lampah prayoga,  
setya bekti mring Gusti, wah asih mring sesami.  
wit panuntun Paduka, gesang kula sembada.
- 2) Dhuh Roh Suci, Roh Allah, anyantosakna manah.  
Lamun karoban sisah, tatag, tanggon, tan semplah.  
Manggul salibing Gusti, martosken Injil Suci.  
Wit panuntun Paduka, gesang kula sembada.
- 3) Dhuh Roh Suci, Roh Kristus, nuwuhna manah tulus;  
andum berkah kabegjan, tan mawang mring salir tyang,  
temah tentrem- raharja, sumrambah mring sesama.  
Wit panuntun Paduka, kula gesang sembada.

--- *umat jumeneng* ---

P/D: (*Nuntun pandonga ngaturaken pisungsung*)

### **PANGUTUSAN LAN BERKAH (*Umat jumeneng*)**

- PS: Karsaa mbikak manah panjenengan (kita) kanggé nampèni ilining Roh Suci.
- U: **Kawula ngeneraken manah\ dhumateng Gusti Allah,**
- PS: Dadosa seksining pakaryanipun Gusti Allah.
- U: **Kawula punika seksi-seksinipun Gusti Allah**
- PS: Kaluhurna Panjenenganipun wonten ing gesang panjenengan (kita),
- U: **Kawula ngluhuraken Panjenenganipun\ Gusti Allah sumber saliring berkah.**  
(*Ngidungaken KPJ 86:1, 3, 5 “Mugi Sampun Anglangkungi”*)
- KPJ 86. MUGI SAMPUN ANGLANGKUNGI

Do=G 6/4

- 1) Mugi sampun anglangkungi dhateng kula, dhuh Rama.  
Tyang kathah Paduka w'lesi, mugi m'lesi mring kula  
nggih kula nggih kula, mugi m'lesi mring kula.

- 3) Dhuh Roh Suci mugi sampun anglangkungi kawula;  
tyang wuta antuk pepadhang, mugi madhangi kula;  
nggih kula, nggih kula, mugi madhangi kula.
- 5) Kula mireng týyang kathah tampi berkah Paduka;  
wit kula ingangkat putra, mugi mberkahi kula;  
nggih kula, nggih kula, mugi mberkahi kula.

PS: Tampènana berkahipun Gusti:

Mugi Gusti Allah nyantosakaken lampahing gesang  
panjenengan (kita) kanthi Sih-rahmatipun ingkang  
mboten wonten telasipun.

Mugi Sang Roh Suci nedhaki dinten-dintening gesang  
panjenengan (kita) kanthi ilining Toyanipun ingkang  
lubèr.

Amin.

U: (*Ngidungaken*) **Haléluya** (5x) **Amin** (3x)

[WSN-DEN]



## Bahan Liturgi Minggu Trinitas

Minggu, 7 Juni 2020

### **Keterangan:**

U: Umat  
 P/D: Pinisepuh/Dhiaken  
 PS: Pelados Sabda  
 PL: Pelados Liturgi  
 L 1, 2, 3: Lèktor

## **Tumut Mulihaken Titah Sesarengan Kaliyan Allah Tritunggal**



### **PACAWISAN**

- *Loncèng kaungelaken kaping 1, wekdal ening pribadi, kalajengaken pamaosing Pawartos Pasamuwan.*
  - *Loncèng kaungelaken kaping 2, ibadah kawiwitan, Palados Liturgi lumebet dhateng papan pangibadah, tumunten nyumet lilin.*
- 

### **NGEMPAL (*Umat lenggah*)**

### **Timbalan Ngibadah (*Umat lenggah*)**

PL: Pasamuwan ingkang dipun tresnani tuwin tresna dhumateng Gusti Yésus. Sumangga kita nyawisaken dhiri kanggé lumebet ing ibadah Minggu Tritunggal. Ibu-ibu, bapak-bapak, lan para sadhèrèk kula aturi lumebet ing wekdal ening, ngraosaken pakaryanipun Allah Rama, Putra, lan Roh Suci. (*Umat mlebet ing wekdal ening pribadi*)

U: (*Ngidungaken KPJ 22:1-3 “Puji Konjuk Allah Rama”*)  
**KPJ 22. PUJI KONJUK ALLAH RAMA**

Do=A 4/4

- 1) Puji konjuk Allah Rama, puji konjuk Sang Putra  
 Puji konjuk Sang Roh Suci, tetiganya sawiji.  
 Haléluya! Haléluya! Tetiganya sawiji.

--- *Para palados ibadah dala pradataning pasamuwan  
lumebet ing papan pangibadah ---*

- 2) Pinuji Ratuning swarga, Gustiné pra manungsa,  
nggih Ratuning pasamuwan, Ratu sumbering gesang.  
Haléluya! Haléluya! Ratu sumbering gesang.
- 3) Pinuji Allah Makwasa kang nitahken jagad rat,  
wah milujengken manungsa, krana gunging sih-rahmat.  
Haléluya! Haléluya! Krana gunging sih-rahmat.

#### **Votum (Umat jumeneng)**

- PS: Ibadah punika pumampah ing Asmanipun Allah Rama,  
Putra, lan Roh Suci.
- U: **5-7 1 . || 5-7 1 . || 5-4 3 . ||**  
**A-min, A-min, A-min.**

#### **Salam (Umat jumeneng)**

- PS: Tentrem rahayunipun Allah Tritunggal ingkang Maha  
Suci nunggila ing panjenengan (kita) sadaya!
- U: **Ugi nunggila ing panjenengan.**

#### **Atur Pambuka (Umat lenggah)**

- PL: Dinten punika kita mahargya Minggu Tritunggal, Allah  
ingkang Maha Esa. Allah ingkang sampun nitahaken  
bumi dalah saisènipun. Gusti Allah ingkang sampun  
rawuh kanggé umat manungsa sarta maringi panguwaos  
supados manungsa nguwasan bumi. Manungsa dados  
wakilipun Allah lan ugi dados mitranipun Allah ngolah  
lan ngreksa sarta njagi lestantuning bumi. Gusti Allah  
ingkang rawuh awujud manungsa, Sang Putra, Yésus  
Kristus ingkang damel pulihing gesangipun manungsa.  
Manungsa dipunpulihaken déning Panjenenganipun,  
supados manungsa ngrumaosi dhateng kuwajiban tuwin  
tanggeljawabipun. Manungsa ugi ingkang tansah dipun  
kanthi déning Gusti Allah lumantar karawuhanipun Roh

Suci ingkang nuntun manungsa ngrimati bumi dalah saisènipun.

Pakaryanipun Allah anggènipun ngrimati bumi punika kababar wonten ing anggèn kita tumut makarya minangka mitra tuwin wakilipun Allah ing bumi punika kanggé ndhatengaken katentreman kanggé sadaya titah.

- U: (*Ngidungaken KPJ 26:1-3 “Pinuji Gusti”*)  
 KPJ 26 PINUJI GUSTI

Do = F 3/4

- 1) Pinuji Gusti kang nitahken jagad,  
 siyang ratri tan kendhat ngganjar sih-rahmat.  
*Refr.: Haléluya, sagung puji tansah konjuk Gusti  
 Haléluya, sagung bekti mring Ratu swargi.*
- 2) Pinuji Gusti Sang Jurubasuki,  
 kang ngurbankeu sarira nebus manungsa  
*Refr.:*
- 3) Pinuji Gusti Allah Sang Roh Suci,  
 kang nuntun ing kraharjan wah kasampurnan.  
*Refr.:*

### **Pangaken Dosa (*Umat lenggha*)**

- PL: Gusti Allah makarya nitahaken bumi dalah saisènipun. Panjenenganipun nitahaken manungsa nulad gambar lan pasemonipun Gusti Allah piyambak. Manungsa kada-dosaken wakil lan mitranipun Gusti Allah ing jagad punika, kaparingan panguwaos kanggé nguwaosi bumi saisènipun. Ananging amargi saking dosanipun manungsa ngrisak sesambetan ing antawising sesami ugi ngrisak sesambetanipun kaliyan alam donya ingkang wonten ing sakiwatengenipun. Amargi srakahipun manungsa, ndadosaken donya punika risak, krana dipunkeruk isinipun namung kanggé kemaremaning nepsunipun manungsa. Pangrimatipun bumi ingkang

dados tanggeljawabipun manungsa sampun dipunlir-wakaken.

Kita dados salah satunggal ing antawisipun manungsa ingkang sampun ngrisak sesambutan antawisipun sesami ugi ngrisak sesambutan kaliyan donya punika.

Wekdal samangké, sumangga kita ngèngeti dhateng sadaya panerak lan dosa kita punika, sinambi kita nyuwun dipun apunteni dosa kita wonten ing pandonga dhumateng Gusti Allah. Umat kacawisan wekdal kanggé ndedonga sacara pribadi, nyuwun pangapuntening dosa.

- U: (*Umat ndedonga sacara pribadi, menawi sampun cekap PL mungkasi kanthi pandonga. Sasampunipun punika, sesarengan ngidungaken KPJ 64:1-3 “Wong Dosa Rempu Atimu”*)

#### KPJ 64 WONG DOSA REMPU ATIMU

Do=F 6/4

- 1) Wong dosa rempu atimu, nlangsanana dosamu,  
Mbokya ngungsia mring Gusti mesthi kinarya suci.  
*Reff.: Gusti nimbali sira, rungokna ta sabdaNya,  
pasraha jiwa raga.*

- 2) Hé, wong kang ilang kesasar, saparanmu kapirsan.  
Gusti nglari lan nimbali, bakal karsa nulungi.  
*Reff.:*

- 3) Gusti k'wasa, mahamirah nresnani sagung jalma.  
Mula dèn énggal mareka, mesthi tan nampik sira.  
*Reff.:*

#### Pawartos Sih-rahmat (*Umat jumeneng*)

- PS: Samangké tampènana pawartos sih-rahmat saking Gusti, kados ingkang sinerat ing 2 Korintus 13:13,

“Sih-rahmaté Gusti Yésus Kristus, lan sihé Allah tuwin patunggilané Roh Suci, anaa ing kowé kabèh!”

Makaten Pawartos Sih Rahmat saking Gusti Allah!

- U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

(*Kalajengaken jawat asta kanthi ngandika: "Salam Karahayon". Sasampunipun rampung anggènipun jawat asta, umat ngidungaken KPJ 94:1-3 "Sumangga Mareka"*)

#### KPJ 94. SUMANGGA MAREKA

Do=F 4/4

- 1) Sumangga mareka ngarsané Gusti kita,  
anggunggung asmanya wit sihé kang sanyata  
maringken Kang Putra, yéku marginira  
mbirat dosa kita, wah gesang sembada
- 2) Sagunging pamuji konjuk ngarsaning Gusti,  
kang tansah mberkahi wrata titah sabumi.  
Allah ingkang murba pratala-akasa  
paring kaéndahan miwah kautaman.
- 3) Yéhuwah Makwasa maringi kabingahan  
lan tentrem-raharja dugèng jaman klanggengan.  
Samya tansah panggah mituhu mring Allah,  
minangka panuwun, wit gung berkahipun.

#### PALADOSAN SABDA (*Umat lenggah*)

#### Pandonga Paladosan Sabda (*Umat lenggah*)

PS: (*Nuntun pandonga nyuwun panuntuning Sang Roh Suci*)

#### Pamaosing Kitab Suci (*Umat lenggah*)

#### Waosan Kapisan

L1: (*Maos Purwaning Dumadi 1:1-2:4a*)

Makaten Sabdanipun Gusti Allah!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

#### Masmur Tanggapan (*Umat lenggah*)

L2: (*Maos Jabur Masmur 8, saged kawaos gentosan kaliyan umat*)

#### Waosan Kaping Kalih (*Umat lenggah*)

L3: (*Maos 2 Korintus 13:11-13*)

Makaten Sabdanipun Gusti Allah!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

**Waosan Injil (Umat lenggah)**

PS: (*Maos Injil Matius 28:16-20*)

Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken Sabdanipun  
Gusti lan sami dipun lampahi ing gesang padintenan.  
Haléluya!

U: (*Ngidungaken KPJ 473*)

**Haléluya, Haléluya, Haléluya, Haléluya!**  
**Haléluya, Haléluya, Haléluya, Haléluya!**

**Khotbah (Umat lenggah)**

PS: (*Ngladosaken khotbah kanthi jejer: Tumut  
Mulihaken Titah Sesarengan Kaliyan Allah  
Tritunggal*)

**Wekdal Ening (Umat lenggah)**

**Pangakening Pitados (Umat jumeneng)**

P/D: Pasamuwan ingkang kinasih ing Sang Kristus, sumangga sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sadhéngah papan lan wekdal, kita ucapaken malih pangaken pitados kita laras kaliyan Pangaken Pitados Rasuli.

“Kawula pitados .....

**Pandonga Syafaat (Umat lenggah)**

PS: (*Nuntun pandonga syafaat*)

**PISUNGSUNG (Umat lenggah)**

**Nas Pisungsung**

P/D: Sumangga kita ngaturaken pamuji sokur lumantar pisungsung ingkang kita kempalaken. Tilingna Sabdanipun Gusti ingkang nalesi pisungsung kita, 1 Babad 16:29,

“Padha nyaosna kamulyaning asmané marang Pangéran Yéhuwah, nggawaa pisungsung lan lumebua sowan marang ing ngarsané. Padha sujuda lan nyembaha marang Pangéran Yéhuwah kalawan ngrasuk kasucèn.”

U: (*Ngidungaken KPJ 161:1-4 “Jiwa Raga Kawula”*)

### KPJ 161 JIWA-RAGA KAWULA

Do=D 4/4

- 1) Jiwa raga kawula konjuk mring Sang Pamarta,  
mugi dados lantaran kamulyaning Pangéran,  
kamulyaning Pangéran.
- 2) Tangan-suku kawula nindakken pakaryannya,  
mrih sesami basuki nampèni sihing Gusti,  
nampèni sihing Gusti.
- 3) Dala kedaling ilat nggih ngundhangken sih rahmat,  
temah asmaning Gusti datan kendhat pinuji,  
datan kendhat pinuji
- 4) Bandha lan kasugihan, wekdal wah kasagedan  
nggih gesang sawetahnya dadya pisungsung nyata,  
dadya pisungsung nyata.

### **Pandonga Pisungsung** (*Umat jumeneng*)

P/D: (*Ngunjukaken pandonga pisungsung*)

### **PANGUTUSAN LAN BERKAH** (*Umat jumeneng*)

U: (*Ngidungaken KPJ 362:1-2 “Ing Satengahing Bebrayan Agung*)

KPJ 362 ING SATENGAHING BEBRAYAN AGUNG

Do=G 4/4

- 1) Ing satengahing bebrayan agung,  
mung Pangéran pantes ginunggung.  
Rahmatnya binabarken warata,  
rumentah mring titah sadaya.

*Refr.: Dèn tansah ndedonga lan makarya,  
mrih kebabaring tentrem raharja.*

*Nggih gesang memitran wah pasedhèrèkan,  
wit tyang sadaya tresna-tinresnan.*

- 2) Nadyan bédá basa séjé bangsa,  
wah bédá adat budayanya,  
nging saèstu punika sesami,  
kang kinasihan déning Gusti. *Refr.:*

PS: Gesanga laras kaliyan pakaryanipun Allah anggènipur njagi bumi.

U: **Kawula samekta njagi bumi.**

PS: Dadosa mitranipun Allah salebetipun mbabar gesang tentrem rahayu ing bumi punika.

U: **Kawula samekta dados mitranipun Allah\mbabar gesang tentrem rahayu ing bumi punika.**

PS: Tampènana berkahipun Gusti Allah:

“Sih-rahmatipun Gusti Yésus Kristus, saha sihipun Allah tuwin patunggilanipun Roh Suci, wantena ing panjenengan (kita) sadaya!

Amin

U: (*Ngidungaken*) **Haléluya (5X), Amin (3X)**

[KYN-DEN]



# **BAHAN PANYURAOS KITAB SUCI**

## **INTERGENERASIONAL**

*Minangka satunggaling bakalan, punapa  
ingkang kacawisaken ing buku punika prelu  
dipun olah malih jumbuh kaliyan  
kawontenanipun pasamuwan piyambak-  
piyambak*





**Panyuraos Kitab Suci (PKS)**  
**Intergenerasional**  
**Sumengkanipun Gusti Yesus**  
*Waosoan Kitab Suci:*  
*Yohanes 17:1-4*

## **TANGGEL JAWAB KULA, KULA RAMPUNGAKEN**



*PKS Intergenerasional tegesipun: PKS ingkang katindakaken sesarengan antawisipun para lare, nem-neman, saha tiyang sepuh*

Nats Yohanes 17:4

*“Kawula sampun ngluhuraken Paduka wonten ing bumi kanthi patrap anggèn kawula sampun ngrampungaken padamelan ingkang Paduka bebahaken dhateng Kawula supados katindakaken”*

### **Ancas:**

Para rawuh sami paham tugas lan timbalanipun, lan ngudi nindakaken sarta ngrampungaken kanthi kebak ing tanggel jawab.

### **Lampahing PKS:**

1. Pemimpin PKS mbikak PKS srana kekidungan.
2. Pandonga Pambuka kapimpin déning salah setunggaling sedhèrèk.
3. Pemimpin PKS nuntun lampahing PKS kanthi tuntunan ingkang sampun kacawisaken.

### **DHASARING GAGASAN**

Nindakaken tanggel jawab ateges sumadhiya nampi satunggaling kuwajiban lan wani nampi risikuning tugas utawi kuwajiban ingkang dipun lampahi. Tembung tanggel jawab saleresipun prasaja sanget, nanging mboten gampil katindakaken kados ingkang kagambaraken, awit ing jaman

sapunika kathah tiyang ingkang langkung milih nyingkiri tanggel jawab tinimbang nampi tanggel jawab. Brayat mujudaken papan ing pundi saben pribadi sinau nindakaken tanggel jawab. Pramila, lantaran Panyuraos Kitab Suci (PKS) minangka sarana ngraos-raosaken sumengkanipun Gusti Yésus punika, saben pribadi kaajak ngraos-raosaken gesang ingkang tanggel jawab.

### **WIWITANING PKS**

Kanggé miwiti PKS, pemimpin PKS ngndharaken cariyos cekak lan ngajak para rawuh ngaturaken pamanggihipun.

Satunggaling laré TK apitakèn dhateng bapakipun: “Pak... kénging punapa ta tiyang kok kedah nyambut damel? Rak sekéca menawi namung santai, mboten prelu nyambut damel, saged dhateng pundi-pundi kanthi bébas...”

Miturut panjenengan, punapa ingkang narik kawigatosan saking tuturan pun laré dhateng bapakipun punika?

*(Para rawuh kaaturan wekdal atur wangsulan, kaudi wangsulan saking unsur laré, remaja, pemudha, diwasa, lan adiyuswa. Wangsulan bébas punapa wontenipun, tanpa dipunresahi déning pemimpin PKS).*

### **NULADHANI GUSTI YÉSUS**

*(kaandharaken déning pemimpin PKS)*

Iya ya, kenapa kudu nglakoni urip sing yèn kita rasakké kebak déning rutinitas gawéan? Kenapa ora urip *slow* waé, santai, mili kaya banyu, ora prelu sekolah, ora prelu kuliah... Menawa toh sekolah lan kuliah ora prelu pusing mikirké sésuk arep nyambut gawé apa.... Yèn saiki wis duwè gawean uga ora prelu pusing mikir kariér....

Saged ugi kathah ingkang apitakén kénging punapa ta tiyang-tiyang tartemtu purun kesel-kesel ngedalaken tenaga lan arta, nguras pikiran kanggé nindakaken prekawis ingkang kasebat

“makarya”, inggih punika nindakaken satunggaling padamelan ngantos ngasilaken ingkang wonten pigunanipun.

Taksih wonten sisih ragawi kadosta badan sayah awit lembur, sirah raosipun badhé pecah awit asring mboten ngasilaken arta lan pangaos lan sasampunipun punika kadhang dipun paiben. Sekolah, kuliah, nyambut damel saleresipun satunggaling pakaryaning timbalan ing gesangging manungsa. Jejer kita ijèn-ijèn minangka anak utawi tiyang sepuh, minangka warga gréja, utawi minangka punapa kémawon, ugi mbetahkaken komitmen/kasanggeman kanthi saèstu supados dados berkah tumrap sesami.

Ing salebeting makarya saged ugi pancèn badhè ngasilaken punapa kémawon, saged arupi arta, kawentaring nama, utawi pangaken. Nanging, makarya ugi asring damel kita dipun poyoki tiyang, damel tiyang mangu-mangu, dipun raosi, dipun khianati, dados pitakénan malah déning tiyang-tiyang ingkang celak.

Menawi pancèn mekaten,

Punapa kita badhé setya nindakaken pakaryaning timbalan kita ijèn-ijèn? Punapa kita badhé nindakaken jejer kita kanthi temen-temen lan kebak ing tangggel jawab?

Menawi kita ningali lampahing sugengipun Gusti Yésus, kita nampi patuladhan bilih Gusti Yésus tansah mbangun turut nindakaken pakaryan timbalanipun. Pakaryan ingkang mberkah, pakaryan ingkang neguhaken, pakaryan ingkang mbébasaken, pakaryan ingkang nglipur, pakaryan ingkang migunani kanggé tiyang kathah.

Ing Yohanes 17:4 ingkang mujudaken pérangan pandonganipun Gusti Yésus kanggé para sakabatipun, Gusti Yésus nélakaken bilih Panjenenganipun ngluhuraken Sang Rama srana ngrampungaken pakaryan ingkang kaparingaken déning Sang Rama.

Senadyan ing salebeting nindakaken pakaryaning timbalanipun manggihaken pambengan, nanging mboten ndadosaken Gusti Yésus kendho, mboten ndadosaken Penjenenganipun nglokro, nanging tetep nuntasaken pakaryanipun senadyan kedah ngantos ngalami séda.

Dados, ngrampungaken tugas timbalan ing saben bab ingkang kita lampahi, kanthi kebak ing tanggel jawab ing ngarsanipun Gusti, punika wujuding anggèn kita ngluhuraken Allah.

### **TUNTUNAN PIREMBAGAN/SHARING TIYANG SEPUH-LARÉ**

Pemimpin PKS nuntun pirembagan, supados pirembagan lumampah dhinamis lan wusananiipun dadosa para laré punapadéné tiyang sepuh saged sami-déné paham tugas lan timbalanipun, sarta sami sarujuk nindakaken kanthi kebak ing tanggel jawab.

Para laré mangsuli pitakènan:

*Tanggel jawab anak miturut kula?*

*Tanggel jawab tiyang sepuh miturut kula?*

Tiyang sepuh mangsuli pitakènan:

*Tanggel jawab tiyang sepuh miturut kula?*

*Tanggel jawab anak miturut kula?*

Pemimpin PKS damel bundhetan lan mungkasi PKS kanthi Kekidungan lan Pandonga.

Conto Kekidungan

#### **Kerja Buat Tuhan Selalu Manisé**

Kerja buat Tuhan selalu manisé

Biar kerja berat selalu manisé

Ayo kerja buat Tuhan

Sungguh senang-senangé

Dipanggil Tuhan selalu manisé

Membawa diri ke ladang Tuhan Saudara

Ikut Tuhan selalu manisé

Manisé Manisé Ikut Tuhan Selalu Manisé 2x

**Hidup ini Adalah Kesempatan**  
Cipt. Pdt. Wilhelmus Latumahina

Hidup ini adalah kesempatan  
Hidup ini untuk melayani Tuhan  
Jangan sia-siakan waktu yang Tuhan b'ri  
Hidup ini harus jadi berkat.

Oh Tuhan pakailah hidupku  
Selagi aku masih kuat  
Bila saatnya nanti  
Ku tak berdaya lagi  
Hidup ini tetap jadi berkat.

[NT/WMS]



**Panyuraos Kitab Suci (PKS)**  
**Intergenerasional**  
**Péntakosta**  
*Waosoan Kitab Suci:*  
*Yohanes 17:1-4*

**ROH PADUKA**  
**NYAGEDAKEN**  
**KULA DADOS**  
**SEKSI PADUKA**



*PKS Intergenerasional tegesipun: PKS ingkang katindakaken sesarengan antawisipun para lare, nem-neman, saha tiyang sepuh*

Lelampahanipun Para Rasul 1:8

*“Nanging kowé bakal tampa kasektèn, samangsa Sang Roh Suci wus nedhaki marang kowé kabèh sarta kowé bakal padha dadi seksi-Ku ana ing Yérusalèm lan ing satanah Yudéa kabèh, sarta ing tanah Samaria tuwin tumeka ing salumahing bumi”*

### TUNTUNAN

1. Pemimpin PKS nyawisaken *print out* utawi tayangan LCD pawartos ing link punika:  
<https://www.bbc.com/indonesia/majalah-43486011>  
<https://www.matamatapolitik.com/opini-benarkah-kristen-kini-alami-kemunduran-dan-kalah-dari-islam/>  
<https://www.suara.com/tekno/2018/03/22/183616/studi-eropa-sedang-hijrah-menjadi-dunia-non-kristen>
2. Pemimpin PKS mbikak PKS srana pepujèn lan pandonga.
3. Pemimpin PKS nuntun pirembagan migunakaken bahan ingkang kacawisaken.

### DHASARING GAGASAN

Salah satunggaling timbalanipun tiyang Kristen inggih punika nyeksekaken sihipun Allah ing satengahing masyarakat. Kanggé nyeksekaken sihipun Allah ing satengahing masyarakat, tiyang

kedah wonten ing satengahing masyarakat. Déné ancasing paseksi punika kanggé martosaken Kratoning Allah. Kados pundi tiyang Kristen jaman sapunika? Punapa timbalan dados seksi ugi kaparingaken dhateng kita? Wangsulanipun: Inggih! Saben tiyang Kristen katimbalan dados seksi. Roh Suci maringi kekiyatan dhateng umat ingkang purun martosaken Injil Kratoning Allah. Pramila, lantaran bahan punika kaangkah para rawuh paham maknaning Roh ingkang nyarengi gesangging umat ingkang katimbalan nyeksèni Injil Kratoning Allah.

### **WIWITANING PKS**

Pemimpin PKS nélakaken *print out* utawi lantaran tayangan layar proyèktor, artikel/waosan ing internèt kalawau.

Pemimpin PKS ngaturi wekdal dhateng para rawuh maringi tanggapan bebas tumrap artikel/waosan kalawau.

Punapa ingkang dipun raosaken lan dipun pahami sasampunipun maos artikel/waosan kalawau.

### **MANGERTOSI MISINIPUN GUSTI YÉSUS**

Artikel kasebat ing nginggil saged ugi dados pawartos awon kanggé kita, *bad news*, ingkang ngreridhu nurani/manah kita bilih kekristenan ngalami kemunduran. Sangsaya kathah para aném ingkang mboten pitados malih dhateng agami lan Gusti, malah negari-negari Éropa ingkang asring kita anggep minangka kiblating kekristenan pranyata ugi ngalami éwah-éwahan lan malah ngener dados negari ingkang mboten adhedar agami Kristen malih, sanadyan piwucal-piwucal Kristen rumasuk wonten ing pranataning gesangipun.

Punapa ingkang njalari bab punika kedadosan?

Temtu PKS wekdal punika mboten kanggé ningali saking sisih njawining gesang kita. Kita mboten badhé ndhelik ing sawingkinging athéisme (mboten pitados Allah) ingkang kiyat, utawi gempuran piwulang ingkang mojokaken kekristenan,

nanging langkung ningali punapa misinipun Gusti Yésus lan punapa tugas kita minangka muridipun.

Gusti Yésus rawuh saprelu milujengaken manungsa. Sasampunipun Gusti Yésus ngrampungaken pakaryanipun ing jagad, lan sumengka dhateng Swarga. Panjenenganipun maringi dhawuh dhateng para muridipun amrih dados seksinipun.

Jejer paseksi kita inggih punika “Gusti Yésus ngurbanaken sarira kanggé milujengaken manungsa lan gesang kita ingkang kaéwahan déning Roh Suci.”

Seksi punika tiyang ingkang ngantepaken utawi mbuktèkaken satunggaling kanyatan. Bilih kita kawilujengaken déning Gusti Yésus punika satunggaling kanyatan. Bilih gesang kita kaénggalaken, punika satunggaling kanyatan. Bilih kita gesang dados berkah tumrap tiyang sanès punika satunggaling kanyatan. Bilih mindhak dinten gesang kita dados sangsaya leres ing ngarsanipun Gusti lan sesami, punika satunggaling kanyatan. Bilih kita gesang ing salebeting sihipun Allah lan nandukaken katresnan dhateng sesami punika satunggaling kanyatan. Inggih punika ingkang nélakaken bilih kita punika saèstu seksinipun Gusti ingkang sah.

Ing Lelakoné Para Rasul 1:8 kasebat bilih sadèrèngipun Gusti Yésus sumengka dhateng swarga, Gusti Yésus sampun ngendika dhateng para muridipun bilih ing titi wancinipun para murid badhé nampi kuwaos, inggih punika nalika Roh Suci nedhaki para murid. Malah janji tumedhaking Sang Roh Suci punika naté dipun ngendikakaken Gusti Yésus nalika Gusti Yésus taksih mulang para muridipun (mirsana. Yoh. 14:26). Punika tegesipun bilih tumedhaking Sang Roh Suci punika mujudaken kelajenganing pakaryanipun Gusti Yésus, kelajenganipun pakaryan ingkang sampun kawiwitán déning Panjenenganipun.

Kuwaosing Roh Suci punika badhé njangkepi para murid kanggé nindakaken misining Allah dados seksi wungunipun Sang Kristus dumugi pungkasaning bumi (L Para Rasul. 1:8). Nanging tembung “kasektèn” (basa Yunani: *dynamis*) ingkang badhé katampi para murid béda kaliyan tembung “kuwaos” (basa Yunani: *eksousia*) ingkang kasandhangaken dhumateng Allah Sang Rama. Dados, kita mboten saged nyamèkaken kasektèn kita (minangka murid) kaliyan kuwaosing Gusti.

## ILUSTRASI

### **Juru Injil punika asmanipun Kiai Ibrahim Tunggul Wulung**

*Dénning: Jaludieko Pramono*

Miturut tradhisi lésan ingkang sumebar ing sakubenging redi Muria, Kiai Tunggul Wulung punika anakipun satunggaling seliripun Radén Ngabéhi Atmasudirdja (Bupati Pulisi Pura Mangku-negaran) ingkang kalairaken kinten-kinten taun 1800 kanthi nama asli Radén Tandakusuma.

Piyambakipun lajeng dados demang ing tlatah Kediri kanthi nama Radén Demang Padmadirdja. Nanging awit anggènipun tumut Perang Diponegoro 1825-1830, lajeng ndhelik lan dados rakyat jelata ing tlatah Juwono, Kediri. Déné sumber sanès nyebataken nama aslinipun Abdullah. Piyambakipun sowan Jellesma satunggaling pendhita ing Mojowarno. Jellesma nampi Tunggul Wulung minangka tamu ingkang dipun urmati. Kiai Jawi punika matur kepéngin nyinaoni Kekristenan. Bab punika damel Jellesma gumun, lajeng Jellesma ndangu mula bukanipun pepénginanipun punika. Piyambakipun manggih-aken dlancang sapotong ingkang wonten seratanipun Angger-angger Sedasa Prakawis nalika nuju tapa ing redi Lawu. Tunggul Wulung ngaken nampi wahyu saking Gusti ingkang ngendika bilih piyambakipun kedah netepi angger-angger punika lan dipun prayogèkaken nyuwun katrangan bab agami ingkang sejati dhateng tiyang-tiyang ingkang manggèn ing Sidoarjo lan Mojowarno.

Jellesma lajeng mutusaken nampi Kiai Tunggul Wulung lan sémahipun, Nyai Endang Sampurnawati. Kekalihipun manggèn ing Mojowarno lan sinau kekristenan sarta maos lan nyerat saking Jellesma. Sasampunipun kalih taun lajeng kabaptis déning Jellesma lan kaparingan tambahan nama Ibrahim.

Salajengipun Kiai Tunggul Wulung wiwit nindakaken pakabaran Injil dhateng tlatah Malang. Kawiwitan ing désa Pelar lan kalajengaken pakabaran Injilipun dhateng Dimoro (Kepanjen), Jenggrik (Malang) lan ing Jungo (Pandaan). Inggih ing tlatah-tlatah punika Kiai Tunggul Wulung damel komunitas-komunitas Kristen. Métodhe pakabaran Injil ingkang katindakaken déning Tunggul Wulung punika lantaran jejagongan (crica-crica sinambi ngaso sasampunipun nyambut damel) temah tiyang-tiyang Jawi langkung gampil mangertos katimbang kedah mirengaken sesorah (*pidhato*) utawi ceramah kados ingkang katindakaken déning para juru Injil Éropa.

Kejawi punika, cara sanès ingkang katindakaken déning Tunggul Wulung inggih punika lantaran dhebat ngèlmu. Sipatipun tiyang Jawi wekdal semanten, condhong badhé ngetutaken tiyang ingkang saged ngawonaken ngèlmu ingkang dipun gadhahi. Sawetawis wekdal candhakipun, Kiai Tunggul Wulung dipun tawéni Sem Sampir (murid Jellesma ingkang kabiyantokaken Pieter Jansz ing Jepara minangka pembantu penginjil pribumi) kanggé mbiyantu nindakaken pakabaran Injil ing tlatah Jepara-Jawa Tengah, lan dipun tampi. Sesarengan kaliyan Sem Sampir, Tunggul Wulung malah nindakaken penginjilan ing tlatah Kabupaten Juwono, sarta ing Margotuhu Klitreh lan Ngluwang (sisih lèr Tayu). Bab kasebat damel gègèr para panguwaos colonial/walandi awit wonten satunggaling tiyang Jawi ingkang dados Kristen, nampi piwulang agami Kristen lan martosaken Injil ing antawisipun tiyang pribumi. Kawontenan punika mbikak mrripatipun para pamarintah kolonial ing bab wontenipun kekristenan Jawi ingkang wonten ing sajawining utusan-utusan Injil Éropa lan katindakaken kanthi bébas tanpa dipun watesi déning tlatah tartamtu kados ingkang kelampah tumrap para utusan Injil Éropa.

Pasamuwan-pasamuwan ingkang kaedegaken déning tiyang-tiyang awam lan juru Injil Jawi asipat integratif. Senadyan sami kabaptis déning pendhita saking kelompok sanès, tiyang-tiyang kalawau sami ndhapuk pasamuwan Jawi ingkang misah. Tiyang-tiyang kalawau sami nyengkuyung tiyang-tiyang Jawi amrih tetep dados péranganing budaya lan masyarakatipun. Pramila, pasamuwan punika saged tuwuh kanthi cepet. Inggih pasamuwan punika ingkang dipun mekaraken déning Kiai Ibrahim Tunggul Wulung ing tlatah redi Muria.

Ing tlatah punika, Ibrahim Tunggul Wulung kasil ngrerimuk lan mangaribawani para pendhèrèkipun saking pundi-pundi papan kadosta Kayuapu, Bangsal, Ngalapan, Margotuhu lan papan-papan sanès kalebet pendhèrèkipun zendeling Peter Jansenz ing sakubenging Jepara.

Kiai Ibrahim Tunggul Wulung dalasan para pendhèrèkipun wiwit mbangun désa-désa Kristen, wiwitan ing tlatah angker ingkang dipun sukanî nama Ujungjati lajeng mengidul kalebet tlatah angker panggènanipun Mbah Suto Bodo inggih tokoh mistik panguwaosing jagading roh ing tlatah pesisir antawisipun Jepara lan Tayu.

Déning Tunggul Wulung tata cara ingkang gegayutan kaliyan ritual pangakening dosa dipun dadosaken tata cara jawi (*pemribumian*) lan dipun mekaraken ing pasamuwan Banyutowo. Miturut piyambakipun, tiyang ingkang ngakeni dosa kedah katindakaken sacara langsung ing sangajenging pasamuwan. Lan kanggé mangayubagya wangsulipun ménda ingkang kesasar kasebat kawontenaken pista ucap sokur awujud pista kupat-lepet ingkang selaras menawi kagandhèngaken kaliyan ngaku lepat ing upacara pangakening dosa kasebat.

Injil kawilujengan tumrap Tunggul Wulung mujudaken satunggaling konsèp bab pangluwaran, sanès panebusan kados ingkang dipun gembar-gemboraken déning para pekabar Injil Éropa. Tumrap masyarakat Jawi nalika semanten, ingkang

damel ajrih ing gesangipun sanès paukuman saking Gusti awit dosa-dosaning manungsa, nanging pangluwaran saking ajrih dhateng kuwaosing si jahat ingkang lajeng dipun elar minangka pangluwaran saking *kerja paksa* lan pangawulan (*perbudakan*) déning bangsa ngamanca. Pangluwaran kasebat sampun kelampahan lantaran Gusti Yésus Kristus. Pramila, pasrah dhumateng Gusti Allah ateges uwal saking kuwaos jahat lan sedaya jinis pangawulan.

Cariyos jangkep saged kawaos ing:

<https://detbookcase.wordpress.com/2017/10/11/kekristenan-di-jawa-vi/>

### **TUNTUNAN PIREMBAGAN:**

1. Nanggapi pawartos ingkang kaserat ing *link* ing bahan punika, punapa ingkang panjenengan raos-raosaken gegayutan kaliyan iman dhumateng Gusti Yésus?
2. Kados pundi wawasan panjenengan ing bab pamartosing Injil ing wekdal sapunika?
3. Kuwaos punapa ingkang kaparingaken déning Gusti Yésus dhateng kita minangka seksinipun?
4. Ilustrasi saking cariyos Ibrahim Tunggul Wulung saged kadadosaken panutup.

[NT/WMS]



# **BAHAN PANYURAOS KITAB SUCI**

## **ADYUSWA**

*Minangka satunggaling bakalan, punapa  
ingkang kacawisaken ing buku punika prelu  
dipun olah malih jumbuh kaliyan  
kawontenanipun pasamuwan piyambak-  
piyambak*





**Bahan PKS Adiyuswa  
Sumengkanipun Gusti Yésus**

Lelakané Para Rasul 1:6-11

**mBoten Namung  
kanggé  
Dipungumuni**



## BEBUKA

Wonten satunggaling tiyang wuta lair mila. Ing satunggaling wekdal, piyambakipun nyuwun unjukan susu satunggal gelas sarta takèn dhateng kancanipun, "Susu iki kaya apa ta?"

Ingkang dipun takèni mangsuli, "Susu kuwi barang èncèr sing wernané putih."

"Apa sing sliramu karepaké kanthi tembung putih?"

"Putih kuwi ulesé banyak."

"Banyak kuwi apa ta?"

"Banyak kuwi bangsané bèbèk gedhé kang guluné dawa tur bénkong."

"Bénkong kuwi apa ta tegesé?"

"Aku arep mbénkongké sikutku, mengko panjenengan grayangi sikutku. Panjenengan bakal pirsa apa tegesé bénkong." aturipun pun kanca ingkang sampun wiwit katelasan nalar.

Tiyang wuta kalawau nggrayangi sikuting kancanipun sarta ngandika, "Saiki aku mangerti, susu kuwi kaya apa!"

Manut tiyang wuta wau, susu punika kados punapa? Kados sikut ingkang bénkong, amargi tiyang wuta kalawau pikantuk katrangan, mangertosi, lan meningi/ngalami kados makaten. Punapa tiyang wuta punika saged dados seksi? Temtu kémawon mboten.

Seksi makaten mboten namung mangertos ananging ugi maringi katrangan saleres-leresipun. Cobi kula aturi mundhut-pirsa dhateng tiyang wuta kalawau: Kadospundi raosipun susu

ingkang dipununjuk? Marupi-rupi raosipun, gumantung ingkang dipununjuk. Menawi naté ngraosaken lajeng badhé saged dados mangertos. Dados seksi, ateges mangertos lan meningi/ ngalami, saweg saged nyariyosaken kanthi saé.

Sanadhiyan kita sampun mangertos lan menigi lelampahan punika, dèrèng temtu kita badhé énggal nyariyosaken prakawis punika malih. saged kelampahan kita ajrih, sinten mangertos wonten ingkang mboten karenan dhateng punapa ingkang kita cariyosaken. Amargi mboten rena, lajeng saged kémawon badhé nyengiti dhateng kita. Utawi mbok bilih, tiyang sanès mboten badhé pitados dhateng ingkang kita cariyosaken, lan nganggep kita menggalih ingkang mboten-mboten, tuwin nyujanani menawi wonten pikajeng ingkang sumimpel ing sawingkingipun ingkang kita cariyosaken. Punika saged mbebayan. Ugi saged kelampahan, nalika kita mboten énggal nyariyosaken, mboten amargi ajrih ananging éram dhateng ingkang kita alami sarta utawi kita pirsani. Ngantos kita dados ndomblong, lan kepéngin dipunsesuwé wonten ing raos éram punika.

### KATRANGAN WAOSAN KITAB SUCI

Nalika sadérèngipun Gusti Yésus sinengkakaken dhateng swarga, Panjenenganipun sampun nilar piweling dhateng para murid-Ipun:

“..... sarta kowé bakal padha dadi seksi-seksiku ana ing Yérusalèm lan ing Yudéa sarta Samaria kabèh, tuwin tumeka ing pungkasaning bumi.” (Lelakané Para Rasul 1:8b)

William Barclay (wonten ing bukunipun Pemahaman Alkitab Setiap Hari), nyathet wonten tigang prakawis ingkang temtu wonten ing gesangung seksinipun Sang Kristus:

- Kaping sepisan, satunggaling seksi punika satunggaling tiyang ingkang ngandika: ”Kula mangertos punika leres.” mBetahaken kemanteban sarta katetepan kanggé ngan-

dikakaken kaleresan, sarta mboten pikantuk ngandika: “mbok menawi ...,” “kinten kula makaten ugi ...” Ananging kedah manteb ngandika: “Kula mangertos.” “Kula mangertos bilih Gusti Yésus punika Juruwilujeng kula. Panjenenganipun wungu saking antawisipun tiyang pejah lan gesang malih.”

- Kaping kalih, satunggaling seksi ingkang leres mboten namung atur paseksi kanthi tembung-tembung, ananging ugi kanthi pandamel sarta bab-bab ingkang saged dipun tulad. Tiyang badhé langkung gampil dados pitados sarta ngéwahi gesangipun, amargi piyambakipun mirsani pandamel kita. Amargi, pangandikan punika saged ngapusi.
- Kaping tiga, wonten ing basa Yunani, tembung kanggé seksi sarta tembung kanggé *martir* (sahid, pejah amargi dados bebantening agami) punika sami, inggih punika tembung *martus*. Satunggaling seksi kedah sumadhiya dados *martir*. Dados seksi ateges dados setya, punapaa kémawon risikonipun.

Waaaadhuuh ..... kok awrat nggih ..... punapa sagah kula netepi timbalanipun Sang Kristus supados dados seksinipun? Kula aturi émut Simon Pétrus, punapa ingkang dipun ngandikakaken Gusti Yésus wonten ing pirembagan pangengèn (pirembagan *pastoral*) ing antawisipun Gusti Yésus kaliyan Simon Pétrus sasampunipun wungunipun Gusti Yésus:

..... "Simon anaké Yohanes, apa kowé tresna marang Aku ngluwihi wong-wong iki?" Unjuké Pétrus, "Inggih Gusti, Gusti pirsa, bilih kawula remen dhateng Gusti." Pangandikané Yésus, "Rumatana cempé-cempéku!" Pangandikané Yésus manèh marang Pétrus kang kapindhoné, "Simon, anaké Yohanes, apa kowé tresna marang Aku?" (Yohanes 21:15-16a)

Gusti Yésus pirsa sarta ngajèni dhateng kajujuranipun Simon, sarta maringi wewengan dhateng Simon Pétrus kanggé nedahaken katresnanipun jumbuh kaliyan kasagedanipun.

Sadèrèngipun Gusti Yésus sinengkakaken dhateng swarga sarta sadèrèngipun Gusti Yésus maringi tugas timbalan, Panjeneanganipun paring prajanji badhé nyamektaaken para muridipun kanggé nindakaken kuwajiban punika:

"Nanging kowé bakal padha tampa pangwasa, samangsa Roh Suci wus nedhaki kowé kabèh, ..." (Lelakoné Para Rasul 1:8a)

Kita asring mastani Roh Suci minangka Juru Panglipur (Inggris: *comforter*) saking basa Latin: *fortis*, tegesipun kiyat. *Comforter* tegesipun satunggaling tiyang ingkang ngisèni manungsa kanthi kakiyatan. Dados Roh Suci punika ingkang badhé ngiyataken kita ngantos wantun lan saged dados seksinipun Gusti Yésus.

Nalika Gusti Yésus sinengkakaken dhateng swarga, murid-muridipun sami kamitenggengen nyipati lelampahan punika. Kula nyobi nggasas punapa ingkang dipuntindakaken murid-murid nalika samanten: murid-murid sami njinglengi obahing kawontenan ingkang kelampahan, tumenga saking ngandhap ..... alon-alon Gusti Yésus sinengkakaken mangginggil dhateng méga. Para murid sami éram menggah punapa ingkang kelampahan, ngantos mboten émut menawi wonten priyantun kalih ngagem ageman pethak (malaékat) jumeneng ing sacelakipun (Lelakoné Para Rasul 1:10). Para murid sami saos sokur déné malaékat kalawau ngèngetaken piyambakipun, bilih sumengkanipun Gusti Yésus dhateng swarga punika mboten namung kanggé dipungumuni, ananging kedah dipunseksèk-aken dhateng tiyang sanès.

Temtu kita sampun gadhah sedya kanggé mboten ndomblong, ananging nindakaken timbalan saking Sang Kristus kanggé dados seksinipun Gusti Yésus. mBokmenawi kita sami takèn,

kadospundi patrapipun dados seksinipun Gusti Yésus ing jagad samangké? Émuta dhateng tigang prakawis ingkang sampun katerangaken ing ngginggil wau:

- Kaping sapisan, satunggaling seksi punika satunggaling tiyang ingkang ngandika: "Kula mangertos punika leres."
- Kaping kalih, satunggaling seksi ingkang leres mboten ngaturi paseksi kanthi tembung-tebung kémawon, ananging ugi kanthi pandamel.
- Kaping tiga, dados seksi ateges dados setya, punapa kémawon risikunipun.

### **PITAKÈN PANYURAOS/PIREMBAGAN**

1. Punapa ingkang ndamel para adiyuswa remen nyariyosaken *keberhasilan* utawi kasiling/kasembadaning ing wekdal kapengker dhateng para laré? Punapa ingkang dados pangajeng-ajengipun para adiyuswa nalikanipun nyariyosaken kasiling/kasembadaning gesangipun ing wekdal kapengker punika?
2. Wonten ing pengalaman padintenan, ugi wonten adiyuswa ingkang mboten kepéngin nyariyosaken lelampahan ingkang naté dipun alami. Miturut panjenengan, punapa ingkang dados jalaranipun?
3. Minangka seksinipun Gusti Allah, punapa ingkang badhé panjenengan seksèkaken dhateng tiyang sanès?
4. Kénging punapa panjenengan wantun paring paseksi?

[ESTK-DEN]





**Panyuraos Kitab Suci  
Adiyuswa  
Sumengkanipun Gusti Yesus**  
*Waosoan Kitab Suci:  
Markus 3:20-35*

## **AMBEG PARAMARTA**



### **ANCAS:**

1. Adiyuswa paham ing bab kamirahanipun Gusti Yésus lan mangertosi tantangan-tantangan kanggé mawujudaken kamirahan/ kaloman.
2. Adiyuswa kaajab saged nindakaken pakulinan dados tiyang ingkang loma.

### **DHASARING GAGASAN**

Salah satunggal wohing Roh inggih punika ambeg paramarta (*kemurahan*). Tiyang ingkang mbuka dhiri nampi ilining Roh Suci ngasilaken woh ambeg paramarta ing gesangipun. Tiyang punika sinebut tiyang ingkang ambeg paramarta. Ing Kamus Besar Bahasa Indonesia, *pemurah* ngemu teges: tiyang ingkang remen wèwèh, mboten cethil, tiyang ingkang loma. Tiyang nggadhahi kaloman/paramarta ing dhirinipun awit anggènipun ngraos-ngraosaken ajining (*nilai-nilai*) gesang. Adatipun tiyang dados loma awit ngraosaken kamirahan saking Allah. Awit ngraosaken kamirahanipun Allah, mila katimbalan nélakaken kamirahan punika dhateng sesami. Ing pakaryanipun ingkang mbébasaken, Gusti Yésus nélakaken kamirahanipun Allah. Ingkang miskin, kapeteg, sakit, betah pitulungan kagepok déning kamirahanipun Gusti. Tumindakipun Gusti Yésus punika dados inspirasi kita ingkang dados pendhèrèkipun. Panjenenganipun nimbalii supados saben tiyang ingkang ndhèrèk Panjenenganipun nindakaken kersanipun Sang Rama. Lantaran bahan punika, adiyuswa kaajab saged dados paha ing bab kaloman/ paramartanipun Gusti Yésus lan tantangan-tantangan ing salebeting nélakaken kamirahanipun Allah.

Kejawi punika, para rawuh kaajab ngulinakaken dados tiyang ingkang loma/ambeg paramarta.

### KATRANGAN TEKS

Wiwit pambaptisanipun Gusti Yésus, Rohing Allah tumedhak lan nunggil kaliyan Panjenenganipun. Inggih Roh Suci ingkang nuntun Gusti Yésus dhateng ara-ara samun supados kagodha. Ing kuwaosipun Roh, Gusti Yésus martosaken Kratoning Allah. Lantaran pawartosipun, Gusti Yésus nélakaken kamirahan dhateng umatipun. Kamirahanipun arupi pangluwaran. Panjenenganipun nélakaken pangluwaran kanggé tiyang ingkang katindhes, miskin, kasisihaken, lan betah pitulungan. Pranyata mboten sedaya tiyang nampi pakaryanipun Gusti Yésus punika. Ahli Torèt lan tiyang-tiyang Farisi minangka para agamawan sengit dhumateng pakaryanipun. Atas namining ritual keagamaan tiyang-tiyang punika ngancam, nyebar téror dhumateng Gusti Yésus lan pendhèrèkipun. Tiyang-tiyang kalawau nanem raos ajrih dhateng tiang-tiyang ingkang nampi kamirahanipun Allah ingkang katindakaken déning Gusti Yésus.

Gusti Yésus nyaruwé/ngritik gesanging kapitadosan ingkang wonten ing salebetipun pameteg lan raos ajrih. Pramila Panjenenganipun ngluwari tiyang-tiyang ingkang ngalami pameteg lan tansah dipun ajri-ajrihi déning raos ajrih. Tumindakipun Gusti Yésus anggénipun nyarasaken tiyang sakit lan kepanjungan dhemit punika salah satunggaling cara ingkang kaagem déning Gusti Yésus kagem nélakaken pangluwaran. Kados pundi tanggapanipun tiyang-tiyang ingkang sumerep pakaryanipun Gusti Yésus punika?

Tiyang Kathah	Brayatipun Gusti Yésus	Tiyang-tiyang Farisi
Tiyang kathah ingkang sadintendinten gesang ing salebeting panandhang,	Kulawarganipun Gusti Yésus nélakaken patrap pasrah dhateng kasunyatan.	Sami rumaos mboten jenjem kaliyan kawontenan ingkang kaasta

<p>kapeteg, nglokro, sakit, kepanjungan dhemit ngraosaken bilih pakaryanipun Gusti Yésus punika pakaryan ingkang maringi pangluwaran. Panjenenganipun rawuh ngasta éwah-éwahan. Sihipun Allah ingkang dipun wartosaken ngluwari saking sedaya blenggu.</p>	<p>Pramila sedhèrèk-sedhèrèk punika sami mboten kepéngin Gusti Yésus tumindak ingkang kaanggep lelawanan kaliyan pikajengipun pemimpin Agami Yahudi. Inggih punika gegambaranipun tiyang-tiyang ingkang kawon déning kawontenan. Ing kawontenan ingkang kados mekaten punika tiyang lajeng dados apatis, kécalan pangajeng-ajeng. Pramila, brayatipun Gusti Yésus nganggep Gusti Yésus mboten waras.</p>	<p>dénинг Gusti Yésus. Tiyang-tiyang Farisi ingkang dipun mangertosi minangka tiyang-tiyang ingkang nggadhahi wewenang mutusaken tiyang nandhang dosa punapa mboten rumaos wontenipun Gusti Yésus ngganggu “bisnis ritual” ingkang ngantos semanten dipun tindakaken. Menawi Gusti Yésus ngluwari, ateges mboten wonten tiyang malih ingkang saged dipun damel ajrih srana wontenipun dogma-dogma/piwucal saha ritual-ritual Yahudi. Mila tiyang-tiyang</p>
--	--	---

		punika mboten namung ngucap Gusti Yésus mboten waras, nanging kepanjungan dhemit.
--	--	---

Panutuhipun tiyang-tiyang Farisi cetha mboten wonten dhasaripun. Kados pundi déné Panjenenganipun ngluwari tiyang ingkang kepanjungan dhemit, ngalami panandhang, nglokro, sakit, martosaken kabar kabingahan kanthi migunak-aken pengulu dhemit utawi Beèlzebul? Gusti Yésus ngendika bilih sanès Beèlzebul ingkang tumindak wonten ing Panjenenganipun, ananging Roh Suci. Pramila, Panjenenganipun ngasta pasemon bab satunggaling krajan utawi rumah tangga ingkang crah temtu mboten saged lestari. Saupami Beèlzebul ngusir anak buahipun piyambak, krajanipun mesthi badhé ajur amargi sami-déné anggènipun ngrisak.

Punapa Gusti Yésus nyimpen dukanipun tumrap panutuh punika? Ing Injil, ketingal bilih Panjenenganipun mboten nindakaken bab punika. Gusti Yésus punika sanès Allah ingkang nyimpen duka lan ngendhem sengit. Panjenenganipun punika Allah ingkang ambeg paramata/loma! Inggih awit kalomanipun punika Panjenenganipun nélakaken pangluwaran dhateng tiyang-tiyang ingkang katawan, lan sami ngraosaken panandhang ing salebeting perang batos (*pergumulan*). Ugi dhateng manungsa Gusti ingkang ambeg paramarta punika maringaken pangapuntening dosa. Allah ngapunteni sedaya dosaning manungsa kalebет panyenyamahing manungsa. Nanging ing Injil Markus 3:29 kasebataken wonten dosa satunggal ingkang mboten saged dipun apunteni inggih punika dosa ngawon-awon Sang Roh Suci. Punapa dosa ngala-ala Sang Roh Suci punika? Dosa ngawon-awon Sang Roh Suci punika dosa ingkang katindakaken kanthi sengaja mboten martosaken kayektènipun Allah kanthi leres (*memutarbalikkan*). Gusti

Yésus ngèngetaken bab punika dhateng tiyang-tiyang Farisi ingkang kanthi sengaja mboten martosaken kayektènipun Allah kanthi leres lan nganggep pakaryanipun Allah minangka padamelanipun dhemit. Éman sanget, pratélanipun Gusti Yésus punika sapunika asring dipun ginakaken déning kelompok Kristen tartemtu kanggé ngakimi tiyang sanès. Kamangka sedyanipun Gusti Yésus mboten mekaten. Menawi ayat-ayat Kitab Suci dipun ginakaken kanggé ngakimi tiyang sanès, punika nama ujeding anggènipun migunakaken agami minangka sarana ngajrih-ajrihi, mboten ngluwari/ mbebasaken.

Kejawi paring wangsulan dhateng panutuhipun tiyang-tiyang Farisi lan para ahli Torèt, Gusti Yésus ngendika bab ibu lan kulawarganipun. Injil nyariyosaken bilih kulawarganipun mboten gampil nampi piwulang lan tumindakipun Gusti Yésus. Sedhèrèk-sedhèrèk kasebat sumadhiya nyingkiraken Gusti Yésus awit gadhah pamanggih bilih Panjenenganipun mboten waras. Ibu lan sedhèrèk-sedhèrèkipun Gusti Yésus kados-kados “aben ajeng” kaliyan Gusti Yésus awit mboten tunggil paham. Sedhèrèk-sedhèrèkipun kasebat kèngkènan tiyang ngaturi Panjenenganipun. Ing satengahing kulawarga ingkang mboten paham ing bab pakaryanipun Gusti Yésus punika, Panjenenganipun tetep wonten ing timbalanipun inggih punika nélakaken kamirahanipun Allah. Gusti Yésus tetep memulang lan nélakaken pemulihanipun kanggé saben tiyang ingkang mbetahaken pitulunganipun. Tiyang-tiyang ingkang ngraosaken kamirahanipun Gusti Yésus kasebat lajeng damel sesambutan ingkang raket sanget kaliyan Gusti Yésus, malah langkung raket tinimbang sesambetaning brayat. Pramila nalika Gusti Yésus ngendika sinten ibu lan sedhèrèk-sedhèrèkipun, Gusti Yésus mboten namung nyebat tiyang-tiyang ingkang manggèn sagriya lan kaiket déning rah, nanging ugi tiyang-tiyang ingkang sesarengan kaliyan Panjenenganipun lan gesang tresna-tinresnan. Gusti Yésus ngendika, “Sing sapa nindakaké kersaning Allah, yaiku sadulur-Ku lanang, yaiku sadulur-Ku wadon, yaiku ibu-Ku” (Mark. 3:35).

## PITAKÈNAN PANUNTUN PIREMBAGAN

1. (*pitakènan punika saged ugi kaandharaken ing pérangan wiwitan PKS, sadèrèngipun katrangan tèks*). Saben tiyang naté ngraosaken kaloman saking sesaminipun. Kacariyosna pengalaman panjenengan nalika nampi kaloman saking tiyang sanès (*sasampunipun sami nyariyosaken pengalaman nampi kaloman saking sesami, PKS kalajengaken srana ngrembag tèks*).
2. (*pitakènan punika saged kaaturaken sasampunipun ngrembag tèks*). Kados-déné Gusti Yésus nampi tantangan lan pembangan nalika mratélakaken kalomanipun Allah, punapa panjenengan naté ngalami pembangan lan tantangan nalika andum kaloman? Punapa ingkang panjenengan tindakaken?
3. Namung awit kamirahaning Allah, kita nanmpi kawilujengan. Minangka tiyang-tiyang ingkang kawilujengaken dèning kamirahanipun Allah, tumindak punapa ingkang badhé panjenengan lampahi kanggé ngucap sokur?

## USULAN KAGIYATAN

### Punapa Purun Wèwèh?

Pemimpin saged nyuwun para rawuh mundhut barang (ingkang sampun kacawisaken) ingkang kaanggep ngremenaken tumrap para rawuh. Punapa ingkang dipun dumaken punika saged awujud tetedhan, souvenir, lan sanès-sanèsipun. Pemimpin prelu nyawisaken sadaya punika sadèrèngipun.

Sasampunipun para rawuh mundhut barang ingkang kaanggep ngremenaken punika, para rawuh kaaturan paring katrangan kéging punapa milih barang punika lan kéging punapa barang punika dados barang ingkang ngremenaken. Sasampunipun sedaya maringi alesanipun, para rawuh kadangu “Punapa kersa ngaturaken barang punika dhateng sanèsipun?”

Para rawuh kasuwun paring wangslanan. Menawi inggih, utawi kersa, punapa alesanipun? Menawi kosokwangslipun, punapa alesanipun?

PKS kapungkasan srana ngajak para rawuh nindakaken réflèksi teges kaloman kados ingkang katindakaken déning Gusti Yésus.

[ESTK/WMS]



# **BAHAN PAKEMPALAN PANDONGA**

*Minangka satunggaling bakalan, punapa  
ingkang kacawisaken ing buku punika prelu  
dipun olah malih jumbuh kaliyan  
kawontenanipun pasamuwan piyambak-  
piyambak*





**Pakempalan Pandonga 1**

*Waosoan Kitab Suci:  
Yohanes 16:12-15*

**ROH SUCI NUNTUN  
DHATENG  
WETAHING  
KAYEKTÈNAN**

**1. WEKDAL ENING****2. KIDUNG PAMUJI**

“ALLAH MAHAKWASA JUMENENG PAMARTA”  
KPJ 69

- 1) Allah Maha kwasa jumeneng Pamarta,  
sèstu gung tresnanya, angruwat dosa.  
Salir tyang pracaya lamun tansah setya  
luwar sing antaka, mlebet mring swarga.

*Reff.:*

*Sung sembah puja konjuk Sang Rama,  
kang paring nugraha tentrem raharja.  
Sung sembah bekti konjuk mring Gusti,  
kang sampun nyawisi kamulyan swargi.*

- 2) Rama Mahamirah ngrentahken gung berkah  
tyang nandhang sangsara manggih waluya  
Saliring pra umat tan kendhat rinimat.  
srana peparingnya, nadyan prasaja.

*Reff.:*

- 3) Gusti Mahaagung kang paring pitulung,  
nglipur manah sisah mrih datan semplah.  
Njangkung kagungannya, temah tansah begja,  
gesang mursid yekti dumugèng janji.

*Reff.:*

**3. PANDONGA PACAWISAN WEDHARING  
PANGANDIKA****4. KIDUNG PAMUJI**

“PINUJIA TANSAH ALLAH MAMIRAH”

KPJ 59

- 1) Pinujia tansah Allah Mamirah,  
kang gung tresna nira mring salir titah.  
Tyang dosa duraka sinung apura,  
tinebus sing pati temah basuki

*Reff.:*

*Luhurna, mulyakna Gusti Sang Pamarta!  
Luhurna, mulyakna Pangruwating dosa.  
Pasrah maring Allah srana pracaya  
margining waluya tentrem raharja.*

- 2) Pinuji slaminya Allah Matresna,  
kang ngegungken sabar mring tyang kang nasar,  
nuntun mring pitobat srana sih-rahmat,  
mriih tyang mursid yekti sinung Roh Suci.

*Reff.:*

**5. PAMAOSING KITAB: SUCI YOHANES 16:12-15**

**6. KIDUNG PAMUJI**

“SANG ROH SUCI MUGI PARENG”

KPJ 289

- 1) Sang Roh Suci mugi pareng anedhaki tyas kula,  
dimèna tentrem rahayu, kapenuhan ing tresna.

*Reff.:*

*Dhuh Gusti kang setya, Paduka kula ndelaken;  
mugi pareng nedhakaken, Roh Suci ing tyas kula.  
Gusti, mugi nucèkaken tyas kula.*

- 2) Sumangga cahya Paduka amadhangna tyas kula,  
mugi pepetenging dosa binirata sadaya.

*Reff.:*

**7. WEDHARING PANGANDIKA**

## **“ROH SUCI NUNTUN DHATENG WETAHING KAYEKTÈN”**

Gusti Yésus sumengka dhateng ing swarga, tumuju dhateng kamulyanipun Sang Rama sasampunipun nglampahi panandhang, séda lajeng wungu malih. Panjenenganipun mboten ngersakaken para sakabat piyambakan. Prasetyanipun dhateng para sakabat, badhé ngutus Roh Panglipur, Roh Kayektèn, inggih punika Roh Suci supados nyarengi para sakabat. Prasetyanipun Gusti dhateng para sakabat dipun tetepi wonten ing dinten Péntakosta (Para Rasul 12: 1-3). Sih rahmat ingkang ageng sanget saking Sang Rama, ingkang awit katresnanipun maringaken Roh Suci dhateng para sakabat lan dhateng kita ingkang sami pitados dhumateng Panjenenganipun.

Awit saking punika, minangka para muridipun Gusti Yésus, kita katimbalan tinarbuka, mbikak manah, sumadhiya kapimpin déning Roh Suci. Lumantar Roh Suci ingkang nguwaosi tiyang pitados, badhé nuntun tiyang pitados gesang ing kayektèn, kapitadosan lan nggondhèli pangandikanipun Gusti, tuwin mbudidaya gesangipun kagem kamulyaning Sang Kristus. Bab punika kados ingkang sinerat ing Injil Yohanes 16: 13-14: “Nanging yèn Sang Juru Panglipur iku rawuh, iya iku Rohing Kayektèn, iku bakal nuntun kowé marang kayektèn sasampurnané. Awit mungguh pamangsité iku ora bakal saka karsané piyambak, nanging sapamirengé iku kang bakal diwangsitaké sarta kowé bakal diwartani bab-bab kang bakal kalakon. Panjenengané bakal ngluhuraké Aku, amarga bakal martosaké marang kowé apa kang katampi saka Aku.” Awit saking punika, adhedhasar Injil Yohanes 16: 12-15, tiyang ingkang tinarbuka dhumateng pangreksanipun Roh Suci badhé ndarbèni sikep gesang, ing antawisipun:

**1) Gesang wonten ing pamratobat lan kayektèn.**

Kénging punapa tiyang ingkang tinarbuka dhumateng pangreksaning Roh Suci ndarbèni sikep gesang ing pamratobat lan kayektèn? Jalaran Roh Suci badhé nuntun kita minangka muridipun Gusti Yésus, dhateng sadaya kayektènan. Nenuntun saged dipun tegesaken minangka nedahaken margi. Saged kagambaraken kadosdéné tiyang ingkang nuntun para *pendhaki* minggah redi, utawi ingkang nuntun para pelancong, nedahaken marginipun, dumugi pucaking redi utawi papan ingkang dipun kajengaken. Sarana wontenipun tiyang ingkang nuntun, ingkang nedahaken margi, andadosaken tiyang mboten kesasar lan saged dumugi panggènan ingkang dipun kajengaken.

Sanadyan makaten, ing bab Sang Roh ingkang nuntun tiyang pitados dhateng wetahing kayektèn, mboten ateges Roh Suci “meksa” dhateng kita, nanging nuntun dhateng kayektèn, ingkang sumberipun saking Gusti Allah. Tegesipun gumantung dhateng tiyang pitados anggènipun nanggapi panuntuning Roh Suci. Punapa piyambakipun purun nampèni punapa boten. Awit saking punika ukara, “Roh Suci badhé nuntun tiyangpitados wonten ing kayektèn,” ngemu teges kalih: *Sapisan*, Roh Suci ingkang nuntun tiyang pitados gesang wonten ing kayektèn, inggih punika gesang ingkang nyondhongi karsanipun Allah. *Kaping kalih*, Roh Suci nyumerepaken tiyang pitados ingkang gesang wonten ing dosa lan kalepatan katuntun dhateng margi ingkang leres, inggih punika marginipun Gusti. Awit saking punika, nalika tiyang pitados gesang wonten ing dosa, piyambakipun katimbalan supados mboten ngekahai manahipun, nanging tumunten nglengganani lan keduwung tuwin mratobat dhumateng Gusti. Salajengipun, sumerep dhateng kayektèn njalari tiyang pitados kanthi sadhar wantun nampik lan mboten badhé pitepungan kaliyan dedosa, lan gesang wonten ing kayektèn laras kaliyan panuntuning Roh Suci.

## **2) Pitados dhumateng Pangandikanipun Gusti lan nyepengi Pangandikanipun.**

Kénging punapa tiyang ingkang gesangipun tinarbuka dhateng pangreksanipun Roh Suci ndarbèni sikep pitados dhumateng Pangandikanipun Gusti lan nyepengi Pangandikanipun? Kados prasetyanipun Gusti Yésus, bilih Roh Suci mboten badhé neksèni dhateng sariranipun piyambak, ananging sadaya ingkang kapidhanget saking Gusti Yésus punika ingkang badhé kalairaken. Gusti Yésus prasetya dhateng para sakabat, nalika Panjenenganipun ngutus Roh Suci dhateng para sakabat, Roh Suci badhé nuntun para sakabat bab punapa ingkang katampi saking Gusti Yésus. Makaten ugi ing sadaya prakawis ingkang badhé kalampahan.

Kita inggih dipun èngetaken prasetyanipun Gusti dhateng para sakabat, bilih Jurupanglipur inggih punika Roh Suci, ingkang badhé mulangaken samukawis dhateng para sakabat lan ngèngetaken dhateng sadaya ingkang sampun kapangandikakaken déning Gusti Yésus (Mirsanana Yohanes 14:26). Bab punika nyata sasampunipun lelampaahan tumedhakipun Roh suci ing dinten Péntakosta. Salah satunggaling sakabat inggih punika Pétrus kanthi kendel medhar pangandika ing sangajenging tiyang kathah, aneksèni bab Gusti Yésus, mulang lan ngadharaken pangandikanipun Gusti, temahan wonten tigang èwu tiyang ingkang mratobat, pitados dhumateng Gusti Yésus lan masrahaken gesang nampèni pratandha baptis (Para Rasul 2: 14 -42). Bab punika kalampahan karana katuntun déning Roh Suci wonten ing gesangipun. Pétrus minangka sakabatipun Gusti Yésus, sanadyan sanès sakabat ingkang necep pasinaon ing pawiyatan, ingkang rumiyin dados jurumiyyasa ulam lan naté nyélaki Gusti Yésus. Nanging karana piyambakipun purun tinarbuka kareksa déning Roh Suci piyambakipun lajeng kendel neksèni lan ngandharaken kayektènaning pangandikanipun Gusti. Tiyang kathah ingkang sami mirengaken khotbahipun

Petrus, karana purun tinarbuka kareksa déning Roh Suci, inggih lajeng sami pitados dhumateng pangandikanipun Gusti lan masrahaken gesang kanthi kabaptis.

Minangka tiyang pitados, kita katimbalan tinarbuka purun nampèni panuntunipun Roh Suci, satemah kita tansah kaèngetaken dhateng kayektènaning pangandikanipun Gusti, mitados lan kasagedaken kanthi imanipun ngugemi Pangandikanipun Gusti minangka cepenganing gesangipun, sarta nindakaken ing gesang padintenan. Kanthi makaten gesang kita badhé dados seksinipun Gusti ing pundia papan.

Ing sisih sanès, minangka tiyang pitados sapantesipun tansah ngunjukaken panuwun, menawi kita tinarbuka kareksa déning Roh Suci, awit Roh Suci martosaken bab-bab ingkang badhé kalampahan. Tegesipun, Roh Suci badhé nyumerepaken dhateng kita bab-bab ingkang badhé kalampahan, laras kaliyan pangandikanipun Gusti, temah kita saged nampèni lan pitados. Contonipun, kéging punapa kita saged pitados dhateng rawuhipun Gusti Yésus ingkang kaping kalih? Kéging punapa kita pitados dhateng tanginipun raga? Inggih karana Roh Suci ingkang ngreksa gesang kita. Panjenenganipun ingkang paring pawartos punapa ingkang sinerat ing Kitab Suci, temahan kita kasagedaken nampèni lan pitados. Karana Roh Suci, kita minangka tiyang pitados katimbalan supados tansah ndarbèni pangajeng-ajeng lan setya dhateng prasetyanipun Gusti, jalaran prasetyanipun Gusti temtu katetepan.

### **3) Ngluhuraken Gusti Yésus**

Kéging punapa tiyang ingkang kareksa déning Roh Suci ndarbèni sikep gesang ngluhuraken Gusti Yésus? Kados prasetyanipun Gusti ingkang sampun kapangandikakaken dhateng para sakabat, bilih Roh

Suci badhé maringaken dhateng para sakabat punapa ingkang sampun katampi saking Gusti Yésus. Roh Suci mboten ngreksa kayektèn piyambak, pramila Panjenenganipun badhé tansah ngluhuraken Gusti Yésus ing sadhéngah pakaryan lan tumindakipun. “Apa sakagungané Sang Rama, iku iya duwèk-Ku; mulané Aku pitutur: Sang Jurupanglipur bakal martosaké marang kowé apa kang wus katampi saka Aku.” (ayat 15), makaten ingkang dados sabdanipun Gusti Yésus.

Awit saking punika, saben tiyang ingkang purun katuntun déning Roh Suci, gesangipun badhé ngluhuraken Gusti Yésus. Kita saged nuladha saking gesangipun pasamuwan ingkang wiwitan (Para Rasul 2: 41-47). Pasamuwan sami nyawiji lan nunggal manah. Sami tumemen ing piwulangipun para rasul lan wonten ing patunggilan. Ngempal kanggé bujana lan ndedonga. Para rasul nindakaken sakathahing mukijiat lan pratandha. Sami dundum dhateng sesami ingkang kakirangan sarana barang darbèkipun. Pasamuwan sami nindakaken sadaya kalawau kanthi tulus lan bingahing manah, sami memuji lan ngluhuraken Gusti Allah. Kanthi makaten gesangipun pasamuwan wiwitan dipun tresnani sadaya tiyang.

Makatena ugi kita katimbalan supados ngluhuraken Gusti Yésus. Ngluhuraken Panjenenganipun mboten winates ing gedhong gréja, ananging magepokan kaliyan sadaya péranganing gesang kita, ing pundia papan lan panggènan, kanthi mbabaraken dhawuh lan patuladhanipun Gusti Yésus, gesang ing katresnan, kayektèn lan kaadilan. Kados wonten ing patuladhan pasamuwan wiwitan, ing salebeting brayat, pasamuwan lan masyarakat, gesang kanthi pirukun, sami tresna-tinresnan, purun andum ing bab ingkang kita darbèni. Sadaya katindakaken kanthi tulus iklas lan kadhasaraken raos panuwun dhumateng Gusti, mboten kanthi nggresula lan kapeksa. Sumangga ing mangsa Pentékosta punika, kita mbabaraken pakaryan lan

tumindak ingkang nyata, ingkang asipat ngluhuraken Gusti Yésus. Sarana makaten asmanipun Gusti Yésus kapuji lan kamulyakaken déning sadaya tiyang. Amin

## 8. WEKDAL ENING

### 9. KIDUNG PAMUJI

“SANG ROH SUCI, ROHING KATRESNAN”  
KPJ 292

- 1) Sang Roh suci, rohing katresnan,  
nuntuna mring kula slaminya;  
nyingkirna raos pasulayan,  
amrih jagad tentrem raharja,  
ngrukunken tyang kang cecongkrahan,  
mbereg nilar tumindak dosa;  
ngiyatken manah ingkang semplah.  
Dhuh Gusti, nuntuna mring kula.
  
- 2) Dhuh Roh Suci, roh kasunyatan;  
nunggila mring kula slaminya,  
mrih babaring karsaning Allah  
wah tobating tyang ambek-siya.  
Labuh-labet sepi ing pamrih,  
nglawan panindhes klayan sih;  
tan ajrih pepalang - rubéda.  
Dhuh Gusti, nunggila mring kula.

## 10. PANDONGA SAFAAT

### 11. KIDUNG PAMUJI

“TÉKADING MANAH KAWULA”  
KPJ 452:1

- 1) Tékading manah kawula tansah ndhèrèk mring Gusti,  
yéku Panutan sanyata, nggih Panebus sejati.  
Margining salib ingambah, mbangun turut mring Allah.  
Mbabarken tresna sejati, mrih jagad tentrem basuki.

**Pakempalan Pandonga 2***Waosoan Kitab Suci:**Yehèzkièl 47:1-12***MITUHU DHATENG  
ROH SUCI****1. WEKDAL ENING****2. KIDUNG PAMUJI**

“SIHING ALLAH KANG MAHATRESNA”  
KPJ 62:1-3

- 1) Sihing Allah Kang Maha tresna sung gesang nyata mring kula.  
Yéku sih kang ngéram-éramna mring kula tyang kebak dosa. Mila kula tansah muji tan kendhat rinten lan ratri
- 2) Yèn Allah nganggep dosa kula wah lepat klèntuning lampah,  
kawula nemahi antaka wit gesang mung awon tansah.  
Nging Gusti lubèr sih-rahmat kula pepuji tan kendhat.
- 3) Mring salir tyang, nggih sanak-kadang,  
mesthi kawula tedahna  
margi kang anjog ing pepadhang, yéku sih-rahmat sanyata.  
Punika sokur kawula mring Gusti Kang Mahatresna.

**3. PANDONGA PALADOSAN PANGANDIKA****4. KIDUNG PAMUJI**

“SANG ROH SUCI DEDALEM ING ATI”  
KPJ 288:1-2

- 1) Sang Roh Suci dedalem ing ati,  
amrih tyang gesang énggal sejati,  
tumemen olah katresnan,  
wah karoban kabingahan,  
Sang Roh Suci dedalem ing ati.

- 2) Sang Roh Suci dedalem ing driya,  
temahan gesang tentrem-raharja,  
sabar, sareh, paramarta, kautamèn dèntengenna,  
Sang Roh Suci dedalem ing driya.

## **5. PAMAOSING KITAB YEHÈZKIÈL 47:1-12**

### **6. KIDUNG PAMUJI**

**“SANG ROH SUCI MUGI PARENG”**

KPJ 289:1-3

- 1) Sang Roh Suci mugi pareng anedhaki tyas kula,  
dimèn a tentrem rahayu, kapenuhan ing tresna.

*Reff.:*

*Dhuh Gusti kang setya, Paduka kulandelaken;  
mugi pareng nedhakaken Roh Suci ing tyas kula.  
Gusti, mugi nucekaken tyas kula.*

- 2) Sumangga cahya Paduka amadhangna tyas kula,  
mugi pepetenging dosa binirata sadaya. *Reff.:*

- 3) Mugi ngirid lampah kula manut pangrèh Paduka.  
Paduka kula bektèni ngantos dugeng wekasan. *Reff.:*

## **7. WEDHARING PANGANDIKA**

### **“MITUHU DHATENG ROH SUCI”**

“Ing pinggiré kali kiwa tengen ana wité wowohan  
warna-warna, kang godhongé ora alum lan wohé ora  
entèk-entèk; saben sasi awoh manèh, sabab wit-wit iku  
olèh banyu saka papan kang suci iku. Wohé bakal dadi  
pangan, déné godhongé kanggo tamba.”

**(Yehèzkièl 47: 12)**

Satunggaling jurutani ing wanci dalu, sesarengan kaliyan  
kancanipun nlusur pinggiring lèpèn ngudi pados toya,  
ingkang badhé kaginakaken kanggé ngilèkaken toya  
dhateng sabin ingkang sampun dipun tanemi pantun,  
jalaran sabinipun wiwit garing kasatan toya.

Sasampunipun sabin kalawau pikantuk toya, taneman pantun kalawau lajeng tuwuh kanthi saé lan dados subur. Nalika jurutani kalawau nglajengaken nlusur lèpèn, piyambakipun kraos ngelak. Sasampunipun ngombé toya ingkang dipun bekta, piyambakipun lega, ngelakipun ical lan seger malih.

Saking cariyos ing nginggil, kita saged sinau bilih kadospundi wigatinipun toya tumraping manungsa lan sadaya titah. Tanpa toya, sadaya badhé pejah. Kosokwangslipun, lumantar toya, wonten gesang. Inggih punika ingkang dipun tingali déning nabi Yehèzkièl wonten ing Yehèzkièl 47: 1-12. Ing wekdal semanten Gusti nuntun Yehèzkièl dhateng korining Padaleman Suci, piyambakipun lajeng mirsa wonten toya ingkang medal saking Padaleman Suci, ingkang tumuju dhateng tlatah wétan. Ketingal toya ingkang medal saking Padaleman Suci inggilipun taksih sapolok. Toya kalawau sangsaya mlémbar lan sangsaya lebet, ngantos dumugi dhengkul lan minggah malih dumugi bangkèkan. Tundhonipun sangsaya inggil lan dados lèpèn. Punika njalari Yehèzkièl mboten saged mlampah, sabab toya sangsaya inggil lan tiyang namung saged nglangi, temahan lèpèn kalawau mboten saged dipun langkungi malih.

Lumantar tetingalanipun, Gusti ngajak Nabi Yehèzkièl mlipir nurut pinggiring lèpèn, wangslu malih dhateng Padaleman Suci. Nalika ing margi, ketingal ing pinggiring lèpèn kiwa tengen, sampun kathah wit-witan ingkang thukul. Gusti paring pangandika dhateng Yehèzkièl bilih lèpèn kalawau njujug dhateng seganten asin, ingkang ngandhut sarempipun inggil. Anèhipun, toya kalawau badhé damel seganten asin dados tawar. mBoten namung punika, saking tetingalan Yehèzkièl, pranyata toya ingkang medal saking Padaleman Suci kasebat, badhé dados ilèn-ilènèng toya ingkang migunani dhateng ing pundia kémawon toya kalawau mili. Sadaya ingkang pikantuk ilèn-ilènipun toya badhé nampi prakawis ingkang nengsemaken. Sadaya titah

ingkang gumremet, manéka warni ulam ingkang kajala déning jurumiyasa ulam, makaten ugi rawa, sadaya dados prayogi. Ing pinggiring lèpèn tuwu ngrembaka tetaneman wowohan. Ronipun mboten alum lan wohipun mboten wonten telasipun. Wohipun dados tetedhan lan ronipun dados jejampi, sabab sadaya wit pikantuk toya saking papan suci, inggih Padaleman Suci.

Saking tetingalan nabi Yehèzkièl wau, punapa maknanipun kanggé kita? Menawi kita pirit saking Prajanjian Anyar, Roh Suci, kejawi ginambar kadosdéné latu lan angin, dipun gambaraken ugi kadosdéné toya. Bab punika saged kita waos ing Injil Yohanes 7: 38-39a. *Sing sapa pracaya marang Aku iku kaya wiraosé kitab: Ilèn-ilèn banyu urip bakal padha mili saka ing batiné.*” Pangandikané mangkono iku mau kang dikarsakaké yaiku Roh, kang bakal ditampa déning wong-wong kang padha pracaya marang Panjenengané.

*Sapisan*, tetingalanipun Yehèzkièl ing bab toya ingkang medal saking Padaleman Suci, dados ilèn-ilèning lèpèn ingkang saged kanggé nglangi, ing ngriku saged dipun sukani teges, supados kita minangka muridipun Gusti Yésus purun ngetutaken ilèn-ilènipun toya lèpèn, inggih punika Roh Suci. Ilining toya ingkang tansah mili nyagedaken manungsa ingkang pitados mlampah ing gesang manut ing pangreksanipun Roh Suci. Temahan ilining lèpèn kalawau dados ilining lèpèn ingkang migunani lan nggesangi.

Inggih makaten punika kedahipun ingkang kalampahan ing gesang kita. Minangka muridipun Gusti Yésus purun anut ilining pakaryanipun Roh Suci. Tegesipun gesang kita tinarbuka dipun reksa déning Roh Suci, purun jumangkah sesarengan kaliyan Roh Suci lan tansah mituhu dhumateng karsaniPun. Sarana makaten gesang kita kadosdéné ilining toya gesang, ingkang nyegeraken, damel asrep lan nggesangi. Sasampunipun gesang kita tinarbuka dhumateng

pangreksanipun Roh Suci, gesang kita minangka muridipun Gusti Yésus ndayani gesangipun tiyang sanès inggih pinanggih prayogi. Kita dados lantaraning berkah tumrap sesami. Wontenipun kita minangka para muridipun Gusti Yésus salugunipun tansah dipun ajeng-ajeng lan karaosaken paédahipun, ing tengahing brayat, papan panyambutdamel, pasamuwan lan masyarakat. Tundhonipun tiyang ing sakiwa tengen kita ngraosaken tentrem lan bingah. Saben pitembungan lan pocapan ingkang kalair saking tutuk kita, sanès pitembungan ingkang damel tatu, nanging pitembungan ingkang kebak kawicaksanan, mbangun lan dados margining berkah. Makaten ugi menggahing tumindak lan pandamel kita, nedahaken sikep gesang ingkang kebak katresnan, satemah lumantar tumindak lan pandamel kita, tiyang sanès kalipur, kakiyataken lan kasantosakaken.

*Kaping kalih*, tetingalan Yehèzkièl ing bab toya ingkang medal saking Paleman Suci, dados lèpèn ingkang mili, satemah dhateng pundi ilining lèpèn kalawau njalari sadaya saged gesang. Ilining toya ingkang nggesangaken. Sadaya titah ingkang gumremet, lan manéka warni ulam. Ing sadaya pinggiring lèpèn tuwuhané manéka warni taneman ingkang ngedalaken uwohipun, ingkang ronipun mboten alum lan wohipun mboten badhé telas tuwin ronipun dados jampi. Bab punika mengku teges, bilih Roh Suci: “Ngesangaken”. Tegesipun, Roh Suci ingkang wonten ing gesang kita kawasa nangékaken semangat ing wekdal nalika ngalami gagal punapadéné kasangsaran; paring kakiyatan nalika ing salebeting karingkihan; maringi kekendelan ing salebeting kita rumaos ajrih. Roh Suci maringi panglipuran nalika kita ngalami kasisahan. Panjenenganipun maringi pepadhang nalika kita nampi pepeteng. Roh Suci ngreksa kita supados tetep tuwuhan, ngoyod lan ngedalaken uwoh wonten ing karsaniPun. Awit wonten ing gesang padintenan, mboten saged uwat saking tantangan lan prakawis ingkang kita adhepi. Nanging

kanthi pangreksanipun Roh Suci, kita kasagedaken wantun ngadhepi.

Tinarbuka dhumateng pangreksanipun Roh Suci utawi manut ilining pakaryanipun Roh Suci, wonten ing kasunyatan mboten gampil, kathah tantanganipun lan pepalang ing kita adhepi. Nanging kanthi tinarbuka tumrap pakaryaning Roh Suci, kita badhé ngalami ilining Roh Suci. Bab punika kados ingkang kagambaraken lumantar tetingalanipun Yehèzkièl, nalika toya medal saking Palaleman Suci ingkang suwaunipun taksih sapolok, sadhengkul lan sabangkèkan, tiyang taksih saged lelumban kanthi mardika. Nanging sasampunipun sangsaya lebet temahan tiyang mboten saged lelumban, sagedipun kedah nglangi anut ilining toya. Inggih ing ngriki, wigatining manut ilining Roh Suci, tinarbuka kareksa déning Roh Suci, satemah Roh Suci piyambak ingkang nyagedaken kita nindakaken manut ing karsaniPun. Saking ngriku gesang kita salugunipun mengku aos lan kebak teges ingkang saged katur dhumateng Gusti lan sesamining gesang. Amin.

## **8. WEKDAL ENING**

### **9. KIDUNG PAMUJI**

**“YÈN NUNGGIL LAN GUSTI”**

**KPJ 144:1, 2, 5**

- 1) Yèn nunggil lan Gusti rinten dalu  
manah langkung tentrem arahayu.

*Reff.:*

*Kula angatos Gusti siyang klayan ratri  
kanthi pitados Gusti, Gusti mberkahi.*

- 2) Yèn nunggil lan Gusti jro ginodha,  
kula saged unggul maring dosa. *Reff.:*

- 5) Yèn nunggil lan Gusti saged ngertos,  
kang dados karsanya ing sayektos. *Reff.:*

## 10. PANDONGA SYAFAAT

### 11. KIDUNG PAMUJI

“DITANSAH PADHA BUNGAHA”

KPJ 158:1, 2

- 1) Ditansah padha bungaha nampèni kabegjan swarga,  
karana kita wong dosa ingentas saking antaka.  
Tansah bungah ing patunggilané Gusti,  
tansah bungah, wit sinung gesang sejati
- 2) Tansah olah kabecikan, dhemen awèh pitulungan,  
yèku pratandhaning sokur mring sihing Allah Maluhur.  
Tansah bungah ing patunggilané Gusti,  
tansah bungah, wit sinung gesang sejati

[PK/TK]



**Pakempalan Pandonga 3**

*Waosoan Kitab Suci:*  
*YOHANES 15:1-8*

**RUMAKET LAN  
NGUWOHAKEN****1. WEKDAL ENING PRIBADI****2. KIDUNG PAMUJI**

“SWAWI SAMI MUJI ALLAH”

KPJ 32:1, 2

- 1) Swawi sami muji Allah, Pangéran, Mahawlas.  
 Kang tansah nglubèrken berkah, Pangéran Mahawlas.  
 Rinten dalu datan kendhat tansah njangkung mring pra umat.  
 Swawi muji Kang Murbèngrat, Pangéran Mahawlas
- 2) Tan males dosa duraka, Pangéran Mahawlas.  
 Nging ngegungken sih-apura, Pangéran Mahawlas.  
 Ngantos kang Putra kinasih kinurbanaken sinalib.  
 Swawi muji kanthi bingah, Pangéran Mahawlas.

**3. PANDONGA PAMBUKA****4. ANDUM PENGALAMAN**

*Pasamuwan kasuwun nyariyosaken pengalamanipun  
 sesambutan kaliyan Gusti. Punapa naté ngraosaken  
 sesambutan ingkang raket? Kala punapa?*

**5. KIDUNG PAMUJI**

“MARA WONG DOSA, WONG CILAKA, MAREKA”  
 KPJ 84:1-3

- 1) Mara wong dosa, wong cilaka, mareka mring Gusti Pamarta;  
 temah binirat dosanira, krana gunging sihnya.

*Reff.:*

*Saiba karaharjanira, yèn sira wus manjing pracaya,  
sinung begja ing gesangira, uwal sing antaka.*

- 2) Bocah uga ya dènkasihi; mula sowana ngarsèng Gusti,  
mrih dadya putra prasetyannya, krana gunging sihnya.  
*Reff.:*

- 3) Aja semaya, gya mareka, wit tan ngerti praptaning pati.  
Gusti ngantya mring tobatira, krana sih-rahmatnya.

*Reff.:*

## 6. PAMAOSING KITAB SUCI: YOHANES 15:1-8

## 7. WEDHARING PANGANDIKA

### “RUMAKET LAN NGUWOHAKEN”

Caranipun Gusti Yésus nerangaken karsanipun Gusti Allah pancèn nengsemaken. Gusti Yésus ngagem manékawarni cara supados para tiyang ingkang sami mirengaken saged mangretos kanthi leres. Salah satunggalipun inggih punika pasemon. Waosan kita punika salah satunggaling pasemon. Pasemon ingkang prasaja minangka gegambaran. Lumantar gegambaran wit anggur, Gusti Yésus kagungan karsa para tiyang ingkang mirengaken saged mangretos bilih sesambutan kaliyan Gusti Allah minangka prakawis ingkang wigati. Minangka satunggaling gegambaran, temtunipun wonten kaunggulan lan kekiranganipun. Kaunggulanipun inggih nalika kaandharaken déning Gusti Yésus, ing pundi gegambaran kalawau sampun asring kapireng ing satengahing tiyang kathah. Kekiranganipun kanggé ingkang para maos ing jaman samangké, ingkang mboten tepang dhateng gambaran ingkang dipun agem déning Gusti Yésus, awit saking punika dipun betahaken katrangan langkung kathah.

Wonten ing gegambaran punika Gusti Yésus nglenggah-aken sariranipun sinami kadosdéné wit anggur (ay. 1). Mbok menawi kita gadhah gegambaran kadosdéné wit ingkang ngedalaken woh ing sakiwa-tengen kita. Wit ingkang tuwuhipun saé, temtu badhé ngedalaken pang-pang ingkang saé ugi. Wonten ing gegambaranipun Gusti Yésus, pang-pang kalawau minangka para tiyang pitados (ay. 5). Saben pang badhé dipun gatosaken déning Sang Rama, ingkang dipun gambaraken minangka among tani (ay. 1). Pang ingkang saé badhé ngedalaken woh anggur ingkang saé. Kosokwangslipun, pang ingkang mboten saé, ingkang mboten naté ngedalaken wohipun, badhé dipun pagas lan dipun obong (ay. 2 lan 6). Pang ingkang makaten kalawau mboten wonten ginanipun kejawi namung ngrigoni wit anggur.

Supados saged dados pang ingkang saé, purun mboten purun, kedah tetep dumunung wonten ing witipun anggur (ay. 4). Gusti Yésus nerangaken bilih tetep dumunung wonten ing witipun anggur ateges nyawiji kaliyan Gusti. Cumondhok/nyawiji kaliyan Gusti mengku teges gesang ingkang wonten ing salebeting sesambeten raket kaliyan Gusti, inggih tansah nggegesang pangandikanipun Gusti (ay. 7). Nalika nèmpèl ing witipun, pang kalawau badhé dipun jangkepi déning witipun ngantos saged ngedalaken woh ingkang kathah. Pang ingkang saged ngedalaken woh punika ingkang pantes sinebat para muridipun Gusti Yésus.

Saben woh temtu migunani tumraping manungsa, mboten kanggé dhirinipun piyambak. Ukara iklan ing télévisi ingkang kondhang, “Jeruk kok makan jeruk.” Bab punika nélakaken bilih woh pancèn kedah migunani tumraping asanès. Kanthi makaten, sebatan tiyang Kristen minangka pang ingkang ngedalaken wohipun inggih ingkang

migunani tumraping tiyang sanès. Pang namung dados lantaraning manéka warni “berkah” supados ing mangkénipun saged ngedalaken wohipun. Ngedalaken woh punika tujuwaning gesang. Woh ingkang medal punika woh ingkang jumbuh kaliyan witipun. Wit anggur badhé ngedalaken woh anggur. Wit pelem badhé ngedalaken woh pelem. Menawi wit punika Sang Kristus, pramila ingkang dipun ketingalaken inggih punika ajining gesang ingkang dipun kersakaken déning Sang Kristus. Gusti Yésus piyambak naté ngendika: “Sabab saben wit iku ketitik saka wohé. Awit ora ana woh anjir iku dipethik saka thethukulan eri, lan ora ana woh anggur diundhuh saka grumbul eri.” (Luk. 6:44). Dados, wowohan dipun wedalaken déning para kagunganipun Sang Kristus ingkang kaajab saged njalari tiyang saged tepang dhumateng Sang Kristus.

Supados saged ngedalaken woh ingkang laras kaliyan karsanipun Gusti, sepisan malih, kita kedah cumondhok wonten ing Gusti. Bab punika nyumerepaken menggah wigatining mbangun sesambetan kaliyan Gusti. Wonten ing jagading kabudayan tiyang Jawi, bab punika sinebat *Manunggaling kawula Gusti*. Anggènipun saged sesambetan ingkang raket kaliyan Gusti dipun betahaken pangudi ingkang winastanan *disiplin rohani*. Kita ngudi kadiwasaning karohanèn kita lumantar manéka cara ingkang prayogi temahan nukulaken sesambetan kaliyan Gusti piyambak. Ing babagan punika, saben tiyang ndarbèni cara ingkang bédá-bédá menggahing disiplin rohani wau, supados saged sesambetan kaliyan Gustinipun. Saben cara mboten saged winastanan langkung saé katimbang sanèsipun. Wonten tiyang ingkang ngudi sesambetan kaliyan Gusti lumantar siyam. Wonten ugi ingkang sarana leladi tumrap sesaminipun. Wonten ingkang kanthi maos buku. Tundhonipun, sadaya kalawau badhé ketingal saking wohipun. Punapa kanthi

wohipun saged njalari tiyang sanès sumerep dhateng Sang Kristus ingkang lubèr ing sih?

Andar Ismail wonten ing bukunipun *Selamat Berbuah*, ngandharaken cariyos Nèlson Mandèla. Ing taun 1994 Mandèla mimpang Pemilu lan dados presidèn saking kulit cemeng ingkang sepisanan ing Afrika Selatan. Ing mangsa papréntahanipun, piyambakipun ngicali *sistem apartheid*, ingkang mbédak-mbédakaken manungsa adhedhasar warnining kulit lan suku. Piyambakipun kanthi tulus ngapunteni para mengsahipun. Piyambakipun nyugata para sipir pakunjaran ingkang rumiyin naté nyiksa. Sadaya tiyang sami pitakèn, kénging punapa Nèlson Mandèla saged tumindak utami dhateng para mengsahipun? Kanthi mrripat ingkang ngener dhateng mangsa ingkang sampun kapengker, piyambakipun mangsuli, “Panjenengan saged miterang dhateng Guru Sekolah Minggu kula ing gréja.” Mandèla sampun nedahaken gesang ingkang ngedalaken wohipun laras kaliyan sesipatanipun Sang Kristus. Guru Sekolah Minggunipun kasil dados pang ingkang ngedalaken woh. Kadospundi menggahing kita?

## 8. REFLEKSI

*Saben warga mangsuli pitakènan: uwoh punapa ingkang sampun kita wedalaken?*

## 9. PANDONGA SAFAAT

## 10. KIDUNG PAMUJI

“KALANÉ GUSTI SUMENGKA”

KPJ 284: 1, 2, 3

- 1) Kalané Gusti sumengka karsa mlebet mring swargi, sampun kagungan prasetya, badhé paring Roh Suci. Ing dinten Pénitakosta, Gusti ngutus Roh Suci.

- 2) Nèng dalem suci, sakabat, mireng swara gumrubug.  
Roh Suci ingkang wineca, pra nabi sampun rawuh.  
Ing dinten Péntakosta, Gusti ngutus Roh Suci.
- 3) Punika pawartos bingah, tumrap sagung tunitah:  
Sang Kristus wonten ing swargi, karsa paring Roh Suci.  
Ing dinten Péntakosta, Gusti ngutus Roh Suci.

## 11. PANDONGA PANUTUP

### 12. KIDUNG PAMUJI

“PRACAYAA LAN PASRAH”

KPJ 133:1-2

- 1) Pracayaan lan pasraha mring Allah Makwasa,  
salir prihatinira tamtu énggal sirna.  
Ngambah margining Gusti sira dèn berkahai,  
tansah antuk kabegjan, datan kawirangan.
- 2) Lamun sira nggresula, iku tanpa guna;  
tuwas muwuhi susah, angedohken bungah.  
becik nitèni berkah peparingé Allah,  
mrih salir sedyanira tinuntun sembada.

[ASP/TK]

**Pakempalan Pandonga 4***Waosoan Kitab Suci:**1 Tesalonika 1:2-10***MAKARYA LAN  
NDEDONGA****1. WEKDAL ENING****2. KIDUNG PAMUJI****“SUCI, SUCI, SUCI”**

KPJ 28: 1, 2, 3

- 1) Suci, suci, suci pinuji Hyang suci.  
Allah Mahamulya kang jumeneng Raja.  
suci, suci, suci pinundhi Hyang Widi  
titah sadaya memuji samnya
- 2) Suci, suci, suci, pujining pra suci  
angumandhang sora ngèbeki akasa.  
Pra mlaékat sami sujud angabekti,  
ngidung tan kendhat mring Kang Mengkurat.
- 3) Suci, suci, suci, Allah Mahasuci.  
Gumuruhing kidung nggunggung-nggunggung Gusti.  
Tetalesing bumi gonjing déning puji.  
Pra makhluk wrata girang memuji.

**3. PANDONGA PACAWISAN WEDHARING  
PANGANDIKA****4. KIDUNG PAMUJI****“GUSTI ANGANTYA SIRA”**

KPJ 48: 1, 2

- 1) Gusti angantya sira, wong dosa.  
Aruming swara nimbali sira.  
Nyuwuna luwar lan pangapura!  
Mareka, saosna atinira!
- Reff.:*

*Lah mareka! Gusti angantya,  
aywa adoh adoh, umareka!  
Gusti anganti anti sira!  
Ywa nyenyuwé, mula gyu mareka!*

- 2) Hé, wong dosa, lempar dalanira.  
Nyata gampang lamun liniwatan.  
Nging sira tan nduga tan uninga,  
yéku tan anjog mring nagri baka. *Reff.:*

## 5. PAMAOSING 1 TÉSALONIKA 1:2-10

## 6. KIDUNG PAMUJI

“GUSTI Yésus SANG PAMARTA”

KPJ 113:1-2

- 1) Gusti Yésus Sang Pamarta, kula ndhèrèk Paduka,  
manggul salib ing slaminya klayan bingahing driya.  
Kula Paduka kiyatken, sageda tahan sisah;  
sampun ngantos kemuriten, sampun cuwa ing manah.
- 2) Nadyan tinilar ing mitra, sinengitan nèng donya,  
kula manteb ing pracaya, ndhèrèk Gusti slaminya.  
Lamun Gusti ingkang nganthing, kabegjan kang pinanggya.  
Lamun Gusti kang ngasih, mokal yèn ta cilaka.

## 7. WEDHARING PANGANDIKA

“MAKARYA LAN NDEDONGA”

Cariyos ngéngingi “Keraton Agung Sejagat” ramé karembag  
ing tengahing masyarakat ing wiwitinan taun 2020. Toto  
lan Fanni ngundhangaken Keraton Agung Sejagat ing  
Purworejo, Jawa Tengah, sawetawis wekdal kapengker.  
Piyambakipun nyebataken bilih keratonipun madeg karana  
kekancingan 500 taun kapengker antawisipun Majapahit  
kaliyan Portugis. Kathah tiyang ingkang kapilut dhateng  
“janji-janji” ingkang dipun sukakaken. Para pandhèrèk-  
ipun badhé pikantuk panguwaos lan kasugihan tanpa prelu  
nyambut damel ingkang awrat. mBoten anèh, atusan tiyang

ingkang ngalami kangèlan ing gesangipun, angèl pados padamelan, lajeng nampèni ajakan “sang nata.” Salah satunggaling korban Totok inggih punika Setyo Eko Pratolo (58). Miturut pawartos Tirto, Setyo kepilut janji sang nata. Kanthi mbayar Rp. 8,5 yuta, piyambakipun pikantuk pangkat lintang tiga, punapadéné badhé pikantuk gaji dolar AS (Amerika Serikat) saben rampung wontenipun pisowanen. Menggah artanipun saged dipun pados lumantar nyambut. Eko piyambak nyambut damel minangka piranti dhusun, kanthi gaji Rp. 300 ewu saben wulan. Punika kémawon dipun tampi saben sekawan wulan sepisan. Awit saking punika piyambakipun sampun kulina nyambet arta.

Jumedhulipun Keraton Agung Sejagat namung salah satunggal saking sakathahing kawontenan ingkang sami wonten ing Indonesia. Mahatma Gandhi ngandharaken bilih patrap pandamelipun tiyang kados makaten minangka pérangan saking dosaning masyarakat (*dosa sosial*) ingkang ngrisak gesangipun manungsa. Piyambakipun nyebataken wonten *dosa sosial* 7 ingkang saged ngrisak gesangipun manungsa, inggih punika: sugih tanpa nyambut damel, kanikmatan tanpa raos pangraos, seserepan tanpa wewatekan, *bisnis* tanpa *moralitas*, ngèlmu kawruh tanpa raos kamanungsan, agami tanpa pangurbanan lan politik tanpa wewaton. Supados mboten kesandhung ing dosa-dosa ingkang kaandharaken déning Mahatma Gandhi wau, prayogi menawi kita gatosaken punapa ingkang dipun pratélaken déning Stèphen R. Covey. Piyambakipun mratélakaken bilih wonten ing gesang padintenan kita prelu manggihaken maknaning gesang supados kita saged mendhet bab-bab ingkang utami, migunani lan mbangun gesang.

Dinten punika kita dipun ajak ngraosaken bab kasebat. Gegayutan kaliyan padamelan ingkang dipun tindakaken saben dinten, wonten teges punapa ingkang wonten ing ngriku? Rasul Paulus ngajak kita ngraosaken kadospundi

ngaosi pakaryan lan tuntunanipun Roh Suci. Dhateng pasamuwan ing Tésalonika, Rasul Paulus ngandharaken bilih kakiyatanipun ngundhangaken Injil lan saged ngedalaken uwohipun karana kakiyatan saking Roh Suci. Piyambakipun nekseni bilih Roh Suci ingkang ndadosaken gesangipun santosa. Gesang ingkang kiyat nyagedaken Rasul Paulus mbudidaya ngetog karosanipun, mboten gampil pasrah lan tansah ngraosaken bingah awit paladosanipun. Ing 1 Tésalonika 4:6. Rasul Paulus neksèni bilih kejawi piyambakipun ingkang dipun santosakaken déning Roh Suci, pasamuwan ingkang dipun ladosi inggih nampèni kakiyatan saking Roh Suci. Pasamuwan dados patuladhan tumrap pasamuwan-pasamuwan sanèsipun ing salebetung ngupadi gesang wonten ing Sang Kristus.

Roh Suci paring kakiyatan dhateng Rasul Paulus lan pasamuwan ing Tésalonika supados saged mbabaraken pakaryan, tumemen lan kebak ing kabingahan nalika nindakaken paladosan. Purun tinarbuka dhumateng pakaryaning Roh Suci nyagedaken kita dados manungsa ingkang tanggon kanggé mbabaraken pakaryan ingkang nyata. Ing ngriki kita sumerep olah pakaryan wonten ing salebetung gesangipun tiyang pitados mboten awit saking dhirinipun piyambak.

Gegayutan kaliyan olah pakaryan gesangipun tiyang pitados, Marthin Luther, Sang Bapa Reformasi gréja nepangaken piwulang “imamat am tiyang pitados” lan paladosan ingkang nyata. Underaning piwulang punika badhé nandhesaken umat, bilih jagad punika papan panembah ingkang jembar, pramila gesang ing jagad punika katindakaken kanthi tatanan, kebak semangat wonten ing Sang Kristus lan pranataning gesang ingkang prayogi. Inggih punika olah tatanan pakaryaning tiyang pitados ingkang nukulaken sesanti *ora èt labora* (ndedonga lan makarya)! Ndedonga ingkang leres punika makarya kanthi kebak tanggeljawab. Lan kosok-wangsulipun, pakaryan kita punika dados wujuding

pandonga kita, saha pangibadah kita dhumateng Gusti. Olah pakaryan ingkang unggul punika katindakaken kanthi semangat iman lan katresnan dhumateng Gusti ingkang ngreksa umat lumantar Roh Sucinipun.

Ing nginggil kita sampun sumerep kadospundi dayaning Keraton Agung Sajagat lan Marthin Luther ingkang nedahaken olah pakaryan ing gesang tuwin panyambut damel. Pundi ingkang badhé panjenengan pilih? Lumantar patuladhan Rasul Paulus, kita sinau tinarbuka lan saged ngraosaken panuntuning Roh Suci ing padintenan.

## **12. WEKDAL ENING**

### **13. KIDUNG PAMUJI**

**“TYAS KITA DIMÈN SLAMANYA BUNGAH”**

KPJ 96: 1, 3, 4

- 1) Tyas kita dimèn slamanya bungah lan sukarena,  
déné Sang Rama ing swarga nganggep putra mring kita.  
*Reff.:*  
*Mara tansah abebungah saben dina antuk trang  
Dalaning urip éndah apadhang, mara tansah dèn girang*
- 3) Lamun kita nyingkur Gusti, nèng ati peteng, uwas.  
ilang kekuwatan kita, wah kabungahaning tyas. *Reff.:*
- 4) Balik wong kang amiturut, tansah padhang dalannya.  
Mula mara manut Gusti, suminggah saking dosa. *Reff.:*

## **14. PANDONGA SYAFAAT**

**“KULA SUMREP KORI MENGA”**

KPJ 408: 1, 2

- 1) Kula sumrep kori menga kang anjog dhateng swarga;  
yéku sihrahmatéAllah, lantaran Sang Pamarta.  
*Reff.: Sokur déné kula niki, nggih taksih winengan kori;  
kula, kula, nggih kula sadaya*

- 2) Angger tiyang angsal mlebet-medal ing kori niki  
tiyang sugih, tiyang mlarat, tyang ageng-alit ugi. *Reff.:*

[KSS/TK]

**Pakempalan Pandonga 5**

*Waosoan Kitab Suci:  
Purwaning Dumadi 4:2-8*

**NANGGULANGI  
KANEPSO****1. WEKDAL ENING****2. KIDUNG PAMUJI**

“SANTOSANING TETUNGGALAN”

KPJ 352:1-2

- 1) Santosaning tetunggalan wit saka katresnan.  
Dènsabar ing ati nira, sarèh ing wicara.  
Dipadha lan dilumadi, tan ngegungken dhiri.  
Kabeh iku kang ingangkah tandha sih mring Allah.
- 2) Atut-rukun angesuhi, timbalan lestari  
Yéku badan lan roh kita manunggal sajuga.  
Kadya pangesthi sawiji kang kita darbèni;  
yéku sih-rahmaté Allah kang lubèr ing berkah.

**3. PANDONGA PAMBUKA****4. KIDUNG PAMUJI**

“ANA SABAWA GUMRUBYUNG”

KPJ 187: 1, 3

- 1) Ana sabawa gumrubyug, wit wong golongan kumrubut.  
Gumrubug dènya peplayon, "Apa baya, kang tinonton?  
Ana kang gupuh sumambung,  
"Yésus Nasarani kang langkung."  
Ana kang gupuh sumambung,  
"Yésus Nasarani kang langkung."
- 2) Wong lara saka ngendia, kang marek samya waluya.  
Wong picak agya anulu, kang lumpuh nulya lumaku.  
Mula payo ndhèrèk Gusti,

Sang Juruslamet kang sejati.  
 Mula payo ndhèrèk Gusti,  
 Sang Juruslamet kang sejati.

## 5. PAMAOSING KITAB SUCI: PURWANING DUMADI 4:2-8

### 6. KIDUNG PAMUJI

“SANG ROH SUCI MUGI PARENG”

KPJ 289:1, 2, 3

- 1) Sang Roh Suci mugi pareng anedhaki tyas kula,  
 dimèn a tentrem rahayu, kapenuhan ing tresna.

*Reff.:*

*Dhuh Gusti kang setya, Paduka kula ndelaken;  
 mugi pareng nedhakaken, Roh Suci ing tyas kula.  
 Gusti, mugi nucèkaken tyas kula.*

- 2) Sumangga cahya Paduka amadhangna tyas kula,  
 mugi pepetenging dosa binirata sadaya. *Reff.:*
- 3) Mugi ngirid lampah kula manut pangrèh Paduka.  
 Paduka kula bektèni ngantos dugeng wekasan. *Reff.:*

### 7. WEDHARING PANGANDIKA

“NANGGULANGI KANEPSOŃ”

Kita saged ningali kanepson ing sakiwa-tengen kita. Tiyang sepuh ingkang nepsu dhateng anakipun ing sangajenging tiyang kathah; ingkang numpak mobil utawi sepédha motor nepsu dhateng tiyang sanès sesamining ingkang numpak mobil utawi motor; pejabat ingkang nepsu ngantos mbanting-mbanting barang; tiyang jaler èstri ingkang paben ing sangajenging tiyang kathah, lan sanèsipun. Kita ningali kanepsonipun tiyang. Nanging, saben dinten kita inggih ndarbèni alesan kanggé nepsu. Upaminipun, wiwit saking tangi tilem, kita saged nyedhot hawa seger, nanging ingkang kita tampi keluk. Jebul tanggi panjenengan enjing umun-umun mbakar sampah. Utawi nalika tangi kerinan kamangka énjing punika wonten ujian

saking dosèn ingkang galak. Nalika badhé mlebet pakiwan (*kamar mandi*), tiyang ingkang adus langkung rumiyin nelasaken toya ing *bak mandhi* lan mboten mbikak kranipun, nalika kran dipun bikak toya mboten medal. Utawi kita sampun kesayahan sadinten muput nyambut damel kanthi pameteg ingkang awrat, kita ngajeng-ajeng dumugi griya saged ngaso, sasampunipun dumugi griya, kori pager katutup kendharaan sanèsipun ingkang parkir. Sanadyan kanepson mbok menawi saged dipun kendhalèni, sabab nalika nyuwun ingkang gadhah mobil mindhah kendharaanipun, inggih purun mindhah. Kadospundi menawi ingkang gadhah mobil mboten kita sumerepi wonten ing pundi dunungipun? Punapa kita tetep saged nahan nepsun?

Kathah tiyang pitakèn, punapa kanepson dipun parengaken? Gusti Yésus, rak inggih duka? Nalika Gusti Yésus paring pangandika dhateng para sakabat ing bab kasangsaran lan sédaniPun, Pétrus lajeng ngémutaken, bilih bab ingkang makaten mboten badhé kalampahan. Gusti Yésus lajeng ndukani Pétrus, “Sumingkira, héh, Iblis, sabab kowé ora mikir apa kang digalih déning Gusti Allah, nanging apa kang dipikir déning manungsa” (Mark. 8:33) Nalika para tiyangsepuh nyowanaken anak-anakipun supados dipun berkahi Gusti, para murid malah mambengi. Gusti Yésus inggih ndukani para murid, “Cikbèn bocah-bocah padha sowan marang Aku, aja kokpenggak, amarga wong kang kaya mangkono iku kang nduwèni Kratoning Allah.” (Mark. 10: 14b). Punapa malih Gusti Yésus duka nalika njungkiraken barang dagangan wonten ing Padaleman Suci.

Ananging wonten ingkang bédha ing bab dukanipun Gusti Yésus kaliyan nepsu kita. Menawi kita purun pitakèn dhateng dhiri kita piyambak, kénging punapa kita nepsu? Mbokmenawi kita badhé manggihaken wangsumanipun, bilih ingkang asring njalari kita nepsu karana raos katentreman kita dipun ganggu, kapentinganing dhiri

dipun ganggu, ajining dhiri dipun rèmèhaken, punapadéné raos méri. Menawi underanipun namung ayem lan kapentinganing si AKU mawon, punika dados prakawis ingkang ageng. Tegesipun, raos ayem lan kapentingan-ku mboten pareng wonten ingkang ngganggu. Kula badhé nepsu menawi wonten tiyang ingkang parkir mobil wonten ing kori griya kula. Nanging menawi kula kekésahan, mboten preduli kula parkir wonten ngajengipun regolipun tiyang sanès, toh kula mandheg namung sekedhap/boten dangu. Menawi kados mekaten ingkang kalampahan tegesipun ajining dhiri ingkang kita kekahi sejatinipun inggih ajining dhiri ingkang semu, ingkang sejatinipun pancèn mboten purun andhap asor. Raos méri inggih nélakaken anggèn kita mboten kuwagang kanggé ngakeni kekiranganipun piyambak lan kaluwihanipun asanès.

Punapa ingkang kita tindakaken kanthi kanepson kita punika nemtokaken punapa kita dosa punapa boten. Awit saking punika, Éfesus 4: 26b inggih ngèngetaken kita, “sréngéngé aja nganti angslup sadurungé nepsumu ilang.” Tegesipun sampun ngantos kita ndedangu anggèn kita nyimpen kanepson. Kénging punapa mboten pareng dangu? Sabab kanepson ingkang dipun simpen dangu badhé nyukani wekdal dhateng iblis (Éfesus 4:27). Nyukani iblis nguwaosi gesang kita kanggé nindakaken dedosa.

Punapa ingkang njalari Kain dados nepsu? Sabab Gusti Allah karenan dhateng pisungsungipun Abel déné pisungsungipun Kain Gusti Allah mboten pirena. mBoten dipun terangaken kénging punapa pisungsungipun Kain mboten andadosaken pirenanipun Gusti Allah. Ingkang cetha tumrap lelampaahan wau, Kain dados nepsu. Gusti lajeng ndangu Kain, ingkang njalari piyambakipun nepsu, “Yagéné atinira panas lan yagéné ulatira peteng? Yen sira gawé becik apa ulatira ora bakal padhang? Nanging Manawa sira ora gawé becik, si dosa wis ndhedhep ana ing ngarep lawang sarta banget anggoné nggodha sira, nanging sira kudu bisa nelukaké.” (P. Dumadi 4:7). Gusti ngajak

Kain ngraosaken alesanipun nepsu. Menawi ingkang njalari Kain punika prayogi, temtu piyambakipun mboten prelu nepsu. Gusti inggih ngèngetaken dhateng Kain supados saged nguwaosi lan nelukaken kanepsonipun. Nanging, Kain tetep wonten ing pilihanipun, gesang wonten ing kanepson. Nyimpen kanepsonipun, ngantos kasurung kanepsonipun mrejaya Abèl adhinipun. Punapa ingkang dados alesan kita nyimpen kanepson inggih punika ingkang nemtokaken kita tumindak dosa punapa boten. Awit saking punika, Éfesus 4: 26b ngèngetaken, “sréngéngé aja nganti angslup sadurungé nepsumu ilang.” Tegesipun sampun ngantos kita ndedangu anggèn kita nepsu. Kénging punapa mboten pareng dangu? Jalaran badhé nyukani wekdal dhateng iblis nguwaosi gesang kita lan nindakaken dedosa.

Nalika kanepson wiwit jumedhul, bab-bab ing ngandhap punika ingkang saged kita tindakaken kanggé nanggulangi kanepson lan saged mimpang “nglawan iblis”.

### 1) **Sinau saged anampèni**

Kadosdéné Gusti Allah ingkang ngèngetaken Kain dhateng alesanipun ngunjukaken pisungsung, menawi punika satunggaling kasaénan, mboten prelu piyambakipun nepsu. Kain prelu jujur dhateng dhirimipun piyambak, kanti pitaken punapa ingkang nyurung piyambakipun ngunjukaken pisungsung sampun leres lan tulus? Punapa ingkang dipun tindakaken pancèn satunggaling kasaénan? Kain prelu sinau nampi. Kadhangkala mboten gampil tiyang purun ngakeni lan nampi bilih piyambakipun klèntu, kirang sembada (punapa malih menawi katandhingaken kaliyan tiyang sanès). Kathah tiyang, katimbang ngakeni lan nampèni kekiranganipun, aluwung sami nglepataken lan ndhawahaken tiyang sanès ingkang cetha leres utawi langkung saé katimbang piyambakipun. Kita prelu sinau nampèni. Kalepatan utawi klèntu punika satunggaling bab

ingkang saged kalampahan ing sadaya tiyang. Kalepatan utawi klèntu, mesthinipun dados piwulang kanggé kita saged ndandosi dhiri pribadi. Nanging, nalika kita sampun mbudidaya nindakaken kasaénan, tiyang-tiyang sakiwa tengen kita nanggapi ingkang bédha. Upaminipun, kita sampun makarya kanthi leres lan prayogi, nanging ingkang minggah kalenggahan/jabatan malah tiyang sanès, ingkang sejatinipun mboten sembada. Tiyang kalawau gadhah sesambutan kaliyan atasanipun satemah cepet mindhak jabatanipun. Kita lajeng nepsu? Kita sampun mbudidaya gesang kanthi njagi kasarasan, njagi tetedhan, ajeg olah raga, sregep ngibadah, nanging kita ketaman sesakit ingkang awrat. Punapa kita inggih lajeng nepsu? Inggih, mbokmenawi kita kuciwa lan nepsu. Nanging bab punika nedahaken bilih kathah wonten ing gesang kita ingkang wonten ing sajawining panguwaos kita, mboten wonten ing pangreksa kita. Dhateng bab-bab ingkang makaten, kita prelu sinau nampèni. Mligi ingkang namung wonten ing pangreksa kita, pitakènanipun: kadospundi kita badhé nanggapi kawontenan kasebat? Punapa ingkang badhé kita pikiraken? Punapa ingkang badhé kita tindakaken? Kadossdéné pangandikanipun Gusti dhateng Kain, “nanging sira kudu bisa nelukaké.”

## **2) Ngraosaken dayaning panguwaos pangapunten saking Gusti.**

Pangapunten lan kawelasanipun Gusti punika kanggé sadaya tiyang. Panjenenganipun ngersakaken sadaya manungsa kalebet kita piyambak-piyambak lan sesami supados mratobat lan nampèni pangapunten. Nalika Gusti paring pangapunten dhateng kita, kita mboten kuwagang nampik. Menawi kita nampik sih pangapuntenipun, ateges kita ngicali pakaryanipun Sang Kristus ingkang milujengaken kita. Awit saking punika, ing salebeting raos keduwung, kita prelu mbucal raos lepat lan raos lingsem. Kita prelu sinau

nampèni pangapunten saking Gusti, lan tinarbuka dhateng pangapuntenipun ingkang ngiyataken kita satemah kita kasagedaken ngapunteni tiyang sanès. Kita prelu ningali dhateng dhiri kita supados saged ngraosaken sih piwelasipun, inggih sih pangapunten ingkang ageng lan langgèng.

Sarana ngraosaken sih piwelasipun Gusti lan pangapuntenipun tuwin pangreksaning Roh Suci, kita badhé saged nampèni pitulungan supados saged ngapunteni, kadosdéné Gusti Yésus paring pangapunten dhateng Pétrus, sadaya muridipun lan tiyang akathah. Kakiyatan saking Gusti Allah badhé nyagedaken kita ngendhalèni kanepson sarana sih pangapunten.

Ing wekdal punika kita kadamel sangsaya asring ningali kathah tiyang ingkang nepsu wonten ing sakiwa-tengen kita. Wonten ing margi, wonten ing griya, ing papan panyambut damel, wonten ing gréja, inggih makaten ugi wonten ing *média sosial* lumantar *status* utawi tanggapan-tanggapan. Kita asring nepsu, ananging menawi kita nepsu sampun ngantos dhumawah ing dosa sarana nyimpen kanepson lan nyukani papan kanggé iblis ngginakaken kanepson dados tumindak dosa. Kita prelu sinau ngendhalèni kanepson kita. Kita prelu waspada dhateng pambudidayanipun iblis ingkang badhé ndhawahaken kita wonten ing kanepson lan dedosa. Sumangga kita sinau nampèni kalepatan dhiri kita piyambak, lan kalepatanipun tiyang sanès. Kita prelu ngalami panguwaos pangapunten saking Gusti temahan kita saged ngapunteni dhateng dhiri pribadi lan tiyang sanès.

## **8. WEKDAL ENING**

## **9. PANDONGA SYAFAAT**

## 10. KIDUNG PAMUJI

“SANG ROH SUCI, ROHING KATRESNAN”

KPJ 292: 1, 2

- 1) Sang Roh suci, rohing katresnan,  
nuntuna mring kula slaminya;  
nyingkirna raos pasulayan,  
amrih jagad tentrem raharja,  
ngrukunken tyang kang cecongkrahan,  
mbereg nilar tumindak dosa;  
ngiyatken manah ingkang semplah.  
Dhuh Gusti, nuntuna mring kula.
- 2) Dhuh Roh Suci, roh kasunyatan;  
nunggila mring kula slaminya,  
mrih babaring karsaning Allah  
wah tobating tyang ambek-siya.  
Labuh-labet sepi ing pamrih,  
nglawan panindhes klayan sih;  
tan ajrih pepalang - rubéda.  
Dhuh Gusti, nunggila mring kula.

[RDL/TK]

**Pakempalan Pandonga 6**

*Waosoan Kitab Suci:  
Lukas 14:7-14*

**NYUWUN  
LEMBAHING  
MANAH**

**1. WEKDAL ENING****2. PEPUJÈNING UMAT**

“PANGÉRAN MAMULYA”

(KPJ 20:1-2)

- 1) Pangèran Mamulya yogya kula puja;  
dènè agung kadarmannya kang sumrambah mring kula.  
Datan wonten wicalannya, tan kendhat lumintunya.

*Reff.*

*Pangèran Mamulya yogya pinuja.*

*Pangèran Mamulya yogya pinuja.*

- 2) Pangèran Mamulya yogya kula puja;  
dènè karsa maringken Putranipun pribadya,  
dinadosken Juruslamet miwah Pamarta kula.

*Reff.*

**3. PANDONGA PELADOSANING SABDA****4. PEPUJÈNING UMAT**

“KITAB SUCI KANG ADI”

(KPJ 194: 1-3)

- 1) Kitab suci kang adi, sabdèng Gusti sejati  
éndah saklangkung éndah nugraha saking Allah,  
nugraha saking Allah.
- 2) Lembar sabda Paduka nuntun gesang kawula  
dadya pedhang menjila tamèng saking bebaya,  
tamèng saking bebaya.

- 3) Sabda lan Roh sung nglipur nuwuhken raos sokur.  
 Jinugarken kang nglawan dadya pangéwan-éwan,  
 dadya pangéwan-éwan.

## 5. PAMAOSING KITAB SUCI: INJIL LUKAS 14:7-14

### 6. PEPUJÈNING UMAT

“RAHAYU KANG UTAMA LAKUNÉ”  
 (KPJ203:4)

- 4) Sabda Paduka minangka dilah  
 wonten ing ngajenging suku kawula,  
 margi kula tansah dèn padhangi;  
 dhuh Gusti, kawula sampun supaos.  
 Kawula tansah badhé netepi  
 préntah Paduka klayan trus ing batos

## 7. PANYURAOSING SABDA

### “NYUWUN LEMBAHING MANAH”

Salah satungiling wohing pakaryanipun Sang Roh Suci  
 inggih punika ngendhalèni dhiri. Ngendhalèni dhiri inggih  
 punika kasagedan kanggé ngendhalèni dhiri pribadi.  
 Ngendhalèni dhiri mujudaken pambudidaya nuwuhaken  
 pangraos bilih gesang punika èstunipun dipun lampahi  
 sesarengan kaliyan tiyang sanès. Salah satunggiling wujud  
 ngendhalèni dhiri inggih punika tuwuhipun sikep lembah  
 manah. Pribadi ingkang lembah manah badhé saged  
 nyingkiri sikep gumunggung, sesongaran, rumaos pinunjul  
 piyambak, rumaos mengertosi sedayanipun, lan kirang  
 utawi mboten saged ngaosi sesaminipun gesang.

Perlunipun ndarbèni sikep lembah manah dipun  
 andharaken déning Gusti Yésus. Wonten ing Injil Lukas  
 bab 14: 7-14 Gusti Yésus ngèngetaken prekawis gesang ing  
 salebetung sikep lembah manah sarana anggènipun saged  
 ngendhalèni dhiri. Ing wekdal ingkang kados pundi sikep  
 lembah manah punika mesthinipun katindakaken?  
 Wangsulanipun mboten sanès kajawi ing saben wekdal, ing

sedaya kawontenan punapa kémawon, awit sikep lembah manah punika mesthinipun dados wataking gesang padintenan. Saben tiyang ingkang ndarbèni watak lembah manah, mesthi inggih badhé tansah ngetingalaken sikep lembah manahipun ing pundia papan lan panggènan. Saé wonten ngarsanipun tiyang ingkang kadrajadan, punapa dene wonten ngajengipun tiyang ingkang prasaja, piyambakipun mesthi inggih badhé ngetingalaken sikep lembah manahipun.

Tuladha bab tumindak kanthi sikep lembah manah sampun sacara wéla-wéla dipun wulangaken déning Gusti Yésus. Nalika Panjenenganipun dados kawigatosanipun tiyang kathah awit anggènipun sampun nindakaken pangéram-éram, Panjenenganipun mboten lajeng gumunggung, sesongaran. Punika sikep ingkang kosok wang sul katimbang tiyang-tiyang Farisi lan para ahli Torèt. Kitab Injil nyariosaken bilih tiyang-tiyang kalawau kepingin tansah ngetingalaken dhiri pribadinipun minangka tiyang ingkang kawentar lan ngédap-édabi. Tundhonipun, tiyang-tiyang kalawau mboten kewagang ngendhalèni dhiri saking adrengipun kepéngin tansah mamèraken sedaya kasagedanipun, ingkang kawawas saèstu ngéram-éramaken. Wonten ing ngajenganipun tiyang kathah, tiyang-tyang Farisi dalah ahli Torèt sami nedahaken kasagedanipun minangka para ahli agami. Nalikanipun nembé ngayahi nuntun upacara agami, tiyang-tiyang kalawau sami mamèraken anggènipun sami saleh. Nalika sami dipun ulemi ndhatengi undhangan-undhangan mirungan, kadosta upacara pésta, upamnipun, tiyang-tiyang kalawau sami rebutan papan ingkang kinurmatan. Gusti Yésus saèstu migatosaken wewatekan kasebat. Punapa ingkang badhé kelampahan menawi papan kinurmatan punika mboten kacawisaken mirungan kanggé para tiyang Farisi lan ahli Torèt kalawau? Tiyang-tiyang kalawau mesthi badhé rumaos kawirangan. Wohing

sikep gumunggung lan sesongaran inggih punika raos wirang.

Kita prelu sami pitakèn: kados pundi mujudaken sikep lembah manah punika ing salebeting gesang padintenan? Ing Injil Lukas 14: 12-14 Gusti paring gambaran mekaten: menawi tiyang sugih lan kadrajadan ngulemi sesaminipun ugi ingkang sugih lan kadrajadan andhatengi upacara pésta ingkang kaadanan, tiyang kalawau saged ngajeng-ajeng uleman ingkang sami, utawi nampèni pisumbang ingkang murwat. Kosok wangsulipun, menawi tiyang sugih lan kadrajadan kalawau ngulemi tiyang ingkang sèkèng, ringkih lan asor drajadipun (tiyang lumpuh, wuta, lan nyandhang kasagedan ingkang *winates/penyandang disabilitas*), piyambakipun pantes nampèni pangalembana ingkang satuhu. Kéging punapa? Karana piyambakipun mesthi mboten saged ngajeng-ajeng uleman utawi pisumbang ingkang sami murwatipun. Sikep ingkang mekaten punika ingkang winastan sikep lembah manah. Wonten ing mriki Gusti nandhesaken bilih tiyang-tiyang ingkang lembah manah mekaten punika, ingkang èstunipun rahayu. Sanadhiyan tiyang-tiyang kalawau mboten pikantuk piwales ingkang murwat saking jagad, éwasemanten Gusti piyambak ingkang badhé paring piwales ingkang murwat jumbuh kaliyan kawicaksanan karsanipun. Piwales ingkang mboten namung sadremi pangalembananing jagad, nanging berkah kaswargan saking Gusti piyambak.

Saking mriki kita mangertosi prelunipun ngendhalèni dhiri ingkang anjog dhateng sikep lembah manah. Lumantar piwulangipun, Gusti Yésus memulang supados kita sedaya kanthi lembahing manah sami sumadhiya ngetut buri Panjenenganipun. Kados pundi sikep lembah manah punika saged kita wujudaken ing gesang padintenan? Lumantar Merry de Vall, kita sedaya saged sami sinau nyenyuwun wonten ing ngarsanipun Gusti supados sami kamardikakaken saking pepénginan supados inganggep aji, pinuji-puji, kinurmatan, ingangkat kadrajadanipun, inganggep ageng sumbanganipun lan

sanès-sanèsipun. Kita ugi saged nyenyuwun supados kamardikakaken saking raos ajrih badhé kaasoraken, ajrih mboten dipun preduli, ajrih pikantuk kuceming nami, ajrih dipun pepoyok lan dipun sébrataken karana mitulungi tiyang ingkang sèkèng lan katriwal. Punika sedaya sawetawis panyuwunan kita dhumateng Gusti Yésus, supados saged tansah tumindak kanthi lembah manah ing gesang padintenan.

## 8. WEKDAL ENING

### 9. PEPUJÈNING UMAT

“BEGJA SEJATI”

(KPJ 427: 1-2)

- 1) Begja sejati, ngabdi mring Gusti,  
yéku gesang kang pangaji.  
Dadya lantaran mrih karukunan,  
katentreman kelampahan

*Reff.:*

*Mung Sang Kristus yéku Gusti,  
Panebus kula sejati  
Gesang kawula, kagem asmanya  
nggih martosken sih rahmatnya*

- 2) Begja sanyata, gesang nèng donya,  
lelados mring Sang Pamarta.  
Dipun bélani, sabar ing kardi,  
temah kalis ing bilahi.

*Reff.:*

*Mung Sang Kristus yéku Gusti,  
Panebus kula sejati  
Gesang kawula, kagem asmanya  
nggih martosken sih rahmatnya*

## 9. PANDONGA SYAFAAT

## 10. PEPUJÈNING UMAT

“GUSTI MUGI NUNTUN KAWULA”

(KPJ 433:1-3)

- 1) Gusti mugi nuntun kawula  
amrih tansah manut Paduka  
Nadyan ribed gilir gumanti,  
tamtu kula kedugi nyanggi.
- 2) Gusti mugi nglanting kawula,  
amrih sagah nahan bebaya.  
Nadyan awrat kados punapa  
tatag, datan semplah ing driya.
- 3) Gusti mugi nunggil kawula,  
murih kedugi nglawan dosa;  
temah kula unggul ing yuda  
lan nampi makuthaning swarga

[WSN/YTD]

**Pakempalan Pandonga 7***Waosan Kitab Suci:**Mazmur 33:12-22***SAPA SING WEDI?****1. WEKDAL ENING****2. PEPUJÈNING UMAT****“KULA SAMYA TETUNGGILAN”**

(KPJ 14:1-3)

- 1) Kula samya tetunggilan, ngabekti mring Pangéran,  
wit sinungan kacekapan wah bagas kasarasan  
*Reff.:*  
*Kula tansah nggunggung Gusti lan ajrih asih yekti,  
wit ing ayom ing sihira sèstu tentrem raharja.*
- 2) Kula rinoban ing begja rinten-dalu tan kendhat,  
ing lelampaahan prasaja dalah srana mukjijat  
*Reff.:*
- 3) Kula rinimat ing Gusti, sarta sagunging titah,  
mangsa kang silih-gumanti, samukawis mung éndah  
*Reff.:*

**3. PANDONGA PAMBUKA****4. PEPUJÈNING UMAT****“PINUJI GUSTI”**

(KPJ 26: 1-3)

- 1) Pinuji Gusti kang nitahken jagad,  
siyang ratri tan kendhat ngganjar sih rahmat.  
*Reff.:*  
*Haléluya, sagung puji tansah konjuk Gusti.  
Haléluya, sagung bekti mring Ratu Swargi.*

2) Pinuji Gusti Sang Jurubasuki,  
kang ngurbanken sarira nebus manungsa.  
*Reff.:*

3) Pinuji Gusti Allah Sang Roh Suci,  
kang nuntun ing kraharjan wah kasampurnan.  
*Reff.:*

## 5. PAMAOSING JABUR MAZMUR 33:12-22

## 6. PEPUJÈNING UMAT

“GUSTI ALLAH PANGAYOM SETYA”  
(KPJ 189:1-2)

1) Gusti Allah Pangayom Setya,  
tansah ngrimati umatnya.  
Lir pangon rumeksa mendanya.  
Mula arum ngandikannya.  
Ora bakal Aku téga,  
tan bakal nilar mring sira.

2) Mula kita mosik ing ati,  
Aku bakal ora wedi,  
awit Gusti Kang Mahasetya  
datan téga nilar kita.  
Manungsa bisané apa,  
katandhing Allah Makwasa.

## 7. PANYURAOSING SABDA

“KALIS SAKING RAOS AJRIH AWIT  
NGENDELAKEN GUSTI”

Raos ajrih, asring ngreridhu gesangipun manungsa.  
Nalika tiyang ingkang tinresnan utawi tiyang ingkang kita  
endelaken sampun mboten sesarengan kita, saged  
kémawon kita lajeng rumaos mboten nggadhahi greget

kanggé jumangkah salajengipun. Mekaten ugi awit saking kathahing momotaning gesang, asring ndadosaken kita sami ngraos ajrih. Gesang ingkang namung piyambakan, ugi saged nuwuhaken raos ajrih. Kita ajrih jumangkah, awit rumaos kijènan, mboten wonten kancanipun. Raos tidha-tidha ugi saged sangsaya nuwuhaken kécalan greget kanggé jumangkah.

Sang juru Mazmur ngénegetaken kita sedaya bilih kita punika kagunganipun Allah. Kita umatipun ingkang pinilih, dados kagunganipun. Minangka umat kagunganipun, Panjenenganipun mboten badhé négakaken kita. Panjenenganipun tansah mirsani lan njampangi kita sedaya. Punapa kémawon ingkang kita tindakaken, kita lampahi, mboten naté badhé uwal saking pamirsa lan pangrimatipun Allah. Gusti Allah karsa cawé-cawé ing sedaya pakaryan kita. Sang juru Mazmur nerangaken pakaryan ingkang katindakaken déning Gusti tumrap manungsa sacara ngéram-éramaken. Sang Juru Mazmur paring pangandika: “Pangéran Yéhuwah maspaosaken saka ing swarga, lan mirsani sakèhing anaké manungsa; saka ing padalemané nguningani sakèhing isiné bumi. Kabèh padha diwangun atiné, sarta digatosaké apa sapanggawéné” (ay. 13-15). Punapa ingkang katindakaken déning Allah, saèstu ngéram-éramaken lan kebak ing kawigatosanipun. Namung kémawon, punapa kita manungsa saèstu kanthi temen-temen nimbangi kawigatosanipun Allah ingkang mekaten punika? Inggih wonten ing mriki kita ningali prekawis gesangipun manungsa. Raos ajrih, miris lan sakpanunggalanipun kelampahan wonten ing gesangipun manungsa awit manungsa mboten nanggapi lan ngraos-ngraosaken rawuhipun Allah ingkang makarya ing tengah-tengahing gesang kita. Manungsa asring pados margi sanès kanggé ngrampungaken sedaya prekawising gesang ingkang sinandhang.

Sang Juru Masmur ugi nyariosaken bab kados pundi manungsa nyupèkaken Allah sarana anggènipun pados margi sanès ingkang béda. Sang Juru Mazmur paring conto ngéngingi jaran. Jaran mujudaken sato kéwan ingkang trengginas lan cepet plajengipun, satemah saged dados titihan kanggé perang. Jaran saged kanggé ngibarataken kekiyatan ingkang dipun darbèni manungsa. Jaran ugi saged kita mangertosi minangka pirantos ingkang nuwuhaken raos ayem tumrap manungsa. Nanging sedaya kalawau namung nglaha kémawon, mboten saèstu saged mitulungi kita. Kéging punapa? Awit inggih namung Gusti piyambak ingkang dados sumbering pitulungan kita. Namung kémawon, kados pundi caranipun Gusti mitulungi kita? Sang Juru Mazmur ngandika: “Lan paningalé Sang Yéhuwah nguningani wong kang padha wedi marang Panjenengané” (ay. 18). Kanggé mangertosi maknaning pangandikanipun Sang Juru Mazmur “...wong kang padha wedi marang Panjenengané”, saged kita gambaraken kados tiyang ingkang mèh kèrem ing toya. Tiyang kalawau mboten saged nglangi. Ingkang saged katindakaken mboten wonten sanès kajawi pasrah lan nengga pitulunganipun tiyang sanès. Nalikanipun pikantuk pitulungan, piyambakipun ugi mboten kalilan obah miturut pikajengipun piyambak. Piyambakipun kedah manut kémawon dhumateng juru pitulungipun. Inggih mekaten punika ingkang mesthinipun kelampahan ing salebetung gesang punika. Ing salebetung nglampahi gesang, kita prelu sumarah dhumateng Panjenenganipun ingkang murba gesangipun manungsa. Ing tembungipun Sang Juru Mazmur, kita prelu mandeng ing Allah kados dene Allah ugi sampun langkung rumiyin mirsani lan migatosaken kita.

Lumantar Jabur Mazmur 33: 12-22 kita sedaya kaèngetaken bilih namung sarana ajrih asih dhumateng Gusti, dalah sumarah lan masrahaken sawetahing

pangajeng-ajeng kita kémawon ingkang anjalari kita sedaya kiyat lan santosa. Gusti Allah tansah asih dhateng saben tiyang ingkang ajrih asih saha masrahaken sawetahing pangajeng-ajengipun dhumateng Panjene-anganipun. Gusti Allah ugi badhé tansah paring pangrimat dhumateng sedaya tiyang ingkang nyumèndhèkaken gesangipun wonten ing panguwaos lan pangrèhipun Pangéran.

## **7. PEPUJÈNING UMAT**

**“ALLAH YÉKU PANGÈN KULA”**

(KPJ 102: 1, 2,5)

- |  |   |
|--|---|
| 1) Allah yéku pangèn kula  | 2) Kula tansah dènayomi,<br>kang gung sih tresnanya.              |
|  | mila ayem yekti;<br>kula tansah rinimatan<br>srana gung kadarman. |
|  | tinuntun ing margi adi,<br>wit asmané Gusti.                      |
| 5) Kula rinoban kabegjan<br>salamining gesang,<br>saha manggèn lan memuji<br>ing dalemé Gusti. |   |

## **8. PANDONGA SYAFAAT**

## **9. PEPUJÈN PANUTUP**

**“AMUNG KUMANDEL IKU**

(KPJ 106:1-3)

- 1) Amung kumandel iku uwiting karosanku.  
Amung kumandel iku etuking kraharjanku  
*Reff.:*  
*Aku datan kuwatir, Pangéran pepujanku*  
*Allah dadi kraharjanku, uwiting karosanku*
- 2) Amung pracaya iku kang mbungahken driyaku.  
Amung pracaya iku panglipuring batinku. *Reff.:*

3) Srana pangandel iku ngilangken prihatinku.

Srana pracaya iku sirna was-sumelangku

*Reff.:*

[KYN/YTD]

**Pakempalan Pandonga 8**

*Waosan Kitab Suci:  
Lelakone Para Rasul 9:1-18*

**GESANG ING  
SALEBETING  
PATOBAT**

**1. WEKDAL ENING****2. PEPUJÈNING UMAT**

“SUCI, SUCI, SUCI”  
(KPJ 28:1-3)

- 1) Suci, suci, suci pinuji Hyang suci.  
Allah Mahamulya kang jumeneng Raja.  
suci, suci, suci pinundhi Hyang Widi  
titah sadaya memuji samnya
- 2) Suci, suci, suci, pujining pra suci  
angumandhang sora ngèbeki akasa.  
Pra mlaékat sami sujud angabekti,  
ngidung tan kendhat mring Kang Mengkurat.
- 3) Suci, suci, suci, Allah Mahasuci.  
Gumuruhing kidung nggunggung/nggunggung Gusti.  
Tetalesing bumi gonjing déning puji.  
Pra makhluk wrata girang memuji.

**3. PANDONGA WEDHARING SABDA****4. PEPUJÈNING UMAT**

“ANÈNG NGARSANÉ GUSTI”  
(KPJ 45:1-3)

- 1) Anèng ngarsané Gusti, binuka isining kalbu.  
Sanyata najis uripku, anèng ngarsané Gusti

- 2) Anèng ngarsané Gusti, tansah tetéla luputku.  
Mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.
- 3) Anèng ngarsané Gusti, rumangsa ringkikh lan semplah.  
Reribed lan nyawa lungkrah, anèng ngarsané Gusti.

#### **4. PAMAOSING KITAB SUCI: LELAKONÉ PARA RASUL 9:1-18**

#### **5. PEPUJÈNING UMAT**

**“MARA WONG DOSA MAREKA”**  
(KPJ 84:1,3)

- 1) Mara wong dosa, wong cilaka,  
mareka mring Gusti Pamarta;  
temah binirat dosanira, krana gunging sihnya.  
*Reff.:*  
*Saiba karaharjanira, yèn sira wus manjing pracaya,  
sinung begja ing gesangira, uwal sing antaka.*
- 2) Bocah uga ya dènkasihi; mula sowana ngarsèng Gusti,  
mrih dadya putra prasetyannya, krana gunging sihnya.  
*Reff.:*
- 3) Aja semaya, gya mareka, wit tan ngerti praptaning pati.  
Gusti ngantya mring tobatira, krana sih-rahmatnya.  
*Reff.:*

#### **6. PANYURAOSING SABDA**

**“GESANG ING SALEBETING PITOBAT”**

Rasul Paulus punika èstunipun tiyang Yahudi ingkang lair wonten ing kitha Tarsus. Kinten-kinten piyambakipun lair ing tahun-tahun wiwitan ing abad sepisan (I), inggih punika ing antawisipun 5-10 tahun saksampunipun Gusti Yésus miyos. Sewaunipun anama Saulus, saking suku

Benyamin lan dados anggotaning golongan Farisi ingkang ndarbèni watak lan paugeran kaku ing salebeting agami Yahudi. Mila Rasul Paulus ugi nggadhahi sikep sèntimèn dhumateng agami ingkang dipun ugemi. Kadosdéné warga masyarakat Yahudi umumipun, Saulus mboten saged nampèni wawasan kapitadosanipun para pandhèrèkipun Yésus Kristus tiyang Nazaret, ingkang ngakeni bilih Yésus Kristus punika pinitados dados Sang Mesih. Saulus nanggapi kanthi raos memengsahan dhumateng para pandhèrèkipun Yésus. Kanthi sedaya kasagedan lan kekiyataniipun, Saulus mbudidaya nyigeg piwulangipun Yésus. Adhedhasar palilah ingkang kaparingaken déning para pangarsaning masyarakat Yahudi, Saulus mbujeng lan nganiyaya para pandhèrèkipun sang Kristus kanthi kejem.

Sanadyan Saulus kagulawenthah ing satengahing masyarakat Yunani, piyambakipun ugi tetep nggegesang padat-pakulinaning agami Yahudi ingkang pinanggih ing dhiri pribadinipun. Saulus ugi kalebet tiyang ingkang nggadhahi pengalaman pasinaon ingkang inggil, lan wasis ing salebeting olah pidhato. Pengalaman pribadi ingkang dados jalaran dumadinipun éwah-éwahaning gesang pribadinipun inggih punika anggènipun pinanggih kaliyan Yésus ingkang katangèkaken saking antawisipun tiyang pejah, nalikanipun nembé lumampah tumuju dhateng Damsyik. Ing salebeting lampah kalawau, sakdèrèngipun lumebet ing kitha, Saulus pinanggih kaliyan Yésus ingkang sewaunipun sampun kaaniaya. Wiwitanipun, Saulus lumebet kitha Damsyik kanthi ngugalaken dhadhanipun, saperlu nyepengi lan nganiyaya tiyang-tiyang ingkang ngambah marginipun Gusti. Nanging samangké, piyambakipun kedah lumebet dhateng kitha kanthi pitulunganipun tiyang sanès, awit piyambakipun dados wuta. Éramipun, Gusti kepareng ngagem tiyang ingkang mesthinipun badhé dados kurbanipun Saulus, malah lajeng dados juru pitulungipun Saulus ingkang wuta punika.

Inggih pepanggihanipun kaliyan Gusti punika ingkang èstunipun dados pambereg anggènipun masrahaken gesangipun dados rasulipun Gusti. Lelampahan punika sampun kuwawi malik gesangipun Saulus kanthi temen-temen. Ingkang sewaunipun badhé nganiaya

Para pandhèrèkipun Sang Kristus, samangké malik dados rasulipun Gusti. Malah mboten namung punika kémawon, piyambakipun malah martosaken bab Gusti Yésus ing pundia panggènan. Lelampahanipun Saulus ingkang mekaten punika ndadosaken éramipun tiyang kathah. Saulus ingkang sewaunipun dados juru panganiaya para pandhèrèkipun Sang Kristus, samangké kapiji dados utusani-Pun ingkang tansah martosaken bab Gusti Yésus.

Pancèn pitobat punika sakwetahipun mujudaken peparing lan pakaryanipun Allah piyambak dhumateng manungsa. Saulus piyambak mboten naté ngrancang pitobatipun piyambak. Saksampunipun sacara pribadi pinanggih kaliyan Gusti ingkang sampun wungu saking antawisipun tiyang pejah, piyambakipun inggih lajeng ngalami éwah-éwahaning gesang ingkang ageng. Katimbalan dados pandhèrèkipun sang Kristus ateges katimbalan kanggé mratobat. Nalika sacara pribadi kita sami pinanggih kaliyan Sang Kristus, mila kita mesthinipun ugi nglampahi gesang tumuju ing kasaénan ingkang linangkung.

Éwah-éwahaning gesang ingkang lair saking pitobat, sanès namung éwah-éwahan sakpéranganing gesang kémawon, nanging éwah-éwahan gesang sakwetahipun. Saking gesang ingkang kawengku ing dosa, éwah dados gesang ingkang kebak raos setya tuhu dhumateng Allah. Punika saged kawujudaken sarana anggèn kita ngéwahi adat pakulinan ingkang awon, ingkang mboten dados renaning galihipun Gusti.

Punapa tiyang-tiyang ingkang sampun pitados dhumateng Gusti Yésus ugi prelu mratobat? Sanadyan

sampun dados kagunganipun sang Kristus, umatipun Gusti taksih saged dhumawah ing dosa. Inggih karana mekaten mila Sang Roh Suci anyarengi gesang kita supados tansah nglengganani kawontenan kita ingkang ringkikh punika. Suwantenipun Sang Roh Suci mesthi badhé ndadosaken manungsa ingkang gesang ing salebeting dosa rumaos nalangsa. Mekaten ugi tiyang ingkang sami nalangsani dosanipun ugi badhé mirengaken suwantenipun Sang Roh Suci ingkang badhé nuntun lampah gesang tetep ing margi ambah-ambahanipun Pangéran, manut miturut Sabdanipun.

Ing satengahing panggesangan kita samangké, Sang Roh Suci tetep makarya nuntun kita lumebet ing gesang suci, ing antawisipun sarana nedahaken dhumateng kita margining pitobat nalikanipun kita dhumawah ing dosa. Sang Roh Suci badhé tansah mbereg kita sedaya tansah nelangsani dosa-dosa kita lan sami kabereg gesang ing salebeting patobat.

Pramila, sumangga kita sami mbuka manah kanggé nampèni rawuhipun Sang Roh Suci ingkang badhé tansah ngeneraken kita lumampah manut miturut karsanipun Allah.

## **7. WEKDAL ENING**

## **8. PEPUJÈNING UMAT**

**“AKU TAN NATÉ MANGERTI”**

(KPJ 155: 1-3)

- 1) Aku tan naté mangerti kapan begja cilaka,  
mung tansah pasrah mring Gusti, yéku Pamarta setya.  
Mantep pracaya ing ati manut rèh lan sabdanya.  
Tinuntun dumugèng janji mring kasampurnan swarga.
  
- 2) Aku asring tan mangerti karsèng Allah Makwasa.  
Donga panyuwuning ati tan kajurungan mulya.  
Nging yektiné, Gusti ngantri; astanya tansah ngreksa.  
Dé panuntuning Roh Suci, sirna pangrèhing dosa.

- 3) Urip ing pangrèhé Gusti, tan ana pangrèh liya.  
Kasarasan lan rejeki, wuwuhing sih-nugraha.  
Rancangan tinata tliti, pratandhaning sutresna.  
Aku tan kwatir, tan wedi, mung begja kang pinanggya.

## 9. PANDONGA SYAFAAT

### 10. PEPUJÈNING UMAT

“URIP KANG SAMESTHINÉ”

(KPJ 186: 1-3)

- 1) Urip kang samesthiné, lamun tansah ngucap sokur,  
Nèng ngarsané Sang Kristus, tan pantes takabur.

*Reff.:*

*Jroning susah lan bungah sadhèngah kaanan,  
Aku angidung memuji sokur, yéku karsa-Nya!*

- 2) Nadyan prahara nempuh sarta ombak anyempuyuh,  
aku trus muji sokur, konjuk mring Gustiku.

*Reff.:*

- 3) Kanggo apa uripmu, lamun tanpa ngucap sokur?  
Kristus dadya Panebus, pasrah kanthi tulus.

*Reff.:*

[NT/YTD]

**Pakempalan Pandonga 9**

*Waosan Kitab Suci:  
Purwaning Dumadi 50:15-21*

**“PREKAWIS  
NGAPUNTENI LAN  
MULIHAKEN”**

**1. WEKDAL ENING****2. PEPUJÈNING UMAT**

KULA NGATURKEN SEMBAH

KPJ 11:1-3

- 1) Kula ngaturken sembah, dhuh Pangéran Yéhuwah,  
nggunggung asma Paduka Kang Maluhur Mamulya;  
Gustining makluk samya, klayan bingahing driya
- 2) Dhuh, Sang Yéhuwah, Gusti. Paduka kula puji,  
ing dalu dalah rina. Agung sih kawlasanta,  
lubèr berkah Paduka tumrah mring titah wrata.
- 3) Dhuh, Yéhuwah Pangéran, kawula ngidung girang.  
Wit sih-rahmat Paduka, kula samya waluya,  
luwar sing rèhing pati sinungan gesang yekti.

**3. PANDONGA PAMBUKA****4. WACANA PAMBUKA***(Pangarsa maosaken pambuka)*

Manungsa punika ndarbèni pérrangan badan wadhag, lan batin. Badan wadhag punika pérrangan ingkang saged dipun tingali kadosta blegering badan, tangan, suku, sirah, kulit lan sapiturutipun. Déné pérrangan batin, mboten saged katingalan, nanging saged karaosaken kadosta nalar, émosi, raos pangraos lan sakpiturutipun. Pérrangan badan

wadhag saged ngalami tatu, mekaten ugi batin ugi saged ketaton. Badan saged ketaton awit prekawis-prekawis ingkang ugi kasat mata kadosta ngalami cilaka ing margi, tindak grusa-grusu, gelut, perang lan sanès-sanèsipun. Déné batin ugi saged tatu karana naté ngalami kasedhihan ingkang linangkung ing wekdal kapengker, ingkang tetep sinimpen ing alam sanubarinipun, tanpa saged karaosaken kanthi wéla-wéla ing wekdal samangké.

Ingkang dados jalaran tiyang ngraosaken tatuning batin, asring mboten saged dipun mangertosi kanthi gampil, awit sinimpen rapet wonten ing alam sanubari ingkang mboten saèstu dipun lengganani (ing alam bawah sadhar). Èstunipun, sami kaliyan tatuning badan wadhag, batinipun manungsa ugi dipun praboti déning alat kontrol mangertosi bilih nembé nandhang sakit batin. Tuwuhipun raos strèss, ajrih, ketar-ketir, lan sapanunggalanipun èstunipun mujudaken pratandha makaryanipun alat kontrol kalawau. Émanipun, kita asring nyepèlèkaken tandha-tandha makaryanipun alat kontrol kalawau. Sami kados déné tatuning badan wadhag ingkang mboten dipun obati saged anjalari tuwuhipun infèksi, mekaten ugi tatuning batin ingkang mboten kaobatan ugi saged nuwuhaken raos ngendhem sengit, nepsu, sakit ing manah, raos cuwa, gampil rumaos dipun pepoyok, raos lepat, raos ajrih, sedhiih lan sapiturutipun. Menawi punika sedaya sinimpen ing salebetung manah tanpa kaobatan, saged kémawon anjalari tiyang kécalan greget gesang lan kepéngin ngayut tuwuh kémawon. Tatuning batin ingkang mekaten punika badhé terus tuwuh lan ngrembaka ing salebetung manah, ngantos wekasnipun mbradhal pados margi medal awujud gangguan-gangguan kajiwani, sami kadosdéné gunung ingkang nyimpen lahar ingkang saged anjalari mbledhosine gunung.

## 5. PEPUJÈNING UMAT

DUH ALLAH NYAWA KAWULA NGANTOS-ANTOS

KPJ 47:1-3

- 1) Dhuh Allah, nyawa kula ngantos-atos Paduka  
Mugi pitedah Paduka kaparingna mring kula.  
Tetiyang kang mengahi énggala sumingkir ugi,  
wit Paduka pribadya sumber pitulung kawula.
- 2) Dhuh Allah mugi ngèngeti mring sih-palimirmanta.  
wiwit rikala Yéhuwah nglubèraken aksama,  
karsa ngluwari kula nebihken sagunging dosa.  
Krana sih-kadarmanta, nyawa kawula rîneksa.
- 3) Allah Maadil Mamirah tan ngegungken bebendu.  
Tiyang kesasar ing lampah tinuntun tobat sèstu.  
Déné tyang lembah-manah tinuntun ing margi yekti,  
awit margi puniki setya kadarmaning Gusti.

## 6. PAMAOSING KITAB PURWANING DUMADI 50:15-21

## 7. PEPUJÈNING UMAT

ALLAH MAHAKWASA JUMENENG PAMARTA

KPJ 69:1,3

- 1) Allah Maha kwasa jumeneng Pamarta,  
sèstu gung tresnanya, angruwat dosa.  
Salir tyang pracaya lamun tansah setya  
luwar sing antaka, mlebet mring swarga.

*Reff.:*

*Sung sembah puja konjuk Sang Rama,*

*kang paring nugraha tentrem raharja.*

*Sung sembah bekti konjuk mring Gusti,*

*kang sampun nyawisi kamulyan swargi.*

- 3) Gusti Mahaagung kang paring pitulung,  
nglipur manah sisah mrih datan semplah.

Njangkung kagungannya, temah tansah begja,  
gesang mursid yekti dumugèng janji.

*Reff.:*

## 8. PANYURAOSING SABDA

### “PREKAWIS NGAPUNTENI LAN MULIHAKEN”

Saged mangertosi kalepatanipun asanès, lan purun ngapunteni tiyang ingkang nindakaken kalepatan kados mekaten punika, saged anjalari kita sangsaya kiyat kanggé nglajengaken lampah gesang kanthi katresnan.

Wonten satunggaling cariyo singkang kelampahan wonten ing Afrika Sisih Kidul mekaten:

Matahun-tahun laminipun bangsa kulit pethak mapan wonten Afrika sisih kidul lan nindakaken panindhés ingkang kejem dhumateng bangsa kulit cemeng. Punika ingkang nami politik Apartheid. Nalikanipun politik *Apartheid* kapeksa mandheg, mboten saged lumampah malih, Nélon Mandéla, saking bangsa kulit cemeng pinitados nampi panguwasa dados Présidhèn. Minangka Présidhèn, Nélon Mandéla, mboten migunakaken panguwaosipun kanggé males raos ngendhem sengit dhateng bangsa kulit pethak. Kosok wangslipun, piyambakipun malah ngedegaken satunggilan bebadan anama *Truth and Reconciliation Commission (Badan Kaleresan lan Pirukunan)*. Sok sintena tiyang ingkang rumaos naté nindakaken kalepatan, nindakaken tumindak ingkang kejem, ingkang saged nuwuhaken tatunipun batin tumrap bangsa kulit cemeng, kajab saged ndhatengi Bebadan punika, saperlu ngakeni sedaya kalepatanipun satemah badhé kaparingan apunten.

Ing satunggaling dinten, wonten satunggiling polisi kulit pethak, andhatengi bebadan punika saha ngakeni kados pundi piyambakipun kanthi sikep ingkang kejem nyiksa satunggiling “aktifis” kulit cemeng, lan punika

katindakaken wonten ngajenging sémahipun tiyang kulit cemeng kasebat. Saksampunipun ngakeni sedaya kalepatanipun ing ngajengipun randha kulit cemeng kalawau, polisi kasebat gemeter awit ngraosaken raos ajrih ingkang ngéram-éramaken. Mbok randha kalawau lajeng ngadeg saking palenggahanipun, lan nyaketi polisi kalawau. Polisi kasebat sampun nggraita, bilih mbok randha punika mesthi badhé males raos ngendhem sengitipun kanthi mejahi piyambakipun. Nanging kosok wangslipun, ingkang katindakaken déning mbok randha kalawau jebul ngrangkul polisi kalawau kanthi ngucap: “wonten ing sang Kristus, kula ngapunteni sampéyan”.

Ngapunteni, èstunipun dados satunggiling cara kanggé ngobati tatuning batin.

Yusuf ugi ndarbèni pengalaman gesang ingkang rekaos ing wekdal kapengker. Sedhèrèk-sedhèrèkipun piyambak sampun nandukaken sikep memengsahan, malah ugi nindakaken tumindak ingkang saged andhatengaken pejah tumrap dhiri pribadinipun. Sami kados déné tiyang kathah, ingkah ngraosaken tatuning batin karana pengalaman ing wekdal kapengker ingkang mboten saé, semanten ugi Yusuf ugi saged ngraosaken tatuning batin. Éwa semanten, gesang ing kapitadosanipun dalah pengalaman gesangipun tetunggilan kaliyan Gusti, sampun maringaken piwulang ingkang aji bilih sedaya pengalaman ingkang mboten saé lan saèstu natoni manah ing wekdal kapengker punika, malah saged kaagem déning Gusti mratélakaken rancanganipun ingkang éndah ing tembé wingkingipun. Mila awit saking punika, nalikanipun Yusuf ndarbèni sagunging panguwasa ingkang saged dados sarana kanggé males raos ngendhem sengitipun dhateng para sedhèrèkipun, Yusuf mboten nindakaken pamale ingkang mekaten punika. Kosok wangslipun Yusuf karsa ngapunteni lan nampèni kanthi tulusing manah sedhèrèk-sedhèrèkipun. Inggih tumindak ngapunteni punika

ingkang sampun saged nyarasaken dalah mulihaken Yusuf saking sedaya tatuming batin.

Nalika kita sami ngaturi Sang Roh Suci rawuh lan makarya ing salebetung manah kita, kita ugi badhé kasagedaken ngapunteni tetiyang ingkang naté ndamel batos kita sakit.

## **9. BAGÉ RAOS**

(*Ingkang sami kempalan kaaturan wekdal kanggé mbagé raos bab pengalaman wekdal kapengker ingkang saged ugi sampun anjalari tatuming batos. Lumantar bage raos punika kaajab sami saged sinau bab ngapunteni. Saksampunipun punika, ingkang sami kempalan sageda ndedonga sacara pribadi saperlu nyuwun kekiyatana saking Gusti supados saged ngapunteni sinten kémawon ingkang kalepatan).*)

## **10. PANDONGA SYAFAAT**

### **11. PEPUJÈNING UMAT**

**ROH SUCI ROH SEJATI**  
(KPJ 287: 1-3)

- 1) Roh Suci Roh Sejati, mugi rawuh ing ati Ngénggalna manah kula, mrih ing lampah prayoga, setya bekti mring Gusti, wah asih mring sesami. wit panuntun Paduka, gesang kula sembada.
- 2) Dhuh Roh Suci, Roh Allah, anyantosakna manah. Lamun karoban sisah, tatag, tanggon, tan semplah. Manggul salibing Gusti, martosken Injil Suci. Wit panuntun Paduka, gesang kula sembada.
- 3) Dhuh Roh Suci, Roh Kristus, nuwuhna manah tulus; andum berkah kabegjan, tan mawang mring salir tyang, temah tentrem-raharja, sumrambah mring sesama. Wit panuntun Paduka, kula gesang sembada.

[CKL/YTD]

**Pakempalan Pandonga 10**

*Waosoan Kitab Suci:  
Mazmur 23*

**ROH SUCI  
NDAMEL GESANG  
KITA KEBAK  
MAKNA**

**1. WEKDAL ENING****2. PEPUJÈNING UMAT**

“GUSTI, SÈSTU KULA TRESNA”

KPJ 114: 1-2

- 1) Gusti sèstu kula tresna, dhumateng Paduka  
Kula masrahken manah, badan dalasan nyawa  
Paduka kang agung sih, ingkang sampun menang  
Saèstu kula pasrah, dhumateng Paduka.

*Reff.*

*Kula tresna, dhateng Gusti,  
wit Gusti sampun nresnani kawula  
Kula sèstu tresna Gusti,  
wit Gusti sampun nresnani kawula.*

- 2) Gusti anandhang sangsara, ngrembat dosa kula  
Ngantos sinalib séda, karana gunging tresna  
Mila kawula pasrah, klayan trusing manah  
Dhawuh-Nya kula pundhi, nresnani sesami.

*Reff.*

**3. PANDONGA****4. PAMAOSING JABUR MAZMUR 23**

(Saged kawaos déning pamaos ingkang kapiji, utawi  
kawaos imbal-imbalan)

**5. PEPUJÈNING UMAT**

**“ALLAH YÉKU PANGÈN SATUHU”**

KPJ 103: 1-2

- 1) Allah yéku pangèn satuhu,  
pangrèh-Nya nentremken kalbu  
Kula tansah rinimatan, srana sagunging kamirahan.

*Reff.:*

*Ing juranging pati, tan wedi bilahi,  
wit Gusti pribadi, kang nganthing  
Nadyan mengsah kathah,  
manah datan semplah, wit berkah-Nya rumentah  
Mung kabegjan, saha kadarmen,  
ngiring salamining gesang  
Sarta kula badhé manggèn tansah  
ing dalemé Sang Yéhuwah.*

- 2) Ayem manah lan nyawa kula, ing ayome sihé Gusti  
Sarta tinuntun asta-Nya, ing kayektosan kang sejati

*Reff.:*

**6. PAMAOSING KITAB SUCI: LELAKONÉ PARA RASUL  
7:55-60**

**7. PEPUJÈNING UMAT**

**“SANG ROH SUCI MUGI PARENG”**

KPJ 289:1-2

- 1) Sang Roh Suci mugi pareng anedhaki tyas kula  
Dimèn atentrem rahayu kapenuhan ing tresna.

*Reff.:*

*Dhuh Gusti kang setya, Paduka kula ndelaken  
Mugi pareng nedhakaken, Roh Suci ing tyas kula  
Gusti, mugi nucèkaken tyas kula.*

- 2) Sumangga cahya Paduka, amadhangna tyas kula  
Mugi pepetenging dosa, binirata sadaya.

*Reff.:*

## 8. PANYURAOSING SABDA

### “ROH SUCI NDAMEL GESANG KITA KEBAK MAKNA”

Lelakané Para Rasul 7: 55-60 nyariosaken kados pundi wusaninan gesangipun Stéfanus. Saking dhiaken cacah 7 nalika semanten, Stefanus kalebet salah satunggiling dhiaken ingkang pinilih saking antawisipun para umatipun Gusti. Para dhiaken punika piniji supados suka kawigatosan mirungan dhumateng ayahan dhiakonia. Para Rasul piyambak nalika semanten, sampun rumaos kacipuhan awit agenging tanggel jawab martosaken Injilipun Gusti. Awit saking punika, para rasul kasebat ngersakaken supados pasamuwan miji para dhiaken ingkang sacara mirungan dipun bebahi tanggel jawab nindakaken ayahan dhiakonia, kalebet ugi migatosaken para randha ing salebeting pasamuwan. Para dhiaken punika lajeng sami kadongakaken dalam katumpangan asta déning para rasul sakdérèngipun sami ngayahi jejibahan lelados ing babagan diakonia. Para dhiaken punika kapilih sacara *demokratis*, nanging ugi sacara *teokratis* adhedhasar paugeron ingkang sarwi “prasaja”, inggih punika tiyang ingkang kapiji kedah dumadi saking tiyang-tiyang ingkang saé bebudènipun, saha ingkang kapenuhan ing Roh Suci.

Minangka dhiaken, Stéfanus ugi martosaken Injil. Saklebeting ngayahi jejibahanipun, Stéfanus ugi nindakaken manékawarni mujizat lan tandha ing sangajenganipun tiyang kathah. Piyambakipun ugi kathah nyarasaken tiyang sakit dalam tiyang ingkang sami kerasukan. Émanipun, mboten sedaya tiyang Yahudi saged nampèni peladosanipun. Malah sawetawis tiyang saking warga masyarakat Yahudi, inggih punika, warga pasamuwan Libértini, ndakwa Stéfanus dados juru

pamblasar, lan ngadhepaken Stefanus wontening ngarsanipun Mahkamah Agami.

Lelakoné Para Rasul 7: 1-53 nyariosaken pambélanipun Stéfanus wonten ngarsanipun Imam Agung ing saklebeting sidhang Mahkamah Agami. Kanthi kebak raos kendel, Stéfanus nyeksèkaken kados pundi Allah ndhapuk bangsa Israël wiwit saking timbalanipun Abraham ing Mésopotamia, luwaripun saking pangawulan Mesir lumantar tuntunanipun Musa, ngantos madegipun tiyang-tiyang Yahudi ing wekdal semanten. Stéfanus ugi nyeksèkaken kados pundi bapa leluhuripun bangsa Israël sami nglawan Gusti Allah satemah sami kabucal ing tanah pambucalan Babél, kados pundi bangsa punika sami mejahi para nabi, lan wusananiipun nampik utusanipun Allah ingkang leres, inggih punika Yésus ingkang sampun kasédanan sinalib ing wekdal dèrèng dangu kapengker. Saklajengipun, ing pérrangan Kitab Suci ingkang kawaos punika, Lukas minangka panyeratipun Kitab Lelakoné Para Rasul, nyariosaken bilih pambélanipun Stéfanus punika anjalari muringipun sawetawis anggotaning Mahkamah Agami. Tiyang-tiyang punika sami mbengok sora, nutupi talinganipun, ngrangsang, nyèrèt lan wusananiipun ngrajam Stéfanus ing saknjawining kitha.

Stefanus séda rinajam séla. Lukas nyerat tambahan cekak, inggih punika bilih wonten nèm-nèman anama Saulus, ingkang nyeksèni lelampahan kalawau, lan ugi nyarujuki bilih Stéfanus pantes nampi pidana pejah. Awit saking sih nugrahanipun Pangéran ingkang ageng, tembé wingkingipun Saulus tinimbalan dados rasulipun Gusti Yésus Kristus kanthi nama anyar Paulus. Lumantar Paulus, Injilipun Gusti sumebar ing wewengkon ingkang sangsaya jembar.

Stéfanus séda rinajam séla. Punapa punika pejah ingkang “*tragis*” sipatipun? Sakpandurat saged kémawon menawi pejahipun Stéfanus kaanggep pejah ingkang “*tragis*”. Éwa semanten, pejahipun Stéfanus punika èstunipun ngandhut teges ingkang ageng. Kéging punapa? Ing Lelakoné Para Rasul 7: 54-60 kawartosaken sawetawis pratandha. Stéfanus pejah karana martosaken Injilipun Gusti. Piyambakipun nembé mempeng nindakaken ayahan lelados ingkang mulya. Awit saking punika, pejahipun Stéfanus pikantuk renanipun Gusti. Stéfanus ingkang kapenuhan déning Roh Suci punika ugi kaparingan nugraha nyeksèni kamulyanipun Allah lan Gusti Yésus ingkang jumeneng ing sisih tengenipun Allah. Wusananiipun Stéfanus pejah saksampunipun ndedongga. Piyambakipun masrahaken rohipun dhumateng Allah sinarengan pangwuhipun ingkang sora: “Dhuh Gusti, dosa punika mugi sampun Paduka tempuhaken dhateng tiyang-tiyang punika”.

Sang Roh Suci nyagedaken Stéfanus maknani gesangipun ing saklebeting gesang pitados dhumateng Gusti Yésus. Roh Suci ingkang sami, ugi nembé makarya lan teras badhé makarya ing gesangipun para umat ingkang sami pitados. Roh Suci sampun ndadosaken Stéfanus kuwawi ngadhepi pameteging gesang ingkang awrat. Malah awit saking pakaryanipun Sang Roh Suci ugi, Stéfanus kanthi kebak kakendelan ngadhepi pepejah, awit pejahipun pancèn saèstu ndarbèni teges ingkang ageng. Roh Suci ndadosaken Stéfanus pitados bilih saé gesang punapa déné pejah ing asmanipun Sang Kristus, badhé tansah ndarbèni teges ing ngarsanipun Gusti.

Lumantar Stéfanus, kita sami sinau kanggé mbikak manah lan ngraosaken pakaryaning Rohing Gusti. Samia pitados, bilih Panjenenganipun rawuh ing salebeting gesang kita

sami, ing sedaya prekawis ingkang nembé kita lampahi.  
Roh Suci punika ingkang anjalari gesang kita kebak makna.

## **9. mBAGÉ RAOS**

*(Ingkang sami kempalan kaaturan wekdal kanggé bage raos bab pengalaman kados pundi Roh Suci maringi manah ingkang kiyat, ngantos saged ngraosaken kiyat nalikanipun nembé sulayah, panglipuran nalikanipun nembé nandhang sedhih. Saksampunipun bagé raos kasuwun ingkang sami kempalan donga dinonga setunggal lan setunggalipun.)*

## **10. PANDONGA**

### **11. PEPUJÈNING UMAT**

SANG ROH SUCI, ROHING KATRESNAN

(KPJ 292: 1-2)

- 1) Sang Roh Suci Rohing katresnan,  
nuntuna mring kula slaminya  
Nyingkirna raos pasulayan,  
amrih jagad tentrem raharja  
Ngrukunken tyang kang cecongkrahan,  
mbereg nilar tumindak dosa  
Ngiyatken manah ingkang semplah,  
dhuh Gusti nuntuna mring kula.
- 2) Dhuh Roh Suci Roh kasunyatan,  
nunggila mring kula slaminya  
Mrih babaring karsané Allah,  
wah tobating tyang ambeg siya  
Labuh labet sepi ing pamrih,  
nglawan panindhes klayan sih  
Tan ajrih pepalang rubéda,  
Dhuh Gusti, nunggila mring kula.

[MP/YTD]